11

2012





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

# МАХ ДУГ

11

2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли, КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2012

## НОМЫРЫ ИС:

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Айсет.** Уацау 5

**БУДАЙТЫ МИЛУСЯ: 60 АЗЫ**

*БУДАЙТЫ Милуся.* **Æмдзæвгæтæ, новеллæ** **71**

*КЦОЙТЫ Астемыр.* **Хæдзархæлд** **79**

*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Фæззыгон мæйдары.**
Æмдзæвгæтæ **86**

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

**Аргъæуттæ** **89**

**ДУ ФУ: 1300 АЗЫ**

*Ду Фу.* **Æмдзæвгæтæ** **99**

**ЭЖЕН ИОНЕСКО: 100 АЗЫ**

*Эжен ИОНЕСКО.* **Хъæлдзæг хабар, хъуыдытæ** **105**

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** **118**

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*БАЙАТЫ Гаппо.* **Новеллæтæ, эссе** **128**

**АРВИСТОН** **134**

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци*
*алкæд разы нæ вæййы*

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# АЙСЕТ

*Уацау*

## 1

Изæрырдæм-иу доныбылæй бирæ цæуджытæ уыд. Уымæй – ивуыл сылыстæг. Сæ уæззау тæсчъыты бын-иу агуыбыр уыдаиккой уæлæмæ, хъæумæ. Цыдаиккой æмæ цыдаиккой. Искуы иу сисгæрон балæууу, кæс сæм, æмæ дæм афтæ зынын байдыдтаид, цыма кæддæр зæронд дунейæ рацыдысты, уæдæй нырмæ цæуынц, цæуынц æмæ нæуæг дунемæ нæма фæхæццæ сты.

Æмæ фæфæнд кодта Серæби – цæй æмæ раздæр ацæуа, стæй фæстæмæ дæр раздæр сыздæхдзæн.

Тетрæдтæ, йæ разы куыд лæууыдысты, афтæ сæ фæуагъта стъолыл æмæ дуар йæ фæдыл уæгъд æхгæд ракодта. Æнæуи дæр гуыдыръæвæрæн нæ уыди дуарыл, стæй дзы цæуыл æвæрдтаид гуыдыр?! Кæртæй уынгмæ цы дурамад асин уыд, ууыл ныггæппытæ кодта æмæ уынджы балæууыд. Уынг уыди нарæг, æмæ хъæуæн йæ астæуккаг уынгтæ ивуылдæр афтæ нарæг уыдысты – дыууæ хæрæджы дзы æд уæргътæ кæрæдзи фæрсты нæ ахызтаиккой. Ноджы сæ фæрсты цы дурын къултæ уыд уынгтæн, уыдон дæр сыл цыма мидæмæ хæцыдысты æмæ сæ цыма нарæгдæр кодтой. Слæуу ахæм уынджы астæу æмæ дзæбæх байхъус – кæд нæ

цыди къултæн сæ зæлланг! Уый систæн сæхи зæлланг уыди, æви сæ, кæд амадтой, уыцы дуджы зæлланг баззади – уый зын рахатæн уыди. Серæби-иу лæугæйæ аззади уынджы астæу – хъусыныл-иу фæци уыцы зæллангмæ: цыма йыл цыдæр разæнгард æфтыдта, стæй йæ цыма цыбæл дæр кодта цæмæдæр.

Донибылмæ цы уынг ауырдыг, уымæ ахызт æмæ сулæфыди. Уый иннæ уынгты хуызæн нæ уыди. Уый фæтæндæр уыди иннæ уынгтæй, бирæ фæтæндæр. Цыдæр къуырфгонд ахаста кæфойы хуызæн уым дæлæмæ. Уым дыууæ уæрдоны дæр ахызтаид кæрæдзийы фæрсты, дыууæ машинæйы дæр. Фæлæ Ансалтайы уæрдæттæ нæ уыди, дзоныгътæ дæр дзы нæ уыди, машинætæ дæр, æрмæст дзы хæрджытæ уыди. Алы хæдзарау хæдзармæ дæр – хæрæг. Бирæ хæдзæрттæм та – дыгай хæрджытæ дæр. Суг дæр хæрджытыл хастой, уалæ хъæуысæрмæ цы рагъ ис, уый æдде цы бæрз æмæ кæрзы къохтæ и, уырдыгæй. Ботлихæй, районы хицауад кæм бадти, уыцы стыр хъæуæй исты хæссын кæй хъуыди, уый дæр æй хаста хæрæгыл. Хъæуæн йæхи мидæг хæрæгыл ничи ницы хаста. Уыцы хæссинæгтыл сылгоймæгтæ сæхæдæг æххæстысты. Дыргътæ дæр сæхæдæг хастой сылгоймæгтæ, уым сын донибыл цы гыццыл дыргъдоны гæппæлтæ уыд – сæхæдæг сæ хутыртæ хуыдтой – уырдыгæй.

Лыстæг уисæй быд тæскъ байдзаг кæн дыргъæй, йæ бæттæнты йын дæ цæнгтæ атъысс, дзæкъулы бæттæнты куыд атъыссынц сæ цæнгтæ, афтæ, раккой йæ кæн æмæ дæ иугæндзон сабыр цыдæй араст у уалæ хъæумæ.

Сæ цурты фæцæуыс, уæд дæм сæ хъуамæ алчи дæр æрлæууа, йæ тæскъ дæм базила æмæ дæм узæлгæ бадзура: «босе»! Айс, ома. Æмæ уыйæппæт тæсчъытæй фæйнæ-фæйнæйы куы сисай – кæрдотæ уой, фæткъуытæ уой – уæд иу ахæм тæсчъы куы нæ бацæуудзысты! Сæ разы йæхи бакъултæ кæны Серæби, бахуды сæм, бузныг сæ кæй у, уый сын бамбарын кæны, фæлæ – марадз зæгъай! Цалынмæ уый базона, æмæ йын бавнæлдтай йæ тæскъмæ, уæдмæ лæудзæн. Æмæ æнцон у уый хуызæн фæллад сылгоймагæн уыцы уæззау тæсчъы бын лæууын?!

Ныр афтид уыди уынг, æмæ йæ зæрдæйы фæндиаг цыдтытæ кодта. Дæле донибылæй зынди уыцы цъæх нæууы тæлм, æмæ йæ æрфæндыд, тынг æй æрфæндыд – ам дæлæмæ дæхи ауадз гæппытæ ‘мæ чъыллиппытæгæнгæ, стæй, уыцы нæумæ куы ныххæццæ уай, уæд ыл дзæбæх асæрбихъуырæйттæ кæн! Фæлæ

уый гæнæн нæ уыди. Уый æрцæуæг уыди, Серæби, æмæ æрцæуæг лæгыл афтæ уæгъдибар митæ кæнын не ‘мбæлы – уый æмбæрста. Стæй ма æнæуи æрцæуæг куы уаид, уæддæр цы нæ вæййы! Фæлæ æрвыст куы уай æндæр бæстæй æмæ æрвыст куы уай ахуыргæнæджы куыстмæ, уæд дæ цыд дæр хъуамæ нывыл уа æмæ дæ гæпп дæр. Уый та ахуыргæнæджы куыстыл дæр нæ ныууагътой, фæлæ бавдæлдысты æмæ йæ ахуыры хайы хицауæй сæвæрдтой. Фадат афтæ æркуырдта, æмæ йæ уымæн сæвæрдтой. Цæвиттон, уыцы азы онг скъола авдазон уыди, фæлæ дзы уæд астæуккаг скъола сарæзтой, æмæ йын йæ разамынд ивын бахъуыди – директор дæр æмæ ахуыры хайы хицау дæр педскъола каст фесты æрмæст, æмæ сын астæуккаг скъолайы разамонæг бынæттæ ахсыны бар нæ уыд. Æмæ, дам, ды институт бакастæ, ныллæууыдысты йæм районы ахуыры хайы, фæлтæрд нæ дæ – куыст дæ йæхæдæг сфæлтæрдзæн. Æмæ дзурын ницуал сфæрæзта. Æнæуи йæ нæ фæндыд, куыд æй хъуамæ фæндыдаид – институты дуарæй рагæпп кæн æмæ ахуыры хайы бынаты абад!

Æмæ Хуыцаубон куы ‘рлæууы, уæд ардæм раппары йæхи, кæд æм ам, ацы дзæбæх ран исты дзæбæх хъуыдытæ æрцæуид, куыд куса-цы куса, уый тыххæй. Уæле, хъæуы тыхсгæ кодта – уæдæ æгас стыр хъæуы иу зайæг халыл ма схæцæд дæ цæст! Йе бæлас, йе хæмпæлгæрдæг, йе æнæуи кæрдæг. Уыцы къæйхæдзæрттæ фыцгæ цыма ныккодтой уыцы къæйзæххыл, ныддæвдæг ыл сты. Мæнæ цыма зайгæ æркодтой уыцы хурдæвдæг хохы фахсыл.

Дæле, Ботлихы фæндаг уыцы къуырф уынгмæ йæхи кæм æрбахаста, уым сцæйцыдысты дыууæйæ æмæ джитæнтыл фæци: се ‘ккæйтты тæсчъытæ ма уа, уый гæнæн нæй, æмæ та йæ разы дзыхълæуд куы ныккæной! Фæлæ йын ницы гæнæн уыд, æмæ йæ цыды кой кодта. Уыдонæй иу разæй цыди, иннæ – фæсте. Фæсте чи цыди, уый-иу куы фæзынди, куы-иу нал фæзынди æмæ-иу, куы нал фæзынди, уæд-иу æй агурыныл фæци Серæби – цы фæуыдаид! Уæдмæ йæм сæввахс сты. Раззаг Чакар разынд – цалынмæ йын Лабазан, скъолайы хæдзарады хицау, цæрæнуат агуырдта, уæдмæ цалдæр боны кæмæ ацарди, уыдоны ус. Ныццинтæ йыл кодта Чакар, æмæ уæд йæ цæстытæ дзæбæх æрхæцыдысты, фæсте чи цыди, ууыл дæр – Айсет!

Фыццаг бонæй йæ бахъуыды кодта Серæби. Скъолайы бынмæ

уыцы къулы цы дæргъæй-дæргъмæ тыргъгонд сарæзтæуыд, уым ралæууыдысты скъоладзауæй-ахуыргæнæгæй. Мæхæмæт сын арфæ ракодта, ахуыры аз кæй райдыдта, уый тыххæй. Æмбырд куы фæцис, уæд уыйæппæт скъоладзау ныггуылф кодтой мидæмæ. Мæхæмæт дуарбахизæнæй иуварс слæууыд, æмæ, скъоладзаутæ мидæмæ куыд цыдысты, уымæ каст. Айсет – уæд ын йæ ном нæма зыдта Серæби – уыцы æнæрхъæц бырстæй бырста мидæмæ. Чи зоны, истæмæ тагъд кодта, чи зоны, æмæ йæ æнæуи хъазын дæр фæндыди – анцади, йæ разæй чи цыд, уыдоныл, сывæллæттæ схылы-мылы сты дыууæ тарвазы астæу, мидæмæ сын ницуал æнтысти. Уый худти, Айсет, кæл-кæлæй худти ‘мæ фæйнæрдæм ракæс-бакæс кодта. Мæхæмæт æй куы ауыдта, уæд æм фыццаг йæ къух бадардта, стæй та йæм хъæр бакодта:

– Гъæмæ!*

Æмæ уыйæппæт сабиты астæуæй фездæхта йæ цæсгом чызг, йæ сау цæстыгагуытæ йæм фæцарæзта дыууæ топпы фатау, стæй фæстæмæ дуармæ аздæхта йæ цæстытæ æмæ цыма йе ‘мбæлттæй искæмæ исты дзырдта, уый хуызæн загъта:

– Мун ги гъæмæ!**

Серæби бахизæнæй иуварс лæууыд. Директоры ныхас дæр фехъуыста æмæ чызджы ныхас дæр. Уыцы дзырд цы амыдта, уый дæр зыдта æмæ сагъдæй баззад: уæдæ ма искуы афтæ дæр уыд, æмæ директор уай, стыр цъæх худ дарай æмæ скъоладзау чызджы хæрæг рахонай?! Стæй – цæй тыххæй? Æппындæр ницæй тыххæй! Скъоладзаутыл размæ ахæцыд æмæ сыл уадз æмæ ахæца! Кæмæн сæ цы уыдзæни уымæй? Мур дæр ницы! Æмæ уымæн йæ алы ныхас дæр цæвиттойнаг куы уаид хъуамæ канд скъоладзаутæн нæ, фæлæ æгас хъæубæстæн дæр! Æмæ, дам, гъæмæ! Æмæ йæм æй афтæ аздæхта чызг дæр. Комкоммæ йæм æй нæ аздæхта æмæ йæм, чи зоны, нæ фехъуыст, фæлæ, йæ алыварс чи лæууыд, уыдонмæ дæр нæ фехъуыст? Уоу, худæджы директор æмæ худæджы чызг фæуат!

Серæби, цыма ницы федта, йæхи афтæ ауагъта. Йæ цæсты тигъæй та-иу  Мæхæмæтмæ бакасти. Уый бæрзонд лæууыди æмæ та-иу йæ амонæн æнгуылдзы уырзæй йæ фындзы цъупп адаудта –

* Гъæмæ – хæрæг (солыйаг æвзагыл).

** Мун ги – ды дæхæдæг (солыйаг æвзагыл).

йæ фындз уæлæмæ схъæл уыди, хохаг фындзы хуызæн фындз нæ уыди директорæн. Йæ худ бæрзонд ныккодта ‘мæ уæлæты касти, ома мæ иууылдæр уыной æмæ уæлдай митæ мачи кæна.

Æмæ йæм уый не ‘рбадардзæн йæ тæскъ. Скъоладзау чызг у, цы хъуыддаг æй ис æмæ устыты фæзма!

Чакар цинтæ кодта Серæбийыл, афтæмæй йæм дзургæ-дзурын бадардта йæ тæскъ.

– Босе.

Серæби иу кæрдо систа къалатийæ æмæ хъæрæй, Чакар æй куыд фехъуыстаид, афтæ хъæрæй загъта:

– Баркала.*

Æмæ йæм уæд уый дæр куы ‘рбадарид йæ нарæг фæсонтæ. Тæскъ иуырдæм дæр ахызт чызджы фæсонтæй æмæ иннæрдæм дæр. – Æмæ йæм куы бадзурид, цъиу йе ‘мбалмæ куыд бауаса, уый хуызæн йæ зыланггæнаг хъæлæсæй:

– Босе!

Цы гæнæн уыди! Систа та уый тæскъæй дæр иу кæрдо. Стыр цъупп кæрдотæ уыдысты, æмхуызон кæрдотæ. Иу къухæй хæцæн сыл нæ уыди æмæ сыл дыууæйæ хæцыди. Мæнæ зынзырмен кæй хонынц, уыцы кæрдойы мыггагæй уыдысты, æвæццæгæн.

– Баркала! – загъта та, æмæ, куы араст сты, уæд йæ сæры кæцæй фæмидæг! Авнæлдта æмæ дыууæ кæрдойы дæр Айсеты тæсчъы авæрдта иннæ кæрдоты уæлæ.

Уыдон ацыдысты, уый сæм фæсте касти. Æвæццæгæн, кæрдотæ сусæгæй кæй авæрдта Айсеты тæсчъы, уый тыххæй сæм касти, æндæр æй цы кæсинаг уыди! Чакар разæй цыди, Айсет – фæсте. Размæ агуыбыр сты, иуæй фæндаг хæрд ахаста, иннæмæй – уыцы цъупдзаг тæсчъытæ! Касти сæм, æмæ иу хъуыды æрбафтыд йæ сæрмæ – асура сæ фæсте, райса сæ тæсчъытæ сæ дыууæйæн дæр, йе ‘ккой сæ скæна, хъæуы астæуты сæ бахæсса, кæддæра уым, годекан кæй хонынц, ныхас, уым цы лæгтæ бада, уыдон куыд кæниккой. Фæлæ хорз зыдта, бæстæ куы рафæлдæха, уæддæр нæ ратдзысты сæ тæсчъытæ, æмæ фæндаджы хъæбæрыл цавддурау лæууыд.

Донныбылмæ æххæст нæма ныххæццæ, афтæ бæлæсты бынæй йæ размæ рацыди иу саусæр лæппу.

---

* Баркала – бузныг (солыйаг æвзагыл).

– Лæгтæ дæм дзурынц уартæ, – загъта уый.
– Чи мæм дзуры? – цæхгæр фæлæууыд йæ цæуынæй Серæби.
– Лæгтæ, – загъта та лæппу.
– Кæм?
– Уартæ Умаханты хутыры.
– Цы ми кæнынц?
– Фынгыл бадынц.

Æмæ лæугæйæ баззад Серæби. Чидæр тæдзынæгæй цыхцырæгмæ лыгъд куыд фæци, афтæ рауад йæ хъуыддаг. Ныр бацу æмæ уыдонимæ гъай-уйыл схæц! Умаханы дзæбæх зыдта. Æфсадæй æрæджы æрцыди, нырма даргæ дæр æфсæддон дарæс кæны. Куы фæцæйцæуы, уæд йæ уæззау цырыхъхъыты гыбаргыбур иннæ уынгмæ фæхъуысы. Уымæ бахатдзæн, Умаханмæ, æмæ йын кæд нуазынæй бахатыр кæниккой.

Лæууыд æмæ йæ бакомкоммæ донæн уыцы фарс уыцы æмхæрд къулæй цы айнæджы фахс зынди, ууыл доны цъæхцъæхид уылæн йæхи куыд цавта, стæй æфсæн лæсæнау йæ фæрсты размæ куыд бырста, уымæ касти. Алыхатт дæр-иу æм ардæм куы ‘рцыди, доны былмæ, уæд-иу уымæй райдыдта – уыцы здыхсгæ уæззау уылæн размæ куыд æнæрынцой бырстæй бырста, уымæ-иу кæсгæйæ баззад – уæдæ уыцы æнæскъуыйгæ бырстæй куыд бырсы ‘мæ кæдæм бырсы ‘мæ кæцæй бырсы?! Уæд та гыццыл куыд нæ фæлæууы йæ бырстæй.

Лæппу, Серæби кæдæм кæсы, уый куы федта, уæд загъта хъæрæй:
– Уым-иу Шамил йæхи надта.
– Кæм? – зæрдаивæй бафарста Серæби.
– Уым, – йæ къух уыцы доныздыхсæнмæ адардта лæппу.
– Кæй Шамил?
– Имам Шамил.
– Чи загъта?
– Мæ фыды фыд. Уым-иу Шамил къæдзæхы рæбынты сленк кодта уæлæмæ. Дон дæлæмæ цыд, Шамил – уæлæмæ, – лæппу цъæррæмыхстытæй дзырдта, ардæм куы ‘рцыди, уæд ын йæ ныхас нæ бамбæрстаид Серæби, фæлæ йæ ныр æмбæрста – фæцахуыр и уыцы цъæррæмыхст ныхасыл æмæ йæ æмбарын байдыдта, лæг ног æвзаг куыд ахуыр кæна æмæ йыл цыдæртæ ‘мбарын куыд байдайа, афтæ. Æмæ йæ цæстытыл ауади Серæбийæн: сленк кæны имам уыцы здыхсгæ-уынæргъгæ уылæны,

йæ риу æм ныццарæзта, йæ цæнгтæ дзы атъыссы, æмæ дыууæ дихы кæны уыцы æфсæн уылæн, афтæмæй тæхы дæлæмæ, уый та уæлæмæ сбырсы, афтæ сбырсы, æмæ йын бауромыны амал никуы и а дунейы. Æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, раджы сын сæ историйы чиныджы цы фыстой Шамилы тыххæй, уыцы ныхæстæ: уæнгты хъару уыдаид, æнæуи сарæхсын хъуыдаид – Шамилимæ афæлвара, уый никæй бон ницæмæй уыди.

Цымæ, æцæг надтаид йæхи ам, æви уый дæр æрымысгæ хъуыддаг у? Цас таурæгътæ ис а бæсты Шамилы тыххæй – ам дæр уыди-уым дæр уыди, афтæ дæр бакодта-уфтæ дæр бакодта. Цыма йæ уыдæттæм æвдæлди! Уый хæцгæ кодта, хæцгæ, йæ армыдзаг хохæгтимæ стыр Уырысы æфсады ныхмæ хæцыди æнæхъæн фондз æмæ ссæдз азы дæргъы.

– Уартæ Хабиб! – йæ къух адардта лæппу бæлæстырдæм.

Серæби бынтон æвæндонæй акасти, лæппу йæ къух кæдæм дардта, уыцырдæм. Хабиб сисыл лæууыд æмæ йæм йæ къух тылдта: ардæм!

Хабибы Ботлихы базыдта. Райкомы куыста, стыр куыст ын дзы нæ уыди. Афтæ гыццыл цæмæйдæр куыста. Ам ахуыры хицау уыдзæни скъолайы, ууыл куы ныллæууыдысты, уæд æй районы ахуыры хайы хицау райкоммæ акодта – хъуамæ райкомы секретарь йемæ аныхас кодтаид: чи у, цы у? Фæтк афтæ амыдта. Æмæ уым федта Хабибы, стæй ма йыл уый фæстæ дæр сæмбæлди уым, Ботлихы. Ацы хъæуккаг нæу. Æмæ уæдæ ам цы ми кæны?!

Сисæй æргæпп кодта йæ размæ, атыхсти йыл æмæ йын йæ фæсонтыл йæ цонгæй размæ ахæцыд.

Дзæбæх æрталынг и, хæдзармæ афтæ ссыди. Нуазын сын нæ бакуымдта, æмæ сын куыд бакуымдтаид нуазын – уыйæппæт тетрæдтæ раст кæнын нæ хъуыд?! Хæргæ дзы акодта – уыцы хæрзфых фысыфыд обæуттæй лæууыд сæ разы. Ныр тетрæдтыл æрбадон куыд загъта, афтæ йæ цæстытæ тыбар-тыбурæн бахъуыдысты: стъолы бæстастæу, тетрæдтæй къулы ‘хсæн цы быгъдæг бынат уыд, уым фæрсæй-фæрстæм лæууыди дыууæ кæрдойы. Дыргъцух æй никуы уагътой, къæртаты дзæгтæ-иу æрбахастой. Уым-иу куы нæ уыди, уæд-иу сæ афтæ ныууагътой фæсдуар æд къæрта. Стæй-иу къæртамæ чи ‘рбауад сывæллæттæй, уыдоны-иу схæцыд рафæрс-бафæрсыл æмæ-иу афтæмæй базыдта, чи сæ ‘рбахаста, уый. Æмæ уыдон къæртайы

дзаггай хастой, адон та дыууæ кæрдойы сты æрмæст. Æмæ дыууæ дæттын дæр куы нæ фæтчы! Бурæфцæг, цъупп кæрдотæ. Сæ цъуппытæ – уæлæмæ. Лæууынц фæрсæй-фæрстæм. Кæсы сæм Серæби æмæ дис кæны – кæцæй æрхаудтой?! Æвæццæгæн сæм кæсынæй бафæллади. Хатт-иу цыма дыууæ нал уыдысты, цыма-иу аиу сты æмæ-иу сæ иу кæрдо рауади. Æмæ-иу уæд фæстæдæр алæууыди æмæ-иу уырдыгæй ныккасти стъолмæ. Фæлæ та-иу уæдмæ кæрдотæ дыууæ фестадысты. Æмæ уæд йæ мидбынат куы ныззилид, йæ къухтæ куы фæхæссид æмæ сæ кæрæдзийыл куы нытъттъæпп кæнид – æмæ уыдон уыцы кæрдотæ куы сты! Сæ иу Чакары тæскъæй куы систа, се 'ннæ Айсеты тæскъæй, стæй сæ дыууæйы дæр Айсеты тæсчъы куы авæрдта иннæ кæрдоты уæлæ! Худгæ дæр ма куы бакодта, куыд сæ авæрдта, уый кæй нæ базыдта Айсет, ууыл. Стæй феггуырсти йæ бынатæй æмæ рацу-бацу кæнын райдыдта – дуаргæронмæ-иу ацыди æмæ-иу фæстæмæ раздæхт, къулы рæбын йæ сынтæг кæм уыд, уырдæм-иу æрбацыд, уым-иу разылди æмæ та-иу араст и фæстæмæ дуаргæронмæ. Цыди æмæ хъуыды кодта – уым куы нæ базыдта, кæрдотæ йын йæ тæсчъы авæрдта уый, уæд ма йæ стæй кæм базыдта?! Куыд ма йæ базыдта, цæмæй ма йæ базыдта?! Науæд æй зонгæ дæр бакæнæд! Фæлæ сæ куыд æрхаста, кæд сæ æрхаста, цæмæн сæ 'рхаста?! Хатт-иу йæ къахайсынмæ нал фæцарæхст æмæ-иу лæугæйæ аззади. Æмæ та-иу уæд йæ цæстытæ базылдта кæрдотæм. Уыдон лæууыдысты фæрсæй-фæрстæм уыцы бурæфцæг-хъæлхастæй. Æмæ сæ, цымæ, рухс ма куы уыдис, уæд æрбахаста, æви, стæй куы æрталынг и, уæд? Фæлæуу, æмæ сæ кæд искæмæн æрбарвыста, уæд та? Æмæ сæ куыд æрбарвыстаид искæмæн хъуамæ, цы йын хъуамæ загътаид, куы йын сæ æрвыстаид, уæд, кæмæн сæ æрвыстаид, уымæн?! Нæ, æрвитгæ сæ никæмæн æрбакодтаид. Йæхæдæг сæ 'рбадавтаид, йæ тагъд уадæй æрбауадаид æмæ сæ æрбадавтаид. Стъолыл сæ авæрдтаид, ома, мæнæ дæ кæрдотæ æмæ фæтъæбæртт кодтаид фæстæмæ. Æмæ йæ исчи куы фена, уымæй нæ тарстаид, цымæ? Æмæ дзы цæмæй хъуамæ тарстаид? Мæнæ æрцæуæг ахуыргæнæг у, æмæ йын дыргъы муртæ 'рбадавта! Гъе, дыууæ йеддæмæ кæй нæ уыдысты кæрдотæ, уый уыди дзырддаг. Уæдæ кæрдойы азар скодта, дыууæ кæрдойы номыл кæдæм цæуыс! Йæ тæскъ цъупдзаг куы уыдис, уæд ма сыл куыд нæ афтаугæ фæци?! Дыууæйæ сæ кæдæм хаста?! Фæлæ сывæллон чызг у 'мæ

уыдæттæ кæд не ‘рцахста йæ зонд? Æндæр сæм афтау иу-цалдæр иннæтæй, æмæ уа! Æниу, чи зоны, афтæ сывæллон чызг дæр нал у. Уæдæ, кæд афтæ сывæллон у, уæд уыцы бон директормæ цæмæн фæцарæзта йæ цæстытæ?! Фæлæ афтæ гыццыл нал зыны йæхимæ, ‘вæццæгæн. Стæй, дам, а бæсты уый карæнæй чындзы дæр цæуынц. Курæг сæ фæзыны, æмæ сæ раттынц.

Уыцы бонты уыцы дыууæ кæрдойы рахъуыды-бахъуыдыйыл бахъуыд. Ахæм диссагæй дзы ницы уыд, ай-гъайдæр. Цы дзы уыд?! Кæрдотæ йын йæ тæсчъы авæрдта. Хъазгæйæ сæ авæрдта, афтæ. Уадз æмæ сæ уый ахæсса! Æнæуи дæр сыл хæрыныл куыд слæууыдаид! Куыд хордтаид уыцы стыр кæрдотæ?! Уæдæ сæ йæ къухты дæр куыд рахæсс-бахæсс кодтаид! Æмæ, æвæццæгæн, сæхимæ йæ тæскъ куы æрæвæрдта, уæд базыдта, кæрдотæ йын йæ тæсчъы кæй æрæвæрдта иннæ кæрдоты сæр, уый. Æмæ сæ ‘рбахаста. Уæдæ сæ ма ‘рбахастаид? Фæлæ, цымæ, зонгæ сæхимæ бакодта, кæрдотæ йæ тæсчъы кæй разындысты, уый, æви йæ уым дæр фæхатыдта: авæрдта йын кæрдотæ йæ тæсчъы! Чи зоны, æмæ йæ базыдта уым дæр. Хæйрæджытæ сты ацы сылгоймæгтæ, сæ гыццыл дæр хæйрæг у, ‘мæ се стыр дæр. Йæхæдæг урокты йæхи афтæ æвдыста, цыма иу кæрдо дæр никуыдæм бахаста. Æмæ та-иу гуырысхойы хай фæци Серæби – кæд уыцы кæрдотæ не сты, кæд æндæр кæрдотæ сты? Кæд сæ уый не ‘рбахаста, кæд сæ æндæр исчи æрбахаста? Фæлæ сæ куыд æрбахаста æндæр исчи – уынгæ йæ куы кодта, уыцы кæрдотæ сты! Æнæуи гыццыл фæхъазуатондæр и – афтæ зынд Серæбимæ. Фæйнæгмæ-иу куы рацæйцыд, уæддæр æм зынд афтæ, йæ бынатæй-иу куы фестад æмæ-иу уырдыгæй куы дзырдта исты – уæддæр. Исты-иу раст куы нæ загъта уырыссагау, æмæ-иу ын куы бараст кодта Серæби йæ ныхас, уæд-иу уыцы цæрдæг фездæхт, Серæбийы хæдуæлвæд-иу æй бараст кодта, стæй-иу цыдæр тæрк мидбылхудт ахъазыд йæ цæсгомыл, цыдæр æхсызгон мидбылхудт. Афтæ-иу зынд: цин кодта, кæй фæрæдыд, ууыл, тынг ыл цин кодта.

## 2

Иу изæр, куыддæр скъолайæ æрцыди æмæ йе ‘фсæйнаг пецы раз æрлæууыд, арт бакæна, зæгъгæ, афтæ дуар айгом, æмæ тарвазыл йæхи бахафта Лабазан. Хатæны астæу æрлæууыд, йæ уæрæх гæлифейы фадгуытæ йæ цырыхъхъыты хъустыл æрфæлдæхтытæ

сты, йæ мидбынат азылд, къуымтæм фæйнæ-фæйнæ дарды фæкодта йæ тъæпæн цæсгом.

– Нæ, фæлæ дын цы хæдзар ссардтон!

– Хорз у, – загъта Серæби.

– Раст æй цыма дæуæн арæзта Насрулла. Сарæзта йæ æмæ лидзынмæ фæци, иу аз дæр дзы нæ ацарди. Ныр ды багуыбыр уыдзынæ ‘мæ цæрдзынæ ‘мæ цæрдзынæ ай хуызæн хæдзары! Хъарм хæдзар, рухс хæдзар, уæдæ, йе ‘ккой кæйдæр хæдзар кæй нæй, уый та?! – Лабазан уырыссагау æвзæр зыдта æмæ-иу ныхæстæй кæмæн йæ райдиан æрмызыгъуыр кодта, кæмæн – йæ кæрон. Иуæй-иу хатт-иу дзырд бынтон не сфæрæзта сдзурын æмæ-иу уæд йæ бæсты солыйаг дзырд срæцыгъта æмæ-иу худынмæ фæци. Худгæ-иу куы кодта, уæд-иу йæ былтæ аивæзтысты æмæ-иу йе ‘фсæрыкъæдзтæ атымбыл сты.

– Цæмæн алыгъди Насрулла Ботлихмæ? Ботлих цæмæй хуыздæр у?

– Ай цырыхъгæнæг у, а Насрулла. Ахæм цырыхъгæнæг Мæскуыйы дæр нæй, уый дын цырыхъхъытæ бахуыдта, уæд сæ дæхи уындзынæ, афтæ цæхæртæ калдзысты, гъе! Ам ахæм цырыхъхъ кæй хъæуы! Уым та уыйас дæр хуый. Цæуынц æм æмæ йæм цæуынц. – Дзургæ-дзурын йæ уæрæх гæлифейы дзыпмæ нывнæлдта Лабазан æмæ дзы иу арахъхъы авг сласта, стъолыл æй æрæвæрдта, уый фæстæ йæ иннæ дзыппæй хæрынкъа систа æмæ дзы кæрдотæй иу, куыд лæууыд, афтæ æрфаста йæ астæуыл. Кæрдойы æрдджытæ фæйнæрдæм фæуæлгоммæ сты.

Серæбийæн хъыг уыди, кæрдо кæй алыг кодта, уый: уыцы дзæбæх лæууыдысты фæрсæй-фæрстæм, уадз сæ æмæ лæууой! Кæдæм æй лыг кæныс йæ тæккæ астæуыл?! Ныр уый бахæрдзæн Лабазан – Серæби дзы йæхæдæг нæ ахæрдзæн, фæлæ иннæ цы ми кæндзæн иунæгæй? Стæй хъуамæ кæдмæ лæууа ам иунæгæй?! Æмæ йæхимæ мæсты кодта – уæдæ сæ стъолыл цы ныддардта! Цыма хæрыны кæрдотæ уыдысты. Искуы сæ æрæвæр æмæ уа! Фæлæ уый хæйрæг дæр цæмæй уыди, æмæ Лабазан æрбафсæрдзæн йæ уæрæх гæлифейы мидæг, стæй йæ иу дзыппæй авг сласдзæн, иннæ дзыппæй та хæрынкъа сисдзæни!

Æнæуи дæр уæзбын лæг уыди Лабазан, ныр та йын бынтон ницы æнтысти. Кæрдо куы алыг кодта, уæд азылди хатæны фæстаг къулмæ. Уым, къулыл уыди цалдæр дæргъæй-дæргъмæ гайлайы – къул цы ахаста, уый ахастой гайлатæ дæр. Гайлатыл

дунейы тæбæгъ, чи гыццылдæр, чи стырдæр, афтæ фæрсæйфæрстæм хъен лæууыдисты, сæ чъылдымтæ къулмæ здæхт, сæ цæсгæмттæ размæ. Тæбæгъты ‘хсæнты агуывзæтæ – цайцымæнтæ æмæ къаддæртæ.

Ахæм фæтк уыди Ансалтайы хæрæндоны дзаума дарынæн.

Райста дыууæ арахънуазæн агуывзæйы Лабазан æмæ сæм авг фæйнæ къулы фæкодта. Йæ рахиз къухмæ дыууæ агуывзæйæ иу systa, йæ галиу къухмæ – кæрдойы æрдæг. Фыццаг агуывзæмæ æркаст, стæй – кæрдойы æрдæгмæ, уый фæстæ йæ тъæпæн цæсгом Серæбимæ сарæзта.

– Ле уас![*] Æмæ ныр ацы цæрдтытæй цæрынмæ хъавыс? Арт нæй, хæринаг нæй, хæринаггæнæг нæй. Уый цы хуызæн цард у?! Ахуыр фæдæ, кусын райдыдтай – ус ракур! Лæг чи у, лæгау лæг, уымæн хъуамæ ус уа, ус! Уæртæ Хабибмæ кæсыс?

– Цы кæны Хабиб? – цыма тæрсгæ фæкодта, Лабазан æй Хабибмæ кæй кæсын кодта, уымæй, уый фарст акодта Серæби.

– Ус куры, æндæр цы!

– Алæ ‘мæ Хабибы йеддæмæ ничи ракуырдта ус? – бахудти Серæби. Уымæн цы уæлдай уыд, куры Хабиб ус – нæ куры!

– Ракуры, цæмæннæ ракуры, фæлæ Хабиб цы чызг равзæрста – гъæ, бындары Хабиб фæуай! – Лабазан йæ агуывзæ стъолыл æрæвæрдта, йæ къухы уырзтæ сиу кодта, йæ былтæм сæ схаста, абагæнæгау кодта къухы уырзтæн æмæ йе ‘нахуыр æхсызгон уынæргъын фæцыд:

– Мгъуы!

Серæби йæм кæсгæйæ баззад, уый бафиппайдта Лабазан.

– Ды йæ нæ зоныс – нæгъ, зонгæ йæ кæныс, фæлæ йын æмбаргæ ницы кæныс. Ды ницы ‘мбарыс нырма чызджытæн.

Æмæ хъуыдытыл фæци Серæби – цæмæй йæ хъуамæ зона! Кæм вæййы æмæ йæ кæм хъуамæ федтаид! Кæд, далæ уæд Умаханты хутыры чи зарыд, уый у? Æмæ уымæн дæр цы базыдта?! Йæ хъæлæс ын цы хъуыста, æндæр æй уынгæ нæ фæкодта. Иуæй чъылдыммæ бадти лæгтæм, иннæмæй кæлмæрзæнæй æмбæрзт уыди йæ цæсгом, æмæ йæ куыд федтаид?! Æвæццæгæн ын Хабиб загъта, уым уыдис, уый. Æвæццæгæн, рæсугъд чызг у, уæдæ æндæр цæуыл уынæргъытытæ кæны Лабазан!

Серæбийы зæрдыл æрбалæууыд уыцы изæр. Лæппу цагъта да-

---

[*] Ле уас – гъей лæппу.

ла фæндырæй, уыцы саусæр лæппу, донызылмæ йæм чи рацыд, уый. Чызг зарыд. Афтæ зарыд, æмæ джихæй баззад Серæби. Кæм и, уый дæр дзы айрох и. Ахæм улæфтытæ-иу стахти йæ хъæлæсæй, æмæ сæм зынг бадар – ныггуыпп кодтаиккой, æмæ судзгæ æхсидæвтæй фæхаудаиккой фæйнæрдæм.

Фынгыл рæгъытæ нæ кодтой, сæ агуывзæтæ-иу бакъуырцц ластой æмæ-иу сæ анызтой. Хистæр дæр сын нæ уыди, уырдыгыстæг дæр. Уый сыл йæхи бафæдзæхста, Серæби, нуазæн ын кæй нæй – æмæ йæм нал хатыдысты. Уæддæр-иу, йæ ныхмæ цы дæндадждджын лæг бадти, уый хъуамæ йæ даргъ цонг æрбаивæзтаид фынджы сæрты æмæ-иу йемæ бакъуырцц кодтаид. Стæйиу Серæби йæ агуывзæ чъызгæ-чъызгæ фынгыл куы æрæвæрдта, уæд-иу уый та йæ сæр ныттылдта фæйнæрдæм. Хæрынмæ-иу куы февнæлдта, уæд-иу йæ дæндæгты къæрцц-къæрцц хъуыст Серæбимæ фынджы сæрты, æмæ йæм афтæ зынд, кæй йæм мæсты кæны, уый тыххæй афтæ къæрцц-къæрцц кæнынц йæ дæндæгтæ.

– Уый Шамилы зарæг у.

Серæби фехъуыста Хабибы ныхæстæ, фæлæ йæм хъаргæ нæ бакодтой – зарынмæ хъуыста æмæ йæм куыд бахъардтаиккой!

– Иу ныббырсты йе 'фсадæй бирæ фæцагъды ис, йæ зæрдæмæ ныхъхъуыста æмæ зарын нал уагъта.

– Куыд нал уагъта зарын? – аздæхти Хабибмæ Серæби. Уæдæ зарынæн бауромæн куыд и?!

– Чи азарыдаид, ууыл хъуамæ лæдзджытæ ныссастаиккой, афтæ йæ фæнадтаиккой.

– Диссаг! Æмæ йæ зарæг цы хъыгдардта? Зарæг иугæнæг тых куы у, тохмæсидæг тых.

– Зарæг уæддæр зарæг у. Уымæн йæ зæрдæйы цы тугтæ тагъд, уыдонмæ хъусын æм цыди. Искæй зарынмæ хъусын æм нæ цыди. Æмæ йыл зарæг скодтой адæм.

– Зарын сæ кæй нæ уагъта, уый тыххæй йыл зарæг скодтой?

– Гъо.

– Диссагдæр ма цы уа уымæй!

– Мæнæ ацы хъæутæн дон куыд хæссын кодта, уый нæ зонут? – йæ бадæнæй йæхиуыл размæ рахæцыд, Хабибы уæллаг фарс чи бадти, уыцы дастсæр лæг. Йæ бæрзæй Тары фырт Мукарайы бæрзæйы хуызæн, цирхъæй йæ ныцъцъыкк кæн, уæд цыма йæ цæхæртæ акалдаиккой цирхъæн.

– Кæцы хъæутæн? – афарста йæ лæгтæй чидæр.

– Мæнæ Ансалта, дæлæ Рахата, уæлæ Шодрада.

– Æмæ сын цы хæссын кодта, зæгъыс?

– Дон, дон! Уæд йе 'фсад, мæнæ уыцы фарс цы рагъ и, уый сæрмæ уыди, цæцæны арæныл. Уым дон нæй, æмæ ацы хъæутæн бахæс кодта, цæмæй ардыгæй дон хастаиккой æфсадæн. Хохаг лæг хин кæм нæу! Иу фæйнæ-дыууæ къусы-иу æркодтой сæ лалымты, стæй-иу сæ ахъаззаг ныддымдтой, æмæ, цыма нæ фæразынц сæ лалымтæ, уый хуызæн-иу гуыбыр-гуыбыр фæцæйцыдысты. Афтæмæй лалым – бирæ, дондзау – бирæ, дон – нæй. Æмæ дын Шамилæй ахæмтæ ирвæзти! Сбæгънæг сæ кæнын кодта æмæ сын се 'рбадæнтæ афтæ стæлмытæ кодтой топпы фатæй, æмæ бынтон æнæ лалым дæр гуыбыр-гуыбыр цыдысты.

– Ирæттæй иутæ пысылмон сты, иутæ чырыстон, афтæ нæу? – бафарста хъæрæй Лабазан, æмæ Умаханты хутыр дард кæмдæр аззади.

– Гъо.

– Ды кæцытæй дæ?

– Чырыстæттæй, – загъта Серæби, кæд ус курыны кой нал кæнид Лабазан. Ацы бæсты чырыстæттæ нæй, æмæ дзы уæд пысылмон чызгæн чырыстон лæппумæ цæуыны фæтк куыд хъуамæ уа! Стæй, кæд йæ ныхас дæр фæуид.

– Æмæ уæ чырыстон лæппутæ уæ пысылмон чызджыты нæ курынц?

– Курынц, цæмæннæ курынц.

– Æнæ сунæтгондæй?

– Гъо.

– Уæдæ ма цы! Кæд уымы пысылмон чызджытæн ис æнæсунæтгонд лæппутæм цæуæн, уæд амы чызджытæн цæмæннæ ис? Æмæ мах чызджытæй хуыздæр кæм и! Уæллæй-гъи, дунейыл куы фæзилай, уæддæр солыйаг сылыстæджы хуызæн не ссардзынæ. Æдде – фæлмæн, мидæгæй – арт. Æмæ уыцы тæвдæй уаты дæ фарсмæ куы алæса, уæд фырæхсызгонæй дæ уд дæ хъæлæсæй сцæйхаудзæн. Фæлæуу-ма! – Лабазан уыцы лæугæйæ йæхи цыдæргъуызон фæгæмæл кодта, агуывзæ йæ дзыхмæ сцæйхаста – нæй, стъолыл æй æрæвæрдта. – Уæд та дын мæ усы хойы ракурин, Сакиаты? Фæлмæн æмæ лæгъз, гæдыйы хъуын куыддæриддæр уа, афтæ. Скъоламæ нал цæуы... Цы куыст ма йын и чындзы цæуынæй хуыздæр?!

– Фæлæуу-ма, – загъта Серæби дæр, – æмæ скъоламæ цæуылнæуал цæуы?

– Æвæццæгæн æм чындзы цæуын æрцыди ‘мæ уымæн, – бахудти Лабазан. – Стæй канд Сакиатмæ ‘рцыди чындзы цæуын, дæумæ гæсгæ? Бирæ сты.

– Куыд бирæ сты?

– Куыд, куы зæгъай, уæд фарон æвдæмтæ чи фæцис, уыдонæй ныр æстæмтæм кæд цæуа се ‘рдæг.

– Куыд се ‘рдæг? – йæ дис бамбæхса, уый йæ бон нæ баци Серæбийæн. – Æмæ се ‘ннæ ‘рдæг цы фæци?!

– Се ‘ннæ ‘рдæг уисæйттæ райстой æмæ уынгтæ мæрзынц, кæд сыл лæппуты цæстытæ ‘рхæциккой, – Лабазан агуывзæ систа, анызта йæ, стæй кæрдойы æрдæгæй ныххæмц кодта. Æууылдта, æмæ йе ‘фсæрыкъæдзтæ удисæджы змæлд кодтой.

– Ды дзурыс, фæлæ уыдон сæ тæккæ дзæбæхыл сты чындзы цæуынæн, – дзырдта æууилгæ-æууилын Лабазан. – Ай, сæ тæккæ дзæбæхыл.

– Куыд сты сæ тæккæ дзæбæхыл?! Нырма, а уалдзæджы æвдæмты чи ахуыр кодта, уыдон! Нырма зæххæй къуыпп куы нæ дарынц!

– Зæххæй цы дарынц, уымæн ницы зонын, – загъта та æууилгæ-æууилын Лабазан, – фæлæ сæхæдæг ахæм къуыппытæ радарынц, ахæм æмæ зæгъдзынæ: уо стафыраллах?!

– Цæй къуыппытæ радарынц сæхæдæг? Цытæ дзурыс, цы?!

Лабазан хинæйдзаг худт бакодта.

– Ахæм къуыппытæ, ахæм, æмæ зæххыл куы фæзилай, – ахæм удæн æхцон къуыппытæ никуы ссардзынæ. Уыцы дзæбæх тымбыл къуыппытæ фæрсæй-фæрстæм.

Æмæ Серæбийы æрфæндыди, тынг æй æрфæндыди – ныр дæ къух дард фæхæсс æмæ йын йе ‘фсæрыкъæдз ахъаззаг ныуудай. Уый йын къуыппытæ ‘мæ дзыхъхъытæ!

– Уый цы хуызæн уагæвæрд у? – Лабазанмæ арæзт нæ уыди йæ ныхас – йæхимæ арæзт уыд. – Скъоламæ цæуын æмæ чындзы цæуын кæрæдзи мидæг цæмæн алæстысты, алкæмæн сæ йæхи рæстæг æмæ йæхи афон цæмæннæ и?! – Стæй аздæхт Лабазанмæ – Районы нæ зонынц ацы хабæрттæ?

– Æмæ район нæхи район нæу? – загъта цыдæр разæнгардæй Лабазан æмæ та йæ агуывзæ æрыдзаг кодта, бакаст Серæбимæ. – Сис дæ агуывзæ.

Раст уæд чидæр дуар æрбахоста, æмæ Серæби дуармæ кæсыныл фæци: ам дуар бахойын фæткы нæ уыд – афтæ-иу æрбахæцыдысты дуарыл. Уæд чи хъуамæ уа!

– Мидæмæ! – адзырдта хъæрæй.

Дуар айгом æмæ къæсæрыл алæууыд Хабиб. Лабазаны куы ауыдта, уæд йæ сæр ныттылдта.

– Æз ай агурынæн бахъуыдтæн аулы къуымты, уый та ам арахъхъ æнцъухы!

3

Директоры кусæн хатæнмæ дуар агъуыстæн йæ чъылдымæй уыди, æмæ, уым и Мæхæмæт, уым нæй, уый базоныны тыххæй агъуысты фæстаг къулмæ цæуын хъуыд. Йæхæдæг дæр, æвæццæгæн, зивæг кодта агъуысты рæбынты зилын æмæ йæм арæх нæ цыди. Скъолайы-иу куы уыди, уæд-иу ахуыргæнджыты хатæны бадти. Серæбийы стъолы ныхмæ къулрæбын цы бандон уыд, уымæ-иу тигъмæ йæ сынæг бахаста æмæ-иу йæхи æруагъта, стæй-иу уырдыгæй къухдариуæг кæнын райста йæхимæ: ам афтæ хъæуы, уым та уфтæ хъæуы.

Фæлæ скъолайы бирæ фæстиат кæнын нæ уарзта. Фæкæс æмæ та, йе стыр цъæх худ йæ сæрыл бæрзонд конд, йæ даргъ пъалтойы дымджытæ æнæуд змæлд кæнынц, афтæмæй далæ хъæумæ ауырдыг кодта йе ‘нæнкъуысгæ цыдæй.

– Мæнæн мæ куыстыты фылдæр хай уым и, уым, – дзырдта-иу зондамонæджы хъæлæсæй Серæбийæн, æмæ-иу йæ цонг хъæумæ ныццарæзта. – Ам та дæ бæрны сты хъуыддæгтæ, æмæ сæм мæнмæ ма кæс – ахуыры хайы хицау ды дæ.

Æмæ-иу дис кодта Серæби: цы хъуыддæгтæ фæаразы хъæуы æмæ сæ, цымæ, кæцы ран фæаразы? Æмæ стæй цы фæвæййынц, кæй саразы, уыцы хъуыддæгтæ?!

Ныр æй уым байййæфта Серæби – йе стъолы размæ рагуыбыр и æмæ иу стыр хъамагонд кардæй кърандас цыргъ кодта.

– Мидæмæ, Серæби Замбеджы фырт! – хъæрæй загъта Мæхæмæт æмæ йын, кард цы къухы уыдис, уымæй бандонмæ ацамыдта. – Сбад! Æз ма дæм æрвитынмæ хъавыдтæн. Хъуыды кæнын, кæнын æмæ ууыл ныллæуыдтæн: афтæ бакæнæм æмæ, изæрон скъола чи у, уым уырыссаг уроктæ дæхæдæг кæн. Фузæ чызг у, чындздзон чызг, а изæрон скъоламæ та лæппутæ цæудзæн, стыр лæппутæ, æмæ йæм сæ йе исчи уæлдай каст куы бакæна, йе

йæм сæ исчи, цы не ‘мбæлы, ахæмæй исты куы сдзура! Уæд дзуапп чи дæтты? Æз æмæ ды. Æппæты фыццаг та – æз.

Фузæ æмæ Серæби иумæ ахуыр кодтой, цæугæ дæр иумæ æркодтой уыцы хъæумæ, æмæ фыццаг, цыма ус æмæ лæг сты, афтæ касти хъæубæстæм. Стæй Фузæ, æрцæуæг ахуыргæнджытæн скъолайы бынмæ цы тъæпæн хæдзар уыд, уым куы ‘рцард, цы дыууæ чызджы ма дзы царди, уыдонимæ, Серæбийæн та Лабазан хъæуы астæу, районмæ чи алыгъд, уыцы дзабырхуыйæджы хæдзар куы баххуырста, уæд-иу Серæбимæ æнæмбаргæ кæстытæ кодтой фæйнæрдыгæй.

Серæби иуцасдæр æнæдзургæйæ абадт, стæй загъта:

– Фенон Фузæйы. Йемæ аныхас кæнон.

– Изæры скъола æнæуи дæр æндæргъуызон скъола у. Бæргæ, иууыл æм ахуыр кæнынмæ куы цæуиккой, фæлæ йæм, йæхи ирхæфсынмæ чи цæуы, ахæмтæ дæр вæййы, – ныхас та йæхимæ айста Мæхæмæт. – Æмæ æнцон нæ уыдзæн Фузæйы хуызæн чызгæн уыдонимæ.

Серæби йæ бандоныл директорырдæм бахæцыд.

– Æз дæм æндæр хъуыддаджы тыххæй æрбацыдтæн. Цæвиттон, фарон дæр æмæ уымæй размæ дæр æвдæмтæ чи фæцис, уыцы чызджытæй ацы аз æстæмтæм чидæртæ нæ цæуы, æмæ дæм уыцы хъуыддаг куыд кæсы?

Мæхæмæт кърандасы цыргъ фындз гæххæтмæ æруагъта, æлхуыйы фындз æлвисæн къусмæ куыд æруадзынц, афтæ, æрзылдта йæ, æрæджиау йæ худы бынты бакаст Серæбимæ.

– Чи загъта?

– Чи фæнды зæгъæд, кæнæ æппын мачи зæгъæд! Уый цы уæлдай у?

Мæхæмæт кърандас стъолмæ æрæппæрста, стæй та кард æрæппæрста кърандасыл.

– Уæдæ цы нæу уæлдай?

– Уæлдай уый нæу, æмæ ма скъолайы кары чи ис, уыдон скъоламæ кæй нæ цæуынц.

– Фæлæуу, æмæ дæу Лекъты бæстæм ахуыры пехуымпарæй æрæрвыстæуыд?! Цæуы скъоламæ, нæ цæуы скъоламæ – цы хъуыддаг дæ и уыдæттæм?! Де скъолайы, дæ кълæсты дæ партæтыл цы ахуыргæнинæгтæ бады, уыдонæн дзуапп дæтт, уыййеддæмæ, скъолайы æдде чи цы ми кæны, уый дæумæ нæ хауы. Бамбæрстай?!

Серæби комкоммæ каст Мæхæмæтмæ, федта, йæ тæнæг былтæ æнгом куыд абадтысты сæ бынæтты, цыма исты æхгæнæнтæ уыдысты, уый хуызæн, æмæ ма базмæлой, уый йæ нал фæндыд, ахъавыд – феста æмæ федде уа. Фæлæ та уæдмæ уыцы тæнæг-тæнæг змæлд бакодтой лæджы былтæ:

– Уæдæ уыцы чызджытæ скъолайæн исты пайда куы уаиккой, уæд сыл дæ размæ ахъуыдыгæнджытæ уыди, ма тæрс. Фæлæ, æвдæмты чи нæ фæрæзта, уый стæмты дæр нæ фæраздзæн ахуыр кæнын æмæ нын нæ иумæйаг æййафыны хъуыддагыл фæстæмæ хæцдзæн. Æмбарыс уыцы хабæрттæ-йедтæ?!

Æмæ та æвваxсдæр бахæцыд Серæби йæ бандоныл Мæхæмæтырдæм.

– Гъомæ скъолайæн ма уæд пайда, сæхицæн дæр нæ уыдзæн пайда уыцы чызджытæн – скъола каст куы фæуой, ноджы дæр ма куы сахуыр кæной истæуылты, дунейы рухсмæ куы феввахсдæр уой. Ныр сæ исчи иумæйаг æййафынадыл фæстæмæ хæцдзæн, уый тыххæй сæ иуварс куыд ныууадзæм?! Лæг ма йæ мæлæг æмбалы дæр куы никуы ныууадзы, йе ‘ккой йæ куы фæхæссы! Тæригъæд нæ уыдзысты уыцы  чызджытæ сомбон, куы бахъомыл уой, уæд?!

– Ды æрцæуæг дæ, стæй лæппу дæ нырма æмæ не ‘мбарыс мах царды хиæдтæ. Фыццаджы фыццагдæр мах стæм пысылмон адæм. Дæ алы хъуыддаг дæр хъуамæ райдайай уымæй. Рухс хорз у, ай-гъай! Фæлæ талынг дæр, чи зоны, афтæ æвзæр нæу, хорз талынг куы уа, пысылмон талынг, уæд. Пысылмон талынгæн ис йæхи рухс, йæхи рухс, йæхи! – Мæхæмæт йæ амонæн æнгуылдз æркъæдз кодта æмæ йæ батылдта Серæбимæ, цыма йын уайдзæф кодта, уыцы рухс кæй нæ уыны, уый тыххæй. – Æмæ йын, чи зоны, фаг у уыцы рухс, æмæ сæ, чи зоны, нæ хъæуы, æндæр рухсæй сæм цы рухс цæуа, уыцы рухс. Уæлдайдæр чырыстон дунейæ чи цæуа, уыцы рухс.

Ай цытæ дзуры! – хъуыды кодта Серæби. – Æвæццæгæн иу сæрзилæджджын пысылмон дингæнæгмæ байхъуыста кæмдæр æмæ йын йæ амцæф-уымцæф ныхæстæ бадардта йæ зæрдыл. Йæхи зæрдæйы чи райгуырд, ахæм ныхæстæ не сты. Æдде сæм байхъус æмæ цæуылдæр дзурынц, мидæмæ сæм бавнал æмæ – афтид, тутт. Чи зоны æнæуи раст у Мæхæмæт – скъоламæ чи нæ цæуы, уыдонмæ уый ницы бар дары, ницы хъуыддаг æй ис уыдонимæ. Фæлæ æнахуырæй кæй баззайдзысты, разæй кæмдæр

рухс кæй у, уый кæй нæ базондзысты, уыцы рухсмæ кæй нæ бакæсдзысты, уымæ дæр æй нæй хъуыддаг? Нæ, – уымæ алкæй дæр ис хъуыддаг, суанг скъолайы чи нæ кусы, суанг æппындæр чи никуы кусы, уыдоны дæр – æгас хъæубæстæ, æгас хæхбæстæ хъуамæ растиккой æмæ, кæмдæриддæр уыдоны кары чызджытæ ис, сæ къухтыл сын ныххæциккой æмæ сæ скъолаты бамидæг кæниккой, сифтонг сæ кæниккой ахуырыл, рухсмæ цæуыныл, чындзы цæуыны хъуыддаг сæ иуварс куыд аззайа! Уыдон хъуамæ сæ ныййарджытау æрмифицаугæйæ ма цæуой сæ фæндагыл – хъуамæ рухс уа сæ фæндаг. Æмæ уыцы рухс фæндагмæ скъолайы къæсæрыл ахизын хъæуы, æндæр фæндаг æм нæй. Æмæ хæхты рухсытæ уæд фæзындзæн, æмæ сæм сылгоймаджы арм куы фæхæццæ уа – сылгоймаджы æрмдзæфæй куы фидауы дуне! Æмæ цалынмæ хæхты сылыстæг йæхиуыл схæца, йæхи равдисынхъом фæуа, уæдмæ нæй срухсгæнæн хæхтæн.

Бадти йæ бынаты, йæ рæмбыныкъæдзтæ стъолмæ сарæзта, йæ тъæпæн æрмттæ йæ уадултыл бафæлдæхта. Иуафон чидæр йæ уæлхъус æрлæууыд. Скаст æм – æмæ Тагир, райдиан къласты ахуыргæнæг.

– Изæры махмæ рацу, – дзуры Тагир, æмæ сыфсæрмы, цыма йæ хонгæ нæ кæны, фæлæ дзы исты куры, уый хуызæн. Æмæ фефсæрмы Серæби, фестади. Бахудти.

– Куывд ма кæнат!

– Гыццыл куывд. Абадæм. Ды уазæг дæ, хонинаг, – æвæццæгæн ма йæ, истытæ куы загътаид, уый фæндыди, фæлæ сæ не сфæрæзта. Æрлæууыд æмæ æнкъард худт бакодта.

– Хорз, – загъта Серæби.

– Мамалау дæм æрбацæудзæн æмæ иумæ рацæудзыстут.

Тагир ацыд. Ахуыргæнджыты уаты ничи уыди йæхи йеддæмæ, æмæ та йæм раздæхтысты йæ хъуыдытæ. Ау, æрмæст уый тыххæй лæууа, чызджытæ скъоламæ куы цæуиккой, уый ныхмæ æмæ ахуыры æййафыныл фæстæмæ куы хæцой? Кæд ма дзы ноджыдæр исты и, æддæмæ чи нæ зыны, ахæм исты? Æмæ ма дзы цы хъуамæ уа?! Стæй дзы цыфæнды фæуæд! Ахæм стыр исты куыд уыдзæни, æмæ уал æмæ уал чызгæн сæ ахуыр никъкъуылымпыйы хъомыс кæмæ разына?! Æмæ куыд хъуамæ æрсабыр уа скъолайы директор?! Уыйæппæт чызг скъоламæ ма цæуæд, ды та де стыр худ бæрзонд никкæн æмæ дæргъкъахæй сбад искуы. Æмæ сын æндæр ницы, фæлæ тæригъæд та куыд нæ

кæны! Куыд сæ уадзы уыцы талынг царды – сæхи дæр кæм нæ уынынц æмæ сæ кæрæдзи дæр!

Диссаг нæу, скъола ныууадзай æмæ æнхъæлмæ кæсай, курæг дæ кæд фæуыдзæн! Уымæй дæр, курæг уæд, æмæ чифæнды уæд! Ау, сывæллæттæ ар æмæ далæ донығыл хутыртæй уæззау тæсчъытæ хæсс! Нæ, уый цард нæу, уый хъизæмар у, æмæ йæ хъуамæ тæрхондæтты фыдгæнджытæн хæссиккой. Уыцы сыгъдæгуд чызджытæ та цы ‘рсырдтой?! Цардæн йæхи нæ бавзарынц, ницы йын бамбарынц, афтæ куырм æмæ къуыттыйæ фæразил-базил кæнынц йæ алыварс, æмæ афтæмæй фæвæййы сæ цард! Кæмдæр та рухс и, дунемæ дæр цы рухсмæ акæсынц, стæй сæхи удтæм дæр цы рухсмæ ныккæсынц, ахæм рухс, æмæ дзы хъуамæ æнæхай фæуой, сæ цæргæ-цæрæнбонты сын дзы цъыртт хъуамæ макуыцæй бакæса сæ зæрдæтæм!

Нæ, афтæ уадзæн нæй ацы хъуыддагæн.

Тагиртæ цардысты, хъæу цы фахсыл уыд, уымæн йæ цæгатвæлдæхты. Цыдæр уырдыгмæ ныххизæнтæ ‘мæ йæ дзы тæссар бацæуæнты кодта Мамалау. Разæй цыди йæ иугæндзон сабыр цыдæй æмæ зарыд. Уыцы æгъдау æм уыди, сæ дыууæ куы уыдаиккой иумæ, семæ куы ничи уыдаид, уæд æдзух кодта заргæ. Зарыд ныллæг хъæлæсæй, цыма йын нымад уыд: афтæ зарын хъæуы æмæ сæ дыууæйыл куыд æххæсса. Семæ ма исчи куы уыдаид, уæд нæ зарид, æмæ-иу хъуыды кодта Серæби: цымæ, уый бæсты æндæр исчи куы вæййы йемæ, уæд дæр фæзары? Намæ, иунæг куы вæййы, уæд та? Æмæ-иу æм афтæ каст, цыма, æрмæстдæр уый куы вæййы йемæ, Серæби, уæд фæкæны заргæ. Заргæ та алкæд иу зарæг фæкæны. Иу уырыссаг зарæг:

Æхсæв у тар,

Ды, мæ удæнцой, зонын, дæ хъал…

Уæды онг цыма нæ зыдта Серæби уыцы зарæг. Фыццаг хатт æй цыма уым фехъуыста, уæд æй фехъуыста Мамалауæй. Кæд æй искуы фехъуыста, уæддæр æм нæ хъарыди. Ныр æм бахъарыд, ныр ыл сахуыр и. Æмæ-иу куы баиу сты, уæд-иу æнхъæлмæ каст: кæд райдайдзæн зарын Мамалау? Æмæ-иу стæй уый фæстæ, бирæ фæстæдæр уымæй, исчи куы зарыд радиойы, кæнæ телеуынæны уыцы зарæг, уæд-иу йæ цæстыл Мамалау уади, хъуысгæ дæр-иу æм Мамалауы хъæлæс кодта уыцы зарæггæнæджы хъæлæсы сæрты – цыма та кæмдæр фæцæуынц Ансалтайы уынджы дыууæйæ, æмæ та зары Мамалау.

Дзæвгар лæгтæ сæм баййæфтой, сæ иутæ тыргъы лæууыдысты, иннæтæ мидæгæй бадтысты тъахтиныл – гом дуарæй тъахтин кæрæй-кæронмæ зынди. Серæбийы куы федтой, уæд базмæлыдысты, чи йын йæ къух иста, чи та-иу ын йе 'фцæгыл дæр атыхст. Мидæмæ йæ акодтой. Агъуысты астæу лæууыди дæргъæй-дæргъмæ стъол æмæ йыл  цалдæр авджы уырыссаг арахъхъ афтæ æвæтк, амыты-уымыты æвæрдæй лæууыди. Уæларт фыхти тъæпæнбын тымбыл аг, йæ тулф уæлæмæ бырста æмæ дзы цыдæр, туагдзæф чи кодта, ахæм  ад æмбæлди Серæбийы улæфæнтыл. Бадын нæ бафæрæзта мидæгæй æмæ афтæ кæимæдæрты ныхæстæ кæныны 'фсæнтты тыргъмæ рахызт. Уым æм Пахрутдин хæстæг балæууыд, йæ цъæх цæстытæй йæм хионы худт бакодта. Пахрутдин Тагиры хистæр æфсымæр уыд. Уый дæр ахуыргæнæгæй куыста. Скъолайы дæле иу дзæбæх хибар ран царди. Хæдзар дæр ын хорз уыд. Серæби арæх æрымысы, иухатт æй сæхимæ куы хуыдта, уыцы хабар. Серæби скъоламæ сцæйцыд, уый та скъолайæ сæхимæ æрцæйцыд æмæ йæм ныххатыд, тынг æм ныххатыд, цом, дам, махмæ. Æфсин панхъал* скæндзæн, загъта, цæхджын фыд сфыцдзыстæм. Иу дзырд уырыссагау кодта, дыууæ дзырды – солыйагау. Серæбийы не 'вдæлди æмæ сæм нæ ацыд. Арфæтæ йын фæкодта, куыд æй бамбара, ууыл архайдта, цалдæр хатты йын загъта: «Бузныг». Уый ма уæддæр йæ сæр гъæйттæй тылдта фæйнæрдæм, ома цасфæнды фæдзур – нæ дæ ныууадздзынæн. Стæй уæддæр, нæ ацæудзæн, уый куы базыдта, уæд йæ сæр æруагъта æмæ загъта: «Бузныг». Зæгъын æй æндæр цыдæр хъуыд, бынтон æндæр цыдæр, фæлæ йæ куыд загътаид! Уыцы дзырд та зыдта, дзæбæх æй зыдта, иннæ уырыссаг дзырдтæй йæм се 'ппæтæй дæр æввахсдæр уыд, æмæ афтæ æнхъæлдта, æвæццæгæн, алы ран дæр сбæздзæн.

Кæддæр Ботлихы скъола фесты каст – уæд ма авдазон уыд Ботлихы стыр скъола, кæрæдзи фæдыл æй фесты – раздæр Пахрутдин, стæй – Тагир. Уæдæй нырмæ кусынц ацы скъолайы. Уæд райдиан  скъола уыд, кусын дзы куы райдыдтой, уæд.  Ныр сын сæ кълæсты уырыссаг уроктæ уырыссаг чызджытæ кæнынц, педскъола чи фæци каст уым, сæхимæ Уырысы, ахæмтæ, арифметикæ та сын Мамалау æмæ Гæджи-Умар амонынц. Сæхицæн дзы

* Панхъал – чъири.

бирæ ницуал аззад уроктæй, æмæ цæмæй сæ мызд мызды хуызæн уа, уый тыххæй сæм дыгай къæлæстæ вæййы, канд уыдонмæ нæ – æппæт райдиан къæлæсты ахуыргæнджытæм дæр.

– Дæлæ Иусупы бæхæн куырм байраг райгуырд. Дарынæн нæ бæззыд æмæ йын æй балхæдта Тагир. Æхсырылхаст байраджы фыд Мæхæмæт пехуымпары хæринаг у, мæнæ йæ фендзынæ дæхæдæг. Фæндырдзæгъдаг лæппу дæр дзы уыдзæн, зарæггæнæг чызг дæр – æнкъард нæ уыдзæни, ма тæрс.

Æмæ уыцы тæккæ цæстыфæныкъуылды ауыдта Серæби – уартæ тыргъы фаллаг къулыл ауыгъдæй лæууы нæуæгыстыгъд байраджы сæр. Æмæ бамбæрста: истæуыл куы нæ банцой кæна, уæд йæ дыууæ уæраджы куы нæ фæтасой, уæддæр сæ иуæн æнæ фæтасгæ нæй уæрджытæй. Тыргъы къулмæ йæхи бахаста, банцой йыл кодта æмæ уырдыгæй касти, йæ акомкоммæ тыргъы урсцагъд къулыл сырхбын байраджы сæр куыд æрдаргъ, уымæ. «Лидзын хъæуы» смидæг и йæ сæры æмæ æндæр ницуал мæт уыд йæ сæры. Фæлæ – куыд?! Айæппæт лæгтæй йæ иу уынæг нæ фæуыдзæн! Стæй йыл хъуамæ ныккæлой æмæ йæ сыбыртт дæр мауал суадзой. Фæлæ йæ уый фæстæ се 'хсæн куы 'рбадын кæной æмæ йын уыцы тæфкалгæ байраджы фыд куы ныккалой йæ разы, уæд цы ми хъуамæ кæна! Кæмæйдæр тамако 'мæ гæххæтт ракуырдта, фæлæ цыма хистæртæй æфсæрмы кæны – куыд схæца се 'хсæн тамако тухыныл! Æмæ æддæдæр алæууыд, уым стыхта йæ тамако, гыццыл алæууыд æмæ та, цыма тамако ссудза, уый дæр йæ цæсгом нæ хъæцы æмæ, тыргъæй кæртмæ цы гыццыл асин уыд, ууыл сабыр-сабыр ныххызт. Лæгтæ, бадты размæ куыд вæййы, афтæ сæ дзолгъо-молгъойыл уыдысты. Йæ хъус æм ничи дары, уый бамбæрста æмæ йæхиуыл уынгмæ ахæцыд. Уым йæ тамако аппæрста, – сдымдтаид æй æмæ пъæртгæнгæ цыдаид уыцы талынг уынгты, фæлæ йæм зынг нæ уыд. Фæсте йæ исчи куы расура, уыцы тас йе уæны бадт æмæ тагъд кодта. Сæхи уынгмæ баздæхæнмæ куы схæццæ и, уæд сулæфыд æмæ йæ цыд фæсабыр кодта. Сæ дурын асинмæ куы бахæццæ и, уæд æрлæууыд, гыццыл алæууыд, фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта æмæ араст уæлæмæ асиныл. Ныртæккæ сæ тъæпæн уынгмæ схæццæ уыдзæн – уыдонæн уынг, сæ бынмæ чи цæры, уыдонæн – уæлхæдзар – æмæ та уым дæр æрлæудзæн, уым дæр та аракæс-бакæс кæндзæн алырдæм, кæд уыцы талынджы уынгæ ницы фæкæндзæн, уæддæр, стæй бацæудзæн

мидæмæ. Куыддæр йæ астæумæ схæццæ ис асинæн, афтæ чидæр æруади йæ тæккæ фæрсты, афтæ æруади, цыма уæлдæфы уылæн фæкъул асиныл дæлæмæ, стыр уылæн нæ – афтæ хъæбысы дзаг чи уыдаид, ахæм уылæн. Æндæр ын нæдæр йæ къахы хъæр ацахстой йæ хъустæ, нæдæр ын йе 'ндæрг ацахстой йæ цæстытæ. Æмæ лæугæйæ аззади Серæби: чи уыдаид?! Фысымтæм чи фæцæуы, уый сæм фаллаг уынгыл фæцæуы – фаллаг уынг сæм æввахсдæр у æмæ фæстæмæ дæр ууылты ацæуы. Стæй, фысымтæм чи уыдаид, уый афтæ ратахтаид йæ фæрсты! Нæ йæм фæлæууыдаид, ницы йæм сдзырдтаид? Нæ, уый гæнæн нæй. Уæдæ уæд уымæ 'рбацыди, чидæриддæр уыди. Фæлæ, кæд уымæ 'рбацыди, уæд æм цæмæннæ фæлæууыди?!

Ссыди асиныл. Мидæмæ бахызт æмæ, куыд уыди, афтæ йæхи æруагъта, стъолы дæллаг кæрон цы бандон уыд, ууыл. Бадти, мидæггаг талынгæй æддаг талынгмæ касти рудзынгæй æмæ хъуыды кодта: чи уыдаид? Нæлгоймаг нæ уыдаид. Нæлгоймаг афтæ æнæуынæр цæуын нæ зоны, æмæ, иугæр нæлгоймаг нæ уыд, уæд сылгоймаг уыди. Серæби бахудти йæ хъуыдытыл: сæ хуымæтæгæй сæ хъæфс-хъæфс цыдис йæ хъуыдытæн. Уæд та йæ фæстæ куы ауадаид. Æмæ фæфæнд кодта – ауайа æмæ азила сæ алыварс уыцы уынгты, чи зоны йæ баййафа искуы. Йæхиуыл схæца, куыд загъта, афтæ рухс куы ссудзид æмæ Патъимат бахизæны куы алæууид! Фысымты зæронд ус Патъимат, дон ын чи схæссы сæ рагон бæрзонд гогоны далæ суадонæй æмæ йын æй ам хæдзары бедрамæ чи рауадзы, луаситæ йын чи скæны æмæ йын сæ хъæрмæй чи 'рбахæссы. Хуындзауы лæуд кæны, тæбæгъ йæ дæлларм æмæ дзы хъарм луаситы æхсызгон тæф цыди. Серæбийы бадгæ куы ауыдта, уæд фестъæлфыд, фæстæмæ фæцудыдта æмæ хъæрæй загъта:

– Уо Аллах!

Серæби фестад, тæбæгъ райста, бузныг ын загъта, фæлæ уый йæ рæтъувæн ныхасæй нал æнцад, æвæццæгæн ам, талынджы кæй бадти, уый тыххæй хыл кодта. Къæсæрæй дæр уыцы схуыст ныхасгæнгæ ахызти.

Серæби лæууыди æмæ æнкъардæй йæ фæстæ касти. Æндæр ын йæ бон цы уыди! Йæ къæхтыхъæр куы басабыр и рудзгуыты æдде, уæд йе 'ргом аздæхта луаситæм.

Уым ахуыргæнджытæн ссад лæвæрдтой. Мæйы райдиан-иу сын дуканигæс Мæхæмæт фæйнæ путы рабарста мæнæуы ссад.

Урс ссад нæ, афтæ, æмхæццæ ссад кæй хонынц, ахæм. Уæд лекъты хæхбæсты, æвæццæгæн, урс ссад нæма уыд. Кæд дзы уыд, уæддæр дзы Серæби урс дзул никуы федта.

Ныр лæууыди, æмæ йæм иу хъуыды æрцыд – цæй æмæ ахæра луаситæй. Кæмдæр дзы цыхты къæртт и, доныфых æйчытæ дæр дзы и. Куыддæр тæбæгъ стъолыл æрæвæрон, загъта, афтæ йæ къухтæй æрхауди тæбæгъ: стъолыл фæрсæй-фæрстæм, лæууыди дыууæ кæрдойы, уыцы изæр æм цалынмæ Лабазан не 'рбацыди, уæдмæ куыд лæууыдысты дыууæ кæрдойы фæрсæй-фæрстæм, афтæ лæууыдысты ныр дæр. Фæлæ дзы уæд Лабазан иу йæ тæккæ астæуыл куы алыг кодта йæ хæрынкъайæ æмæ дзы стæй иу йæхæдæг куы ахордта дыууæ æрдæгæй, иннæ та Хабиб куы акъæмс-къæмс кодта, иу куы анызта, уæд! Уæдæ ма цы хуызы бадыууæ сты кæрдотæ фæстæмæ? Æмæ та-иу йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ æртъæппытæ кодта – кæд иу йеддæмæ нæу æмæ йæм дыууæ зыны. Æрæджиау сæм бавнæлдта. Мæнæ уый сæ иу, мæнæ уый се'ннæ. Йæ дыууæ къухæй сыл хæцыд, æмæ, кæм æвæрд уыдысты, уырдæм касти – кæд дыууæ дæр не сты, кæд, мыййаг, фылдæр сты? Фæлæ стъолыл кæрдойæн йæ кой дæр нал уыд. Кæрдо дзы нал уыд. Фæлæ йæм кæд кæрдоты бынатæй не сзынди дыууæ гæххæтты гæбазы! Тымбыл гæххæтты гæбæзтæ, æмхуызон гæххæтты гæбæзтæ, сæ дыууæйæн дæр сæ кæрæттæ, хырхы дæндæгтау хъыгъырытæ карст хæсгардæй. Æмæ ма йæ цæстытæ æрцъынд кæна, уый нал уæндыд – исты куы фæуой уыцы гæххætты гæбæзтæ! Стæй кæрдотæ æрæвæрдта стъолыл æмæ гæххæтты гæбæзтæ систа. Мæнæ сыл цыдæр цыбыр дзырдтæ фыст. Æмæ сыл даргъ дзырдтæ куыд ныффысдзынæ, æниу, уыцы гыццыл гæбæзтыл! Рухсмæ сæм æркаст æмæ – мæнæ диссаг! Иуыл разынди «Дун» фыст, иннæуыл «Мун». Йæ цæстытæм сæ хаста радыгай æмæ сæ касти 'мæ касти: «Дун» æмæ «Мун», ома, æз æмæ ды. Стæй сæ стъолыл æрæвæрдта кæрдоты фарсмæ æмæ та рахызти йæ хуымæтæг хъуыдытæм: чи уыдаид? Æмæ кæй зоны 'мæ кæмæй зæгъа? Йæхи йын зонынц, йæхи йын базыдтой хъæубæстæ. Гъомæ йын йæхи базонæнт! Уый та сæ чи зыдта, æмæ ам йе стъолыл дыууæ кæрдойы уыди, 'мæ дзы иу Лабазан æмæ Хабиб ахордтой, æмæ дзы иу йеддæмæ нал и?! Стæй маргъ чи фестадаид, Нарты фæткъуы чи скъæфта, уыцы маргъы хуызæн æмæ уыцы кæрдойæн йæхи халдих æмбал чи æрбаскъæфтаид æмæ йын æй йæ фарсмæ чи авæрдтаид?!

Патъимæт æй куы фена, уымæй та куыд нæ фæтарстаид? Патъимæт бон дыууæ-æртæ уады дæр æрбакæны. Дон ын схæссы, луаситæ йын скæны ‘мæ уыдон æрбахæссы, æнæуи дæр сæм исты дзæбæх хæринаг куы вæййы, уæд ын дзы ма ‘рбахæсса, уый гæнæн нæй. Иу-цалдæр боны размæ йын панхъал дæр куы ‘рбахаста. Ам йе ‘рцыдмæ лæууыди уыцы хъармæй. Панхъал куы скæнынц, уæд æй сæхимæ фæхонынц, фæлæ уыцы изæр скъолайы афæстиат и, æмæ йæ куыд бахуыдтаикко‌й! Фæлæ Патъимæт цы бар дары уыдæттæ-йедтæм?!

4

Уæд фыццаг хатт бавзæрста æнæхуыссæг æхсæв. Цыма-иу фынæй уыд, уыйау-иу æдзæмæй аззад, æмæ-иу æм афтæ дæр касти – фынæй у. Фæлæ цæй фынæй æмæ цæй цыдæр! Йæ цæстытæ кæрæдзийыл æвæргæ дæр нæ акодта. Йæ иу фарсæй-иу йе ‘ннæ фарсмæ æрзылд. Йæ фæсонтыл-иу ауагъта йæхи, нæй – фæлладысты йæ фæрстæ дæр æмæ йæ фæсонтæ дæр. Æмæ йæм афтæ зынын байдыдта, цыма та хъæдысыстытæ базмæлыди йæ хуыссæнты. Уæд бынтон байдыдта утæхсæн кæнын.

Уый дзы никуы ферох уыдзæн, уыцы æхсæв. Уæд ыл куыд ныккалдысты – зæххыл фæзил, уæд, æвæццæгæн, хъæдысыст фæсте нал баззади, иууылдæр уый уатмæ æрæмбырд сты. Куы нал сæ фæрæзта, куы сыстад æмæ рухс куы ссыгъта, уæд уыдонмæ чи нæ акасти – куы-иу сдыууæрдæм сты уыцы урс хуыссæнты уæлæ. Лидзинаг фæци, æхсæв-бонмæ уынгты фæрацу-бацу кодта. Уый фыццаг æхсæв куы схуыссыди йæ фатеры, уæд уыди. Дыккаг бон Патъимæт сыхаг устыты æрæмбырд кодта, дон фехсыстой æмæ йæ сынтæгыл фæуагътой, къуымты йæ фæкалдтой – фесæфтысты. Фæлæ ма дзы искуы иугæйттæ фæзыны ныр дæр. Æдзæрæг хæдзар уыди æмæ байдзаг и хъæдысыстæй. Диссаг нæу? Æдзæрæг хæдзарæй хъуамæ лидзгæ фæкодтаикко‌й, уыдон та йæм æмбырд æристы.

Æмæ уæд хъæдысыстыты аххос уыди йе ‘нæхуыссæг. Фæлæ ныр та?! Дзæбæх ссыд Тагиртæй. Лидзгæ кæй ракодта, уый хорз нæу, худинаг у Тагирæй. Фæлæ куыд æрбадтаид уыцы фынгыл! Иннæтæ уырыссаг арахъхъ нуазын æмæ байраджы фыд хæрыныл куы схæцыдаикко‌й, уæд уый та цы кодтаид?!

Ныр та – уыцы кæрдотæ! Кæрдотæ дæр нæ, фæлæ – кæрдо. Иу кæрдо æрбахастæуид. Æмæ цы у иу кæрдо! Кæрдойы

йеддæмæ ма исты у?! У ма, æвæццæгæн, у цыдæр кæрдойы йеддæмæ. Ахæм цыдæр ма дзы ис, æмæ кæрдо йæхæдæг кæмдæр аззайы. Чи йæ ‘рхаста, цы зæрдæйæ йæ ‘рхаста? Иннæ ахæм уыцы гæххæтты гæбæзтæ! Æмæ уый уыдаид, асиныл йæ фæрсты уæлдæфы уылæн куыд фæкъул уа, афтæ чи æруади, уый. Æндæр ничи уыдаид, æндæр чи хъуамæ уыдаид! Фæлæ уый чи уыдаид, уый?!

Æмæ та сыстади Серæби, уæд куыд сыстади, афтæ та сыстади ныр дæр, йæ пысултæ скодта æмæ æддæмæ ахызт. Уынгтæ уыдысты талынг – уыйас хъæу, æмæ дзы кæд сыгъдаид иуцалдæр цырагъы. Æмæ цы у цалдæр цырагъы уый хуызæн рагон дурамад хъæуæн!

Цыди æмæ цыди талынг уынгты. Хорз уыди ‘мæ куыдздараг нæ уыдысты Ансалтайы. Боныгон дæр дзы искуы иу къæбылагонд куыдз макæй дуарæй разындаид, æндæр дзы куыдзау куыдзыл никуы схæцыдаид лæджы цæст.

Рахатамæ кæм азилынц, уырдæм куы ныххæццæ æмæ иу нарæг уынджы куы базылд, уæд кæд не ‘рцыд йæ хъустыл ирон фæндырдзагъд! Чидæр æввахс кæмдæр гъæйттæй цагъта ирон хонгæ кафты цагъд. Кæм лæууыд, уый нал хъуыды кодта, цæмæн лæууыд, уый дæр дзы байрох – кæцæй хъуыса уыцы цагъд?! Кæд æнæуи ауад йæ хъустыл? Уæдæ цы агуры ам ирон фæндыр? Кæцæй æрцыд ардæм ирон фæндырдзæгъдæг?! Лæууыди æмæ куывта – цыдæриддæр у, уæддæр фылдæр куыд ахæсса! Нæй, æрмынæг и цагъд, рухс куыд æрмынæг вæййы, афтæ æмæ ахуыссыд. Æмæ уыцы талынг дунейы иунæгæй аззади, бынтон иунæгæй. Кæуылты æрбацыд, уый дæр нал хъуыды кодта, кæцырдæм ацæуа, уымæн дæр ницуал зыдта. Афтæмæй йæ цæстытæ æрхæцыдысты рухсыл – уæртæ фалдæр цыппæрдигъон рухсы цæст, цыма къулыл конд нæ уыди, фæлæ цыма ауыгъд уыди уынджы астæу.

Æмæ бараст уыцы рухсмæ, Нартæ-иу сæ хæтæнты зынггур куыд фæцæйцыдысты арты рухсмæ, афтæ. Рухсмæ бахæццæ, рудзынгæй бакасти ‘мæ уæртæ багуыбыр и иу чидæр йæ ныллæг стъолмæ æмæ гъæйттæй æмпъузы иу стыр цырыхъхъ – туас дзы ныззилы, стæй дзы теман атъыссы æмæ æндах ахъаззаг сивазы. Серæби лæууыди уыцы гыццыл цыппæрдигъон рудзынджы раз æмæ касти мидæмæ, цыма йæ уатæй дæр уый тыххæй сыстади, ацы талынг уынгты дæр уый тыххæй фæцыд, цæмæй,

чидæр цырыхъхъ куыд æмпъузы, уымæ кæса! Лæуууыди, касти лæгмæ æмæ цин кодта, афтæ сабыр, афтæ æнæ уæлдай змæлдæй кæй æмпъызта лæг уыцы стыр цырыхъхъ, ууыл. Стæй бахоста рудзынг æмæ йын, теман цы къухы уыд, уымæй ацамыдта лæг – мидæмæ! Серæби бамбæрста, ам кæмдæр дуар и, æрмифицаугæйæ ацагуырдта æмæ фæхæст и дуары хæцæныл. Дуар куы бакодта, уæд базыдта Гасаны. Скъолайы уыди ибоны къуыри, йе 'фсымæры лæппуйы иу къласæй иннæ къласмæ ивын кодта. Æниу йæ кой уый размæ дæр фехъуыста Гасанæн – йæ дыууæ къухы цæмæ нæ арæхстысты, ахæмæй ницы уыди Хуыцауы бын: къахыдарæс æмпъызта, сахæттæ цалцæг кодта, гогонты хуынчъытæ 'мæ скъуыдтæ ныхæста, худтæ хуыдта. Фæлæ йæм уыцы ирон цагъды пластинкæ кæцæй æрхаудаид! Пластинкæ уыдзæни, уæдæ фæндырæй кæм ныццагътаид Гасан?! Бацин кодта Серæбийыл – æфсады уыди, уырыссагау дзурын дæр фæрæзта.

– Цай бацымæм! – бахъæлдзæг Гасан, цайданы даргъ бæттæн баивæзта æмæ йын йæ сæр, къулæй æддæмæ чи рацъупп и, уыцы токдзæуæны фæтъыста, æмæ йын радзырдта Гасан, пластинкæтæ йæм бирæ кæй и, алыхуызон пластинкæтæ, суанг фæсарæйнаг пластинкæтæ дæр, æлхæны, æмбырд кæны пластинкæтæ. Стæй мæнæ афтæ куы фæкусы, уæлдайдæр æнафæтты, уæд сæ сæвæры æмæ сæм хъусы. Иуæй йын йæ хуыссæг сырдтой, иннæмæй йын сабыр цин хастой йæ сабыр куыстмæ. Æмæ ма æндæр цы хъуыди Гасаны! Йæ иннæ фарсыл та симды цагъд уыди. Уыцырдæм дæр æй сæвæрдта Гасан. Бадтысты, хъуыстой пластинкæтæм æмæ цай цымдтой. Йæ цай – цыдæр æнахуыр, æлхæнгæ цаймæ сæхирдыгон кæрдæджытæ бафтыдта, æмæ йæ хæрздæф удыл бадти. Стæй та тамако дымдтой, йæхи карст цъæх тамако. Серæби, иугæндзон чи дымы, уыдонæй нæ уыд, афтæ-иу æнæуи адымдта. Сæхимæ дæр тамако дымгæ рацыд. Йемæ дæр ын радта тамако. Зæронд газеты хæррæгъы йын дзы-иу муцъийыдзаг ныккодта æмæ йын æй бæстон батыхта.

Æмбисæхсæв фæсте аззад, йæхи хуыссæны куы ауагъта, уæд. Исдуг хъуыды кодта Гасаныл – ныр адæм иууылдæр уый хуызæттæ куы уаиккой, Лабазан дæр Гасаны хуызæн куы уаид, Хабиб дæр, Мæхæмæт дæр, стæй иннæтæ дæр, кæй зоны 'мæ кæй нæ зоны, уыдон иууылдæр, уæд куыд хорз уаид! Се 'ппæт дæр пластинкæтæм хъусын куы уарзиккой æмæ-иу пластинкæ куы сифтындзиккой, афтæмæй куы кæниккой сæ куыстытæ.

Æмæ йæм уæд æрцыди иу æнахуыр хъуыды: ныр, цымæ, Гасаны патефон ракур уыцы ирон цæгъдтыты пластинкæимæ æмæ симын бацамон æстæм къласы лæппутæ æмæ чызджытæн, уæд куыд уаид? Сæхимæ ахæм кафтæй ницы и Солыйæн. Тымбыл кафт фæкæнынц – гуырдзы дæр ма сын куы айстой сæ тымбыл кафт: «лекъури» – ома лекъаг. Æмæ, дам, гуырдзиаг адæмон кафт «лекъури». Цымæ ма гуырдзиаг куыд у, иугæр лекъаг у, уæд?! Фæхæст уаиккой симдыл. Зæрдæргъæвд сты. Кафынмæ дæр зæрдæргъæвд ма разыной, уый гæнæн нæй. Æмæ цæмæ нæ сарæхсдзысты! Æрмæст уырыссаг æвзаг нæ бады сæ дзыхы. Уырыссаг дзырдæй уырыссаг ницуал вæййы, ныддæрæхсæн æй кæнынц, солыйаг дзырды æнгæстæ йæ цалынмæ скæнынц, уæдмæ йæ не сфæразынц зæгъын. Иуафон йæ цæстытыл ауади – уартæ скъолайы дæргъæццон тыргъы рацæуынц симгæ скъоладзау лæппутæ 'мæ чызджытæ. Разæй – Айсет. Лæппутæй кæйдæр цонг йæ дæлармы, æмæ йыл рог хæцы йæхимæ. Йæ сау цæстытæ æнæ уæлдай змæлдæй сæхи сарæзтой размæ, йæ тæнæг салбары фадгуытæ сæ тыбар-тыбурæй нал æнцайынц, цыма цин кæнынц цæуылдæр, уый хуызæн. Стæй нал фæзындысты салбары фадгуытæ. Айсетыл фестади даргъ разгом къаба, ирон кафты чызджытыл цы къабатæ вæййы, ахæм. Æмæ дис кæны Серæби – кæцæй æрцыди ирон разгом къаба Айсетæн?! Искæй куы афæрсид, фæлæ кæй? Чи йæ зондзæни? Мæхæмæт æй, чи зоны, зона – уæддæр та директор. Æмæ Мæхæмæты агурыныл куыд фæци, афтæ ауыдта: уартæ скъолайы дуарæй рахызти Айсет, йæ уæлæ, симгæ кæм кодта, уыцы разгом къаба, афтæмæй. Ныр къаба афтæ урс-урсид уыд æмæ цæстытæ къахта йæ урсæй, æмæ та бадис кодта Серæби – ам урс дарæс мæнæ-мæнæ куы нæ дарынц, ам хъулон-мулон дарæс куы уарзынц, уæд афтæ урс-урсид цæмæн уа йæ къаба Айсетæн?! Ноджы йын ирон разгомы нывыл карст цæмæн у йæ къаба! Цæмæн æй бахъуыд æмæ разгом къабахуыд уа йæ къаба? Ныр урс хъуымацæй хуыд у йæ къаба, уый тыххæй?.. Кæд, мыййаг, чындзы цæуын сфæнд кодта?! Ам скъоламæ куы нæуал цæуай, уæд чындзы цæуын у дæ бон. Фæлæ Айсет нырма цæуы скъоламæ...

Скъолайы бынмæ уыцы къул ныццæуæны цы дæргъæццон тыргъгонд арæзт уыд, уым уыди бирæ адæм. Иууылдæр се 'ргæмттæ Айсетмæ здæхт. Мæнæ Ивановы нывы Чырысти цы адæммæ рацæйцæуы, уыцы адæмы цæстытæ иууылдæр уымæ

куыд арæзт сты, Чырыстимæ, афтæ. Æмæ æрцæйцыд уыцы урсурсид разгæмтты. Афтæ йыл фидыдтой разгæмттæ, æмæ Серæби йæ цæнгтæ арвмæ ныхъхъыл кодта фырдисæй. Уалынмæ кæсы, æмæ йæ разгомы иу фарс зæбулæй аззади Айсетæн, æмæ йæ зæнгыл андæгъдысты йæ цæстытæ Серæбийæн. Æмæ уый уæртæ гъæйтт-мардзæ чындздзон чызджы зæнг куы у! Кæд ма исты зоны Серæби, уæд уымæй ставддæр зæнг фидаугæ дæр нæ кæны чызгыл, уымæй дæр Айсеты хуызæн нарæг фæсонтæ кæмæн уа æмæ нарæг астæу, ахæм чызгыл. Фæлæ кæд, мыййаг, йæ иннæ зæнг лыстæгæй баззад? Уæд, далæ сæ хутыртæй Чакаримæ тæсчъытæ куы сцæйхастой, уый сæм фæсте куы касти, уæд æм йæ тæнæг салбары мидæг куыд лыстæг фæзындысты йæ зæнгтæ афтæ?! Æмæ, цымæ, йæ иннæ фæдджи не 'рхаудзæн разгомæн? Куы æрхауид йæ иннæ фæдджи дæр, уæд разынид йæ иннæ зæнг дæр, æмæ йæ фенид Серæби. Фæлæ фæдджи нæ хауд, афтæ фидар тыбар-тыбур кодта зæнджы уæлæ. Уæд иннæ зæнг чи уыд, уый та кæд нæ райдыдта зынын уæлдæрæй уæлдæр, æмæ старсти Серæби – мыййаг, афтæ куы ахæсса зынгæ-зынгæ уæлæмæ зæнг, уалæ æгæр уæлиауæй куы разына, уæд нæ фæхудинаг уыдзæн Айсет?! Уыцы хъуыдытæ куыд кодта Серæби, афтæ Айсет йæ къухыл схæцыд æмæ уартæ йæ къухы мелы къæртт. Уым хæрдмæ схæцыд йæ мелыл, цыма йын цырагъ уыд æмæ дзы йæ раз рухс кæнынмæ хъавыд, уый хуызæн, æмæ æрхызти, адæм кæм лæууыдысты, уыцы тыргъгондмæ. Йæ къахдзæф рæуæг уыд, фæлæ дзы цыдæр кад æмæ рад уыди. Æппæты уæле лæууыди Мæхæмæт – йæ цъæх худ йæ сæрыл бæрзонд конд. Æмæ йын йæ риумæ схаста йæ тæмæнтæкалгæ мел Айсет æмæ йын, цыма фысгæ нæ ныккодта йæ риуыл, фæлæ йыл æндадзгæ акодта уыцы фыст, афтæ йыл аззади: «мун ги гъæмæ!» Мæхæмæты дæллаг фарс та уый лæууыди, Серæби, æмæ ныр та уый риумæ сæвнæлдта Айсет, сæвнæлдта йын йæ риумæ, стæй йæм йæ сау цæстытæ сцæйхаста, æвæццæгæн ын йæ цæсгоммæ скæсынмæ хъавыд, фæлæ кæронмæ схæссын нæ бафæрæзта йæ цæстытæ – цæстыхаутæ сыл ныккалдысты, æмæ ма сæ афтæмæй куыд схастаид?! Æмæ йын уæд мел бахаста йæ риумæ уымæн дæр, æмæ йæ риуыл фыстæй аззадысты уыцы дыууæ цыбыр дзырды: «Мун», «Дун». Серæбийæ дæлдæр чи лæууыд, уыдонæй та кæмæн дзуары ныв акодта йæ риуыл, кæмæн та – æнæуи цыбыр хахх, æмæ та дисæн бахъуыди Серæби:

дзуæрттæ сын цæмæн ныв кодта сæ риутыл, адон пысылмон адæм куы сты! Цæмæн сæ бахъуыди дзуæрттæ?! Лабазан æмæ Хабибмæ куы ныххæццæ ис – уыдон æппæты дæле лæууыдысты – уæд нывнæлдта, йæ разгомы фæдджийыл схæцыд, йæ ронбасты йæ æртъыста, йæ зæнг куыд нал зына, афтæ. Уыдоны риутыл фысгæ ницы ныккодта. Æмæ Серæбийæн æхсызгон уыди – йæ уæраджы фæлмæн кæй бамбæрзта, уый дæр ын æхсызгон уыдис æмæ Лабазан æмæ Хабибы риутыл кæй ницы ныффыста, уый дæр.

Стæй цыдæр фæци Айсет. Æмæ уæд фестъæлфыд Серæби – уæдæ уый уыди, уый, Айсет уыди: Лабазан æмæ Хабиб цы кæрдо бахордтой, уыцы кæрдойы бынат æндæр кæрдо уый нывæрдта! Стæй дыууæ кæрдойы бын уыцы хъыгъырыкарст гæххæттытæ дæр уый бавæрдта, «Дун» æмæ сыл «Мун» дæр уый ныффыста гæххæтты гæбæзтыл! Уый уыди, уый Айсет уыди!

Æмæ фехъал и Серæби. Рудзынгæй боныцъæх йæхи æрбавдыста.

5

Уæд ахуыргæнджытæн æмбырд сарæзта. Уымæй размæ сын сæ уроктæм фæцыд, семæ фæныхас кодта – алкæимæ дæр хибарæй. Ныр та, сæ уроктæ се ‘ппæтæн цы хъуаг уыдысты, ууыл хъавыд æрныхас кæнынмæ.

Æмæ дæрзæг рауади йæ ныхас:

– Левитаны кой фехъуыстаиккат – уыди ахæм номдзыд нывгæнæг. Æмæ-иу йæ ахуыргæнинæгты нывтæ къултыл фæхоста. Рухс нæй уæ нывты, рухсы цъыртт уын сæм никуыцæй цæуы! – хъæр-иу кодта. Афтæ мæм зыны, цыма Левитан йæ ахуыргæнинæгтимæ цы загъд-замана кодта, уый комкоммæ мах уроктæм дæр хауы. Рухс нæй нæ урокты. Рухс цы хæдзары нæ уа, уый æнкъард у, рухс цы урочы нæ уа, уый ноджы æнкъарддæр у. Æнкъард уроктæ кæнæм. Талынг уроктæ. Талынг урокты бадынц не скъоладзаутæ, æнкъард урокты. Иу барæнæй барст уроктæ, иу кæрдæнæй карст уроктæ. Кæрæдзийæ ивддзæгтæ кæнынц, афтæ æмхуызæттæ сты, гъе. Æмæ диссаг у, куыд фæразынц не скъоладзаутæ нæ урокты бадын, куыд нæ нын фæлидзынц нæ уроктæй!

Мæхæмæт бадти, кæм фæбады, уым – Серæбийы стъолы чъылдыммæ рæбынæй. Серæби йын йæ худы гопп уыдта – уыцы

тымбылæй йæм зынд, йæ цæсгом бынæй кæмдæр уыд худы бын. Худ-иу базмæлыд, иуырдæм дæр-иу фæкъул, иннæрдæм дæр – æвæццæгæн, гуырысхо кодта Серæбийы ныхæстæй цæуылдæрты Мæхæмæт.

– Урок хъуамæ хъазты хуызæн уа, цыма цыдæр дзæбæх хъазтæй хъазынц, афтæ зына скъоладзаутæм, æмæ сæ алчи дæр уымæ тырна, цæмæй уыцы хъазты уымæй хуыздæр мачи сарæхса. Уый ме 'рхъуыды нæу – уый дунейы номдзыддæр ахуыргæнджытæ æрцыдысты уыцы хъуыдымæ. Хъуамæ хъазыны змæлд уа урочы. Хъуамæ уыцы хъазыны змæлдыл арæзт уа урочы змæлд, хъуамæ йæ уд ууыл хæца урокæн, уыцы хъазыны змæлдыл.

Ахуыргæнджытæ багуыбыр сты сæ бандæттыл, мæнæ вагзалы поезды æрцæуынмæ чи фенхъæлмæ кæсы, уыдон дæр ма афтæ багуыбыр вæййынц вагзалы даргъ бандæттыл. Æмæ дзургæ-дзурын хъуыды кодта Серæби – цымæ, уый ныхæстæй афтæ багуыбыр сты, æви сæм хъуысгæ дæр нæ кæнынц уый ныхæстæ, æнæуи сæ алчи йæ царды гæнæнтыл сагъæс кæны æмæ уымæн багуыбыр сты афтæ.

– Хъуамæ скъоладзауты уый ма фæнда, æмæ урок тагъддæр куы фæуид, хъуамæ уымæ бæллой – фылдæр куы ахæссид урок. Фылдæр дзы куы абадиккой. Афтæ цы урокты нæ уа, уый дзæгъæлы арæзт æрцыди, дзæгъæлы дзы фæбадтысты скъоладзаутæ, дзæгъæлы йыл фæархайдта ахуыргæнæг.

Библиотекæ нæм ис. Æз ма дис дæр бакодтон: цы нæ чиныг дзы разынд! Æмæ лæууынц тæрхæджытыл, дзыназынц тæрхæджытыл уыцы дзæбæх чингуытæ. Скъоладзаутæй искуы иугæйттæ цæуы библиотекæмæ, ахуыргæнджытæй – иу дæр нæ. Æмæ йæхæдæг чи нæ уарзы чиныг, уый йæ скъоладзаутæн куыд хъуамæ бауарзын кæна! Æмæ ахуыргæнæгæн йæ хуыздæр хæс уый куы у, цæмæй скъоладзаутæн чиныг бауарзын кæна. Чиныгыл сæ бафтауа. Чиныг чи бауарза, уымæн йæ фæндаг рухс у чиныджы рухсæй, æмæ йын фæкæлынæй тас нæу. Дунейы разагъды лæгтæ чиныгмæ куывтой, чиныг хуыдтой сæ хæрзгæнæг. Пушкин куы марди, уæд йæ фæстаг ныхæстæ чингуытæм здæхт уыдысты, йæ бирæ хæлæрттæм нæ – фæлæ – чингуытæм, æмæ сæм афтæ дзырдта мæлгæ-мæлын: хорзæй баззайут, мæ зынаргъ æмбæлттæ! Чиныгæй хуыздæр ницыма æрхъуыды кодта адæймаджы зонд, æмæ ахуыргæнæг хъуамæ скъоладзаутæм чиныгимæ цæуа – хъуамæ сæм йæ къухы дæр чиныг хæсса æмæ йæ зæрдæйы дæр...

Ахуыргæнджытæй ничи раныхас кодта, йæхиуыл дæр сæ ничи схæцыд, æмæ уæд та ахæм хъуыды æрцыд Серæбимæ – кæд æгæр схъæл рауади йæ ныхас, æгæр зондамонæн, æгæр уæле дæлæмæ. Кæд æгæр ног цъылын ацарæзта йæхицæй æмæ æгæр рæбынæй райдыдта къуымтæ мæрзын? Æнæуи, йæ ныхас даргъ куы рауайа, уымæй тарсти – даргъ ныхæстæ ‘мæ бирæ дзурынтæ нæ уыдисты йæ удыгъæды. Æмæ сæ йæхи хызта, уæддæр æнæхъæн дыууиссæдз минуты рауад йæ ныхас.

Ахуыргæнджытæй куы ничи хъавыд исты зæгъынмæ, уæд йæхиуыл схæцыд Мæхæмæт йæхæдæг. Йæ раныхасæй йын уæлæнгай æппæлдтытæ акодта, стæй аздæхти æндæр ныхæстæм:

– Ныронг авдазон уыди ацы скъола, ныр хъуамæ дæсазон суа. Мæн дæр уый тыххæй æрбарвыстой ардæм æмæ Серæбийы дæр, цæмæй дзы дæсазон скъола саразæм. Уый та афтæ амоны, æмæ ныронг куыд куыстат, уый фаг нал у, ныр æндæргъуызон кусын хъæуы – уый хъуамæ æмбарой æрмæст ахуыргæнджытæ нæ, фæлæ суанг  артгæнджытæ ‘мæ мæрзджытæ дæр. Дæсазон скъола – уым лæг астæуккаг ахуыр райсы. Астæуккаг скъола – уый, уæлдæр скъоламæ кæцæй басанчъех кæнæм, ахæм скъола у. Æмæ уым бирæ цыдæртæ хъæуы. Раст загъта ахуыры хайы хицау – æнкъард у не скъола. Фæсурокты куыст нæм нæй, хихъæппæрисадон къордты куыст бынтондæр – хуыст. Ахуыргæнджытæй йæ уроктæ кæмæн фæвæййынц, уымæн хъæуы йæ тъæпп фæцæуы.

Мæхæмæт ахуыргæнджытыл йæ цæст ахаста, йæ амонæн æнгуылдзы зæрдæйæ йæ фындзы цъупп адаудта æмæ ма уæд бафтыдта йæ ныхасыл:

– Афтæ мæм кæсы, æмæ сымахæй – æз уе ‘ппæтмæ дæр дзурын – алчидæр хатдзæгтæ скæндзæн нæ абоны æмбырдæй, ахуыры хайы хицауы раныхасæй – хатдзæгтæ цæмæй скæнат, уый дзы ис. Уым та, – фæлæууыд йæ ныхасæй, цыма дзы цыдæр ферох и зæгъын æмæ йæм фæстæмæ аздæхынвæнд кодта, уый хуызæн. Стæй загъта: – Не ‘мбырд фестæм, ныр афтæ бакæнæм, æмæ фæкъордтæ-къордтæ ут æмæ хæдзæрттыл азилут. Скъоладзаутæй чидæриддæр скъолайы нæ вæййы, бабæрæг æй кæнут, йæ ныййарджыты йын фенут æмæ сæ чи цæмæннæ цæуы, уый тыххæй мæм бæрæг дзырд æрбахæссут тæккæ райсом. – Уым Серæбийырдæм азылди директор. – Уæд та ды дæр ацæуис ахуыргæнджтæй иу къордимæ? Уадз æмæ дæ феной: æрыгон

ахуыргæнæг, ахуыры хайы хицау, стыр мызд дын ис – уæд та искæмæн разæнгарды хос фæци дæ фенд. Ау, афтæ сæ ничи зæгъдзæн – æмæ ныр мæ лæппу дæр афтæ куы сахуыр кæнид, афтæ куы кусид скъолайы, афтæ стыр мызд куы исид!

Серæби касти Мæхæмæтмæ, хъуыста йын йæ ныхæстæ, æмæ хъуыды кодта: цымæ, уыцы 'хсæвы хъуыддæгтæй йæ зæрдыл ницы бадардта? Æвæццæгæн, расыг лæджы зæрдæйыл ницы баззайы, цы митæ фæкæны, уыдонæй. Æндæра дзы йе хатыр куыд нæ ракуырдтаид, йе дзы къæмдзæстыг куыд нæ уаид иу гыццыл?!

Уый, Серæби Тагиртæй куы рахъуызыд, уымæн йæ дыккаг æхсæв уыди. Фыццаг æхсæв нæ бахауд Тагиртæм Мæхæмæт, сæхимæ цæуын æй бахъуыд Шодродамæ. Æмæ йæ дыккаг æхсæв бахуыдтой, æвæццæгæн. Уым уыйас фæбадт æви ма искæмæ баздæхт, уый нæ базыдта Серæби, фæлæ йын йæ дуарыл куы бахæцыд, уæд æхсæв йæ æмбисæй гыццыл фæцудыдта бонырдæм. Серæби йæ куыстытæ фæци æмæ æрхуыссынмæ хъавыд. Нуæзтджын уыди, æгæр нуæзтджын. Серæбийы фыццаг уырнгæ дæр нæ кодта, афтæ нуæзтджын уа, уый – кæд ыл æндæр исты æрцыд, æмæ уымæн ныидæргъуызæттæ и! Уæдæ уыцы стыр худ афтæ бæрзонд бадæд дæ сæрыл, уыцы даргъ пъалтойы фæдджитæ уæлдай æнкъуыст ма скæнæнт дæ уæрджыты уæлæ æмæ афтæ нуæзтджын бау!

Йæ пъалтойы дзыппæй зынди кард – æрдæгæй уæлæмæ зынди, æмæ йæ Серæби базыдта – уæд йæ хатæны кърандас цы стыр хъамагомау кардæй цыргъ кодта, уыцы кард уыди. Фæлæ йæ, цымæ, цæмæн рахаста йемæ? Йæ дзыппы йе 'рдæджы онг йеддæмæ цæугæ дæр куы нæ кæны!

Æрбахизæны хæбæцц æрлæууыд æмæ йыл нæ фидыдта, хæбæцц кæй æрлæууыд, уый дæр. Хæбæцц чи æрлæууа, уый хъуамæ æндæргъуызон лæг уа. Уый хъуамæ афтæ зына, цыма сæдзгæ ныккодта зæххы, æмæ Мæхæмæт куыд хъуамæ ныссæдза зæххы!

– Мидæгдæр рахиз, Мæхæмæт Кадыры фырт, æмæ бадгæ æркæн, – дзуры хъæрæй Серæби, афтæ йæм зынди æмæ, уæзхъусмæ куыд хъæрæй дзурын хъæуы, нуæзтджынмæ дæр афтæ хъæуы хъæрæй дзурын – цæмæн æм афтæ зынд, уымæн ницы зыдта. Æмæ йын уæдæ цы хъуамæ загътаид?

– Мæхи бар мæ уадз! – загъта хъæрæй Мæхæмæт дæр. –

Куыд лæууын æмæ куыд бадын, уый мæхи хъуыддаг у, – дзургæ-дзурын йæ къух йæ карды сæрыл æрхаста, æвæццæгæн, куы ахауа искуы йæ кард, уымæй æдас нæ уыди. – Арахъхъ дæм нæй? – бафарста Серæбийы, цыма йæ, дæ ном цы хуыйны, уымæй бафарста, афтæ.

– Нæй.

– Уæдæ дæм цы ис?

– Ницы.

Стæй лæууыд, цыма, цæмæй ма йæ бафæрса, ахæмæй ницуал баззади а дунейы, уый хуызæн – йæ сæр-иу æруагъта йæ риуыл, тынг-иу æй æруагъта. Серæби ма-иу тæрсгæ дæр фæкодта – йæ худ куы фелвæса йæ сæрæй æмæ зæххыл куы сæмбæла. Стæй та-иу куы сцæйхæцыд йæ сæрыл, уæд-иу афтæ ‘нхъæл уыди Серæби – ныр райдайдзæн дзурын. Ныр ын æнæ райдайгæ нал и, æмæ-иу æм кæсгæйæ баззад: цы зæгъдзæн? Фæлæ та-иу, мара-зæгъай, кæд исты загъта.

– Кæм уыдтæ, Мæхæмæт Кадыры фырт? – бафарста йæ Серæби, куы ницы дзырдта уымæй уæлдай, уæд.

– Кæм уыдтæн, уым нал дæн. Ныр ам дæн, æмæ кæм уыдтæн, уым хуыздæр уыд, – йæ сæр батылдта. Дзургæ-дзурын-иу йе ‘взаг фæтымбыл и хатт æмæ-иу, цы дзырдыл фæтымбыл ис йе ‘взаг, уыцы дзырд нал разынд. Æмæ хъуыды кодта Серæби: кæд уымæн ницы дзуры æмæ, куы фæцуда, уымæй тæрсы? Фæцуда, уымæй тас у – йæ лæудыл зыны, кæд цыфæнды хæбæцц лæууы, уæддæр. Фезмæлæн дæр ын нæй, æмæ уæд афтæ кæдмæ лæудзæн? Фæлтау æм арахъхъ куы уыдаид! Банызтаид æмæ кæнæ цæугæ акодтаид, кæнæ истытæ дзырдтаид. Уæдæ ныр ацу ‘мæ – гъа! Уæд Мæхæмæт кард сласта йæ дзыппæй, йæ кæрддзæмæй йæ сæфтыдта æмæ фæцудыдта æмæ, куы фæцудыдта, уæд ын кард цы къухы уыд, ууыл уæлæмæ схæцыд æмæ фæлæууыд йæ цудынæй, стæй йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ æртъæппытæ кодта æмæ Серæбимæ сарæзта йæ цæстытæ.

– Ды пысылмон дæ ‘ви чырыстон дæ?

– Чырыстон дæн.

– Уæдæ пысылмон цардæн ницы ‘мбарыс æмæ дзы дæхи ма тъысс! Дæхи дзы куы тъыссай, уæд искуы къæдзæхæй ахаудзынæ. Æмæ дæ цæмæн хъæуы! Æнæуи къæдзæх хорз у, æвзæр нæу, æмæ йæ Хуыцау уымæн сфæлдыста, æмæ дзы исчи хауа. Уæдæ æндæр цæмæн хъæуы къæдзæх! – Уым йæ ныхас фескъуыд,

йæ сæрыл схæцыд, йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ стыбар-тыбур кодтой, стæй æрсабыр сты йæ цæстытæ, æмæ йæ бамбæрста Серæби – цы дзырдта, уый дзы ферох. Йæ зæрдыл ын æй æрлæууын кæнын хъуыд, фæлæ йын цы æрлæууын кодтаид йæ зæрдыл дæр! Къæдзæх хорз у, æмæ дзы хъуамæ исчи ахауа?! Фæлæ та уæдмæ уый райдыдта:

– Пехуымпар Мæхæмæтæн цал усы уыд, уый зоныс? Нæ зоныс. Æз дæр æй нæ зонын. Чырыстийæн та иу ус дæр нæ уыди. Чи зоны, сылгоймаг цы у, уый зонгæ дæр нæ бакодта. Уымæй ма мæгуырдæр уа! Ацы дунемæ æрцу æмæ, сылгоймаг куыд хорз у, уый ма базон, афтæмæй ацу фæстæмæ!

Серæби-иу æм бакасти æмæ-иу йæ хъуыдыйы фæмидæг – кæд Мæхæмæт нæу, кæд æндæр исчи у! Мæхæмæты дарæс скодта, Мæхæмæты кард рахаста... Уæдæ афтæ гæнæн куыд ис æмæ, скъолайы директорæй кусай, афтæмæй ацафон искæмæ басхъæл уай æмæ уыцы амцæф-уымцæф ныхæстæ кæнай!

Æмæ та-иу æм ногæй бакаст.

– Махæн нæ пехуымпар нæ хуыцауæй уæлдай нæу, нæ цард уый амындтыл лæууы, – уым та фæцудыдта, æмæ та йæ къухыл схæцыд, ацыхатт ын кард кæм уыди, уыцы къухыл нæ, фæлæ – иннæуыл, æмæ бараст и. Æмæ Серæбийы зæрдыл æрбалæууыдысты уыцы бæндæнтыл цæуджытæ. Далæ суадоны бынмæ цы уырджын пæлæхсар бынат и, райсомæй хъæуы устытæ сæ гогонтимæ донмæ куы рацæуынц, уæд къордтæ-къордтæй кæм бамбырдтæ вæййынц кæрæдзийæн ног хабæрттæ кæнынмæ, уым айтыгътой сæ бæндæнтæ – иуырдыгæй сæ рухсдзæуæн телыхъæдыл бабастой, иннæрдыгæй та уартæ Асадуллайы хæдзары фисыныл æмæ сыл рацу-бацу систой, цыма бæндæнтыл нæ цыдысты, фæлæ уæрæх къахвæндагыл цыдысты, уый хуызæн. Æмæ уыдонмæ хъилтæ уыди, даргъ хъилтæ æмæ-иу кæцырдæм фæцудыдтой, сæ хъилтыл-иу уыцырдæм нæ, фæлæ иннæрдæм ахæцыдысты. Æмæ та-иу – уæлæ фæцæуынц. Дыууæйæ рацу-бацу кодтой бæндæнтыл, иннæ та бынæй иу къуырф сыхырнагонд дзаумайы æхца æмбырд кодта. Æвæццæгæн æй фæтчыгъæдæн рахæсс-бахæсс кодта, уыййеддæмæ Ансалтайы лæгтæ æмæ устытæм цæй æхца уыди!

– Чырыстон лæг худ нæ дары. Худ цæуылнæ дары, уый зоныс? Уый дæр нæ зоныс. Стæй æппындæр ницы зоныс. Худ уымæн нæ дары, æмæ йæ ус йæ сæрыл бады. Схизы йæ ус йæ сæрмæ

æмæ уым сбады, æмæ, худ кæм ныккæна, уый йын нал вæййы. Бамбæрстай, худ цæуылнæ дары чырыстон лæг, уый? – Серæби йæм кæсгæйæ баззад æмæ раиртæста: йæ ныхас-иу дзæбæх куы бацырын, уæд-иу къаддæр цудыдта. Уæд-иу йæ цæнгтæ дæр фæлæууыдысты сæ фæхъил-фæхъилæй, кард æмæ-иу йæ кæрддзæм дæр æрсабыр сты йæ къухты мидæг. – Махæн нæ пехуымпарæй – табу уæд йæ сыгъдæг номæн! – баззад сылгоймаг уарзын. Сымахæн та кæмæй баззад? Никæмæй! Æмæ мах сымах цæмæн хъуамæ фæзмæм?! Махæн цы баззади, уый хъуамæ кæнæм! Иу ус цы у лæгæн? Æппындæр ницы! Лæгæн хъуамæ цалдæр усы уа! Йæхи устытæ, йæхи! Æмæ чырыстæттау кæрæдзи устыты хъæбысты ма лæсой. Иу усы æвджид уæддæр куы ничи базæронд вæййы, уæд, искæй устыты фæдыл рахаубахау кæныны бæсты дæхицæн куы уа цалдæр усы, уый хуыздæр нæу?! – Дзырдта, æмæ ныхас рафт-бафт кодта, кæрæдзийыл нæ хæцыд, уæддæр дзы иу хъуыды кæцæйдæр разынди Серæбимæ: кæд афтæ фæнд кæны, æмæ ма ноджы иу ус куы ракурид? Фæлæ уæд йæ ныхас уымæ цæмæ ‘рхаста? Цы бар сын дары Серæби се ‘гъдæуттæм дæр æмæ сæ сылгоймæгтæм дæр?! Æнæуи хицауад нæ уагъта – алы лæгæн дæр хъуамæ уа иунæг ус. Уый уынаффæ уыд. Фæлæ йæм алчи кæм хъуыста! Уый, бынæтты чи куыста, уыдон тарстысты, сæ бынæттæй сæ куы сисой, уымæй æмæ æнцад бадтысты. Ныр Мæхæмæтæн йæ маст базмæлыд, æвæццæгæн, æмæ йæ маст калдта Серæбийыл – æндæр йæ бон никæуыл цыди æмæ цы кодтаид?!

Кæмдæр, хъæуыбын кæйдæр уаг æмæ æгъдауджын уасæг йæ фыццаг хъихъри-хъо ныккодта, Мæхæмæт куы ‘рсабыр, æмæ йæ хæбæцц лæуд куы фехæлди, уæд. Дуарырдæм куы азылд, уæд тынг æнарæхст зылд æркодта йæ мидбынаты – Серæби йæхи рарæвдз кодта – йемæ ацæуа. Фæлæ йæ сыбыртт дæр не суагъта. Кард йæ кæрддзæмы нытъыста, стæй йæ йæ дзыппы нывæрдта, фæлæ та йæ фæстæмæ систа, афтæмæй анцади дуарыл...

Серæби цы къордимæ зылд, уым ма уыдысты Тагир æмæ Исмаил. Тагирмæ уæд бацыд дыккаг бон, хатыр дзы ракуырдта.

– Афтæ рацæуын мæ нæ хъуыд, уый æмбарын, фæлæ мын æнæ рацæугæ нæ уыд.

Тагир йæ къухтыл схæцыд, цыма дуа кодта, уый хуызæн, стæй йæ былтæ базмæлыдысты.

– Табу Мæхæмæт-пехуымпарæн. Хуыцауы салам æй уæд!

Исмаил разæй цыд, кæуыл сæ зилын хъуыд, уыцы скъоладзауты номхыгъд дæр уымæ уыд. Уый дæр райдиан кълæсты куыста. Тагиримæ иумæ ахуыр кодтой Ботлихы. Уæдæй нырмæ кусгæ дæр иумæ кодтой. Дуарыл-иу бахæцыдысты, кæртмæ-иу бацыдысты. Сæ размæ-иу сылыстæгæй исчи рауадаид, цинтæ сыл кодтаид, мидæмæ сæ хуыдтаид. Нæлгоймаг сæм никуы бæрæг разынди: хутырты уыдаиккой, кæнæ уалæ, Кутан кæй хуыдтой, уым. Уым сын зæххы гæппæлтæ дæр уыди, сæ фосы муртæ дæр сæрдыгон уым дардтой, холлæгтæ дæр сын уым цæттæ кодтой. Хистæр кълæстæй кæй агуырдтой, уыдон дæр уым уыдысты. Ныфс сын æвæрдтой: рæхджы сæ дæлæмæ хъæуы æмæ уæд райдайдзысты цæуын скъоламæ.

Иу нарæг асиныл куы суадысты, уæд сæ тæккæ размæ кæд нæ фæци Айсет. Йæ къухты уыд йæхи дæргъæн уисой, æвæццæгæн, кæрт марзта, æмæ, уыдон уалæй уым куы балæууыдысты, уæд лæугæйæ аззад. Ныр цалдæр боны нал уыд скъолайы, нал, дам, æй уадзынц. Æмæ йæ ахуыры мæт дæр куыд нæ уыд Серæбийы, фæлæ – уыцы симд! Гасан сразы йемæ – фæсахуыр сын ратты патефон уыцы ирон цæгъдтыты пластинкæимæ, стæй йын сæ, репетици куы фæвæййы, уæд ныххæссынц. Æртымбыл вæййынц чызгæй-лæппуйæ патефоныл, афтæмæй йæ сцæйхæссынц цингæнгæ, стæй та йæ фæстæмæ дæр афтæ фæцæйхæссынц. Сæ цæсгæмттыл сæ худындзаст нал фæсысы. Ныр сæ симд симды хуызæн кæнын байдыдта æмæ, дам, Айсеты нал уадзынц скъоламæ. Уæд уанцон нал уагъд нæу! Лæууыд, йæ уисой йæ разы – хъил, æмæ йыл хæцы йæ дыууæ къухæй. Дыууæ къухæй хæцын ыл ницæмæн хъуыд, фæлæ, йæ иннæ къух цы фæкодтаид, уый нæ зыдта, æвæццæгæн. Ногбаст бæрз уисой уыцы рамæрзынарæзт уыди йæ къухты. Нæ, Айсет скъоламæ ма цæуа, уый гæнæн нæй! Уыцы зæрдæргъæвдæй цы ми хъуамæ кæна, скъоламæ куы нæ цæуа, уæд? Симдыл дæр куыд тагъд фæхæст, æмæ куыд сфидыдта симд! Разæй симдта Али-Гæджиты Шахбанимæ. Репетицитæ кæнын куы райдыдтой, уæд йæ цонгыл хæцын нæ уагъта Шахбаны. Цас ын фембарын кодта Серæби – симды хъуамæ лæппутæ чызджыты цæнгтыл хæцой! Афтæ куы нæ хæцой, уæд симæн нæй. Æмæ афтæ фæхæцынц иууылдæр, симгæ чи фæкæны, уыдон. Цагъдыл уайтагъд фæхæст сты, æмæ-иу цинæй байрæзти Серæби. Сæхирдыгон кæфтытæ дæр бацæттæ кæндзысты, – уый Мамалауæн бафæдзæхста,

æмдзæвгæтæ-йедтæ – æмæ хъуамæ хъæуы хистæрты æрхоной хъазтизæрмæ.

Тагир дзырдта Айсетмæ. Айсет лæууыд æмæ йæ лæудæй бæрæг уыд – гæнæн ын куы уаид, уæд атæхид сæ разæй. Фæлæ куыд атæха, куыд сæ фæуадза афтæ лæугæ?! Уыдон æй цæмæйдæрты фарстой – куы Исмаил, куы Тагир. Фæлæ сæм уый ницы дзырдта, цыма тæргай фæци, уый хуызæн. Лæууыди æмæ уисоймæ касти. Серæбийы зæрдыл æрбалæууыди – уæдæ уæд куыд фæкодта уыцы æвзыгъд зылд Мæхæмæтмæ скъолайы къæсæрыл?! Æцæг æм уыцы ныхас афтæ æвзыгъд æппæрст нæ бакодта, фæлæ йæ йæ уæлæ нæ ныууагъта уæддæр. Æмæ йæм ныр афтæ каст Серæбимæ – афтæ йæм цæмæн каст, уымæн ницы зыдта – сæ дыууæ куы уаиккой, Тагир æмæ Исмаил куы нæ уаиккой семæ, уæд ын зæгъид, скъоламæ цæуылнæуал цæуы, уый. Уымæн æй зæгъид, æндæр æй никæмæн зæгъдзæн, цасфæнды йæ куы фæрсой, уæддæр. Уый дæр ын зæгъид, стæй ма йын ноджыдæр истытæ радзурид. Фæлæ ам сты Тагир æмæ Исмаил, æмæ йын уыдоны цур куыд дзура истытæ?!

Уæдмæ сæм йæ мад рауади, æмæ цыдæр æрбаци йæ уисоимæ Айсет. Мад – нырма рæхснæгарæзт, йæ уæнгтæ дæр раст лæууыдысты йæ уæхсчыты бын. Афтæмæй цас тæсчъытæ фæхастаид уыцы уæнтыл! Йæ ном ын уайтагъд базыдта – Хава. Лæгтæ йæм дзырдтой, уый дæр сæм дзырдта. Кæд-иу уыдонæй исчи хъæрæй сдзырдта, уæд-иу уый дæр схæцыд йæ хъæлæсыл, фæбæрзонддæр-иу кодта йæ хъæлæс. Серæби лæууыд æмæ сæм хъуыста. Сæ ныхасæй-иу сын искуы иу исты бамбæрста æрмæст, æмæ йæхимæ хисты лæппуйы хуызæн касти, фынгмæ чи æнхъæлмæ касти, фæлæ дæттгæ кæмæн ницы кодтой, ахæм лæппуйы хуызæн.

Иннæ кæртытæй-иу куы рацыдысты, уæд-иу ын уайтагъд фесты дзурынмæ – кæм и скъоладзау, кæд райдайдзæн цæуын. Ныр ницы дзырдтой, цыма адонмæ уый тыххæй нæ бацыдысты, цыма адоныл æнæуи ракодтой сæ фæндаг.

– Цы зæгъы Хава? – сæ мадзура цыдæй сын фæлмæцын байдыдта Серæби.

– Нал æй уадзы, – æвæрæз лæджы хъæлæсæй загъта Тагир.

– Чи?

– Йæ мад.

– Хава, – загъта Исмаил дæр.

– Куыд æй нал уадзы? Æмæ йын афтæ нал уадзгæйæ у? Æмæ йын ахæм бартæ чи радта?! – йæ фæрстытæ æгæр рагæр-гæр кодтой, æмæ дзыхълæуд фæкодта Серæби.

Тагир æмæ Исмаил ницуал дзырдтой, цыдæр уæнгхаудæй цыдысты, цæуын дæр сын цыма дзæбæх нал æнтыст. Æмæ та йæхæдæг февнæлдта дзурынмæ Серæби:

– Советон Цæдисы цы уагæвæрд ис, уый нæ зоны? Хъуамæ ахæм лæппу æмæ чызг ма баззайа, æмæ астæуккаг скъола чи нæ фæуа каст. Уæд лечъыбæсты Советон хицауад нæй?!

Тагир-иу æнкъард худт бакодта:

– Уым фæуыдзæн астæуккаг скъола дæр æмæ иннæ скъолатæ дæр.

– Кæм?

– Чындзы кæдæм ацæуа, уым.

– Кæдæм ацæуа, зæгъыс, кæдæм?

Уæд загъта Исмаил дæр:

– Чындзы æрвитынмæ йæ хъавы.

– Чи?!

– Йæ мад, – загъта Исмаил.

– Куыд æй æрвитынмæ хъавы чындзы?!

– Куыд вæййы, афтæ. Ныр уал æй скъоламæ нал ауадздзæн, стæй йæ, хъуыддаг куы ‘рсабыр уа, уæд æй авæрдзæн.

– Кæмæн?

– Чи йæм фæразæй уа, уымæн.

– Уоуу, мæнæ диссæгтæ! – йæ  цæнгтæ хæрдмæ фæхаста Серæби. Чи йæм бакастаид, уый загътаид: куыддæр æруадза йæ цæнгтæ, афтæ йын æнæ скæугæ нæй. – Гæр æмæ ма искуы уый дæр æрцыди – дæ партæйæ сыст, афтидæй ныууадз дæ партæ æмæ дæхæдæг чындзы цæуыныл ныллæуу! Фыд ын нæй?

– Нæй, – загъта Тагир. – Хæстæй йæ иу цонг нал æрхаста, стæй уалæ Кутанмæ ацыд хъоммæ, уæдæ хæдзары дæр куыд бадтаид, бинонты дарын нæ хъуыд! Æмæ уым фæмард.

– Куыд фæмард Кутаны?

– Хуыснæджытæ йын йæ хъоммæ фæлæбурдтой, бирæгъ фосмæ куыд фæлæбура, афтæ, æхст сын бацайдагъ æмæ бабын. Раст йæ тæккæ риуыл сæмбæлд нæмыг.

– Йæ ном цы хуынди?

– Толбой.

Æндæр сæ ницæмæйуал бафарста Серæби. Цыдысты æмæ

хъуыды кодта: хъæбатыр лæг уыдаид Хавайæн, дзæбæх æм бакæс, уæд ыл нырма дæр зыны, хъæбатыр лæг ын кæй уыдаид, уый. Зыны йыл, зыны.

– Æвгъау у уый карæнæй чындзы цæуынæн, – ныхасыл йæхирдæм ахæцыд Исмаил.

– Уæдæ цы у! – баразæнгард и Тагир. – Уыцы сонтæй сывæллæтты бын фæуыдзæн, æмæ йын йæ уд цъæхæй ахæрдзысты сывæллонæй – лæгæй. Афтæмæй æвзыгъд чызг у – алцæмæ æвзыгъд, ахуырмæ æвзыгъд, æнæуи дæр – афтæ. Мæ къласы нæ ахуыр кодта, æмæ йæ æз нæ зонын! Цæмæ февнала æмæ цæмæ нæ сарæхсдзæн!

Æмæ уыцы талынг уынджы йæ цæстытыл ауад Серæбийæн: уартæ радаргъ и симджыты хал æмæ рацæуы скъолайы дæргъæццон тыргъы. Разæй Айсет æмæ Шахбан. Æмæ куыд симын байдыдта Айсет! Куыд змæлынц, куыд тыбар-тыбур кæнынц йæ тæнæг салбары фадгуытæ, цыма цин кæнынц, симгæ кæй кæны, ууыл. Æмæ куыд арæхстджын змæлд кæнынц сæ мидæг уыцы рæхснæг зæнгтæ! Иу уæлдай фезмæлд сыл куыд нæ ахсы адæймаджы цæст! Ныр ма ууыл разгæмттæ скæн! Цымæ Лекътыбæсты никуы ис разгом къабатæ ссарæн?!

Фыццаг бонты-иу ын къухæй дæр ацамыдта Серæби – мæнæ афтæ хъæуы, хъуамæ афтæ фæлмæн-фæлмæн схæцай дæ цонгыл, дæ уæхсчытæ та хъуамæ бæрзонд дарай мæнæ афтæ. Уæдиу бафиппайдта: куыддæр-иу æм бавнæлдта – йæ уæхскмæ уа, йæ цонгмæ уа – чызгæн-иу йæ уæнгтыл цыдæр ризæг бахæцыд. Æмæ-иу дисæн бахъуыди Серæби: цы хуызæн ризын байдайы! Кæцæй йæм æрхауы уыцы ризæг?!

Нæ, уый гæнæн нæй, куыд и уый гæнæн?! Тæккæ райсом директормæ смидæг уыдзæн, куыддæр ссæуа скъоламæ, афтæ. Стæй уый йе стыр цъæх худ бæрзонд куы ныккæна, афтæмæй сæм куы бамидæг уа, уæд-иу уыимæ аныхас кæнæд Хава уыцы чызгæй. Уый хъуыддаг хъæусоветмæ дæр фæхæццæ кæндзæн, Годеканы дæр ыл æрныхас кæндзæн зæрæдтимæ. Уый сæ базмæлын кæндзæн. Уый сæ...

Афтæ хъуыдытæ кодта æмæ йæ ныфсыл ныфс æфтыд, цалынмæ хæдзæрттыл зылдысты Тагир æмæ Исмаилимæ, уæдмæ. Фæлæ, сæхимæ йе стъолмæ куы бабадт – райсоммæ уроктæм йæхи бацæттæ кæна куыд загъта, уæд хæрдмæ ма фæхауа. Æмæ сæ Мæхæмæтимæ, кæрæдзи тæрттæм бавналой, уымæ бирæ куы

нал бахъуыдис уыцы фæссихор. Уæд ма Айсет цыди скъоламæ, фæлæ чи нæ цыди, уыдоны тыххæй куы ныхас кодта йемæ, уæд!

– Серæби, – сыстад йæ бынатæй уæд Мæхæмæт, – æз дæуæй азтæй дæр хистæр дæн, мæ бынат дæр уæлдæр у дæ бынатæй, стæй ма дзы уый дæр ис, æмæ æз æрцæуæггаг нæ дæн, ардыгон дæн æз, ацы царды æгъдæутты фых дæн. Æмæ, кæм цы хъæуы, уый хуыздæр зонын дæуæй. Афтæ нæу?! – фæстаг дыууæ дзырды афтæ хъæрæй загъта, цыма дамбацайæ дыууæ гæрахы фæкодта.

Серæби уæддæр нæ саст:

– Уый æнæмæнг афтæ у, фæлæ, ныхас цы чызджытыл цæуы, уыдон скъолайæ куы фæиртæсой, уæд уый æнæныббаргæ хъуыддаг у. Уыйæппæт дзæбæх чызджытæ, æмæ сæ скъолайæ иуварс фæуадз, дæхæдæг дæхицæн сбад, цыма ницы ‘рцыд, афтæ – уый фыдракæнд у, æндæр ницы у уый.

Уыцы фæстаг ныхас бынтон хъыг фæкаст Мæхæмæтмæ – цæмæн æм афтæ хъыг фæкаст, уымæн ницы бамбæрста Серæби.

– Цы, уый зоныс, лæппу! Мæнæ дын скъола, мæнæ дын скъоладзаутæ, мæнæ дын ахуыргæнджытæ. Æмæ, дæ бон кæд исты у, уæд æй ам равдис. Кæд дæ бон ницы у, уæд та фæдсафæнтæ ма кæн. Фæдсафæнтæ ирвæзыны хос не сты.

Уæдæ Мæхæмæтæй цы ныфсытæ февæрдта, уыдон – дон хиды бынты. Диссаг та куыд нæ у, директор уай, де скъоладзаутæ скъоламæ ма цæуой, æмæ сæм дæ чъылдым сыздахай! Уый цы хуызæн директор у? Уый фыдгæнæг куы у, æвзæргæнæг куы у уый!

Куыд сыстад йæ бынатæй æмæ рацу-бацу кæнын куыд байдыдта хатæны мидæг, уый нæ рахатыдта. Куыд нæ балæгæрды, барджыны лæгæрст куыд нæ бакæны уыцы хæдзæрттæм æмæ сæ цæнгтæй куыд нæ ‘рбамидæг кæны чызджыты скъоламæ! Айсеты хуызæн чызг – Хуыцау скъолайæн кæй сфæлдыста, уый хъуамæ скъоламæ ма цæуа?! Æмæ уæдæ цы ми хъуамæ кæна?! Æмæ, Айсеты хуызæн чызджытæ кæм нæ рауай-бауай кæна, уый цæй скъола у!

Чи зоны, йæхæдæг дæр разы у, чындзы куы ацæуид, ууыл. Уымæн æмæ, царды чындзы ацæуынæй хуыздæр цы ис, уый нæ зоны. Адæмы ‘хсæнмæ рацæуæн кæй ис, фæндаг кæй ис адæмы ‘хсæнмæ, уый нæ зоны. Ахæм фæтк нæй сæ царды æмæ йæ цæмæй зона! Чындзы фæцæуыны фæтк сæм ис æмæ стæй бирæ сабитæ рауадзыны фæтк, æмæ уый æххæст кæнын у йæ хæс, йæ

хъысмæт. Кæмдæр рухс кæй ис, уый нæ зоны, æмæ уæд, уырдыгæй рухс æрхæссын кæй хъæуы, уый цæмæй зона хъуамæ?! Афтæмæй, уыцы рухс æрхæссын кæд адонмæ хауы, ацы чызджытæм, уæд та?! Уыдон куы нæ ‘рхæссой рухс, уæд æй чи æрхæсдзæн æмæ йæ кæд æрхæсдзæн?

Уыцы хъуыдытæ йæ сызмæлын кодтой. Æрбада ма, уый йæ бон нал баци æмæ къæсæрыл æддæмæ ахызт: цæуа, уыдонмæ уал бацæуа, Айсеттæм, уый мадимæ уал баныхас кæна, Хаваимæ. Асиныл уыцы цырд-цырд бæргæ ныууади, фæлæ йæ быны дзыхълæуд фæкодта асинæн: куыд ныхас кæндзæн Хаваимæ, уый иу дзырд дæр куы нæ зоны уырыссагау, уæд?! Лæууыди, лæууыди æмæ йæ цæстыты раз февзæрди Мамалау. Уый, уый, Мамалау ын баххуыс кæндзæн, Мамалау Хуыцауы сконд адæймаг у. Æмæ цæуа Мамалаутæм!

Куыддæр уыцы хъуыды алыг и – цæуа Мамалаутæм, – афтæ йæ хъустыл Мамалауы зарын куы ауаид:

«Æхсæв у тар.

Ды, мæ удæнцой, зонын – дæ хъал...»

«Гъæ Мамалаутæ фæкæнай, кæд æй цæмæй базыдтай æмæ мæ дæ сæр афтæ тынг бахъуыд!» – загъта йæхинымæр. Ныззылди, Мамалаутæ кæм цардысты, уыцырдæм. Уæртæ ‘рбацæуы йæ уæзбын цыдæй. Йæхæдæг дæр уæзбын, йæ зарæг дæр уæзбын. Цыма йæхæдæг нæу, цыма йе ‘ндæрг æрбацæуы заргæ, афтæ зыны талынг уынджы. Арæх-иу цыди изæрыгæтты Серæбийы фатермæ. Бадтысты-иу, цай-иу цымдтой, ныхæстæ-иу кодтой. Уырыссагау дзæбæхдæр зыдта иннæ бынæттон ахуыргæнджытæй. Ботлихы стыр скъола кæй хуыдтой, уый фæци æмæ ацы скъолайы куыста. Библиотекæйы хицау дæр уыд æмæ ма райдиан къæлæсты арифметикæ дæр амыдта.

Аздæхти уырдыгæй Серæбиимæ. Йæ зарын нæ ныууагъта, æмæ уый æхсызгон уыди Серæбийæн, афтæ йæм зынд, цыма æндæр искæимæ куы цыдаид, уæд ныууагътаид йæ зарын. Гыццыл фæсусгомау фæлмæн хъæлæсæй зарыд, æмæ дзы цыдæр хион хъарм æмбæлд Серæбийыл.

Æмæ зарыди Мамалау æмæ цыма йæ сабыр фæсус хъæлæсæй, æхсæвы тары дæр, йæ дурзæланг кæмæн цæуы, уыцы рагон систæм сидгæ кодта – цæмæдæр сæм сидти, кæдæмдæр сæм сидти цыма.

Нырма дзы лæппу заргæ дæр никуы федта Ансалтайы Серæби

æмæ лæг заргæ дæр. Сæхимæ Иры куыд базарынц лæгтæ кæнæ лæпputæ, афтæ никуы базарынц ам. Лæппутæ далафæндырæй фæцæгъдынц, сылыстæг та заргæ фæкæнынц. Чызджытæ вæййынц, æвæццæгæн – сæ цæсгæмттæ æмбæрзт вæййынц сæ кæлмæрзæнтæй, æмæ ацу 'мæ ды базон, чызг у æви чындз у, уый! Æмæ, цымæ, сæ чындзытæн амоны се 'гъдау афтæ хъазтизæртæм цæуын? Нæ сын амоны, æвæццæгæн. Æнæуи тынг зæрдиагæй фæзарынц, сæ хурхыуадындзтæ ныттынг вæййынц, æнæуи дæр хурхуадындзджын æвзаг у солыйаг æвзаг, – зарæджы уæз та иууыл хурхуадындзтыл нæ цæуы!

Зарыд Мамалау, æмæ Серæбимæ иу хъуыды æрбазын-æрбазын кодта кæцæйдæр – цымæ цал æмæ цал курдиаты бамынæг ис ацы талынг кæмтты?! Цал уæлтæмæны дзы ахуыссыд, ссудзын не сфæрæзтой, афтæмæй?! Талынг ран хæдбындур курдиæттæ æвзарæн бынат у, талынг ран цы курдиат равзæра, уый рухс ран никуы равзæрдзæн, фæлæ сæ рухсмæ искуы иугæйттæ раирвæзы, иннæтæ фæхуыдуг вæййынц уыцы талынджы. Нæ, нæ, Шамил хъæуы Лекътыбæсты, дон чи хæссын кодта хохмæ лалымты йæ хæцæг адæмæн, ахæм имам. Æцæг, уый хъуамæ рухс хæссын кæна йæ цæрæг адæмæн. Рухс, бирæ рухс, ацы кæмтты дзаг рухс, хъуамæ сæ, æнусты дæргъы цы тар фæбадти, уый басудза уыцы рухсы.

Мамалауы баджиздара, æмæ йæ зарынæй фæлæууа, уый йæ цæст нæ уарзта, фæлæ йын, цæмæ цæуынц Хаватæм, уый нæма загъта æмæ ма йын æй уым зæгъдзæн, куы бацæуой мидæмæ, уæд?! Сæ нарæг асины рæбынмæ куы бахæццæ сты, уæд æрлæууыд Мамалау, æрлæууыд йæ зарæг дæр, цыма зарæг дæр се 'мбал уыд æмæ ардæм сæ фæрсты цыд, уый хуызæн. Æмæ йæ уæд бафарста Серæби:

– Цæмæ сæм цæуæм, уый зоныс?

– Уый зонын, фæлæ сæм ды цæмæн цæуыс æмæ сæм ноджы иунæгæй цæмæн цæуыс, уый нæ зонын.

– Уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Гыццыл раздæр сæм Исмаил æмæ Тагиримæ уыдыстæм, æмæ, дам, æй кæд æмæ хъавы чындзы дæттынмæ Хава! Уый мын, куы ацыдыстæм, уæд загътой, æндæра йæ ам куы базыдтаин, уæд афтæмæй нæ ацыдаин. Уæдæ цафон чындзы лæвæрд у, сывæллон куы у нырма.

– Сывæллон бæргæ нал у, – йæ сæр хæлæггæнæджы тылд бакодта Мамалау. – Сылгоймаг йæ тæккæ дзæбæхыл кæд у,

уый зоныс? Фыццаг хатт æм куы ‘рцæуы чындзы цæуын, гъеуæд, гъе!

– Æмæ Айсетмæ цæй чындзы цæуын æрцыди нырма?!

– Нæ йæм æрцыди, уæдæ! Мæхæмæт-пехуымпары устытæй ахæмтæ уыд, æмæ сыл дæсгай азтæ дæр нæ цыди, æмæ йæ Мæхæмæт нал зыдта, æрцыди сæм чындзы цæуын æви сæм не ‘рцыди, уый! Мæхæмæт цы нæ зыдта, ахæмæй зæххыл дæр ницы уыди æмæ арвыл дæр.

– Уый цы хуызæн пехуымпар уыди, сывæллон чызджыты йæ усдонмæ чи кодта, искæй устыты чи иста! – хъæрæй загъта Серæби, æмæ йын Мамалау йæ уæхскыл йæ къух æрæвæрдта.

– Афтæ ма дзур! Мæхæмæт – æнусты арфæйаг уæд йæ хъуыддаг! – алцыдæр кодта, куыд хъуыди, афтæ. Уый цырагъ уыди, кæмдæриддæр уыди, уым рухс дардта. Æмæ уымыты ныры онг дæр и рухс. Йæхæдæг нал ис, йæ рухс и. Мах бæстæм не ‘рæфтыд, æмæ талынгæй баззад мах бæстæ, æмæ хæсгæ рухсæй цæрæм.

– Хæсгæ рухс цы хоныс?

– Мæнæ нæм ды цы рухс æрхастай, уый – хæсгæ рухс. Цалынмæ нæм электрон рухс æрбацыд, уæдмæ нын хæсгæ фæтæгены цырагъ куыд дыдзы рухс кодта нæ къуымтæ, уыцы хæсгæ рухс дæр – афтæ. Ахæм хæсгæ рухсæй цæрæн нæй. Цалынмæ нæхи рухсæй срухс уæм, уæдмæ талынджы хъиу-хъиу кæндзыстæм. Кæрæдзи цæсгæмттæ фенæм, уый дæр нæ бон нæ уыдзæн. Нæхи рухс та нæм, цалынмæ нæ сылыстæг фæуа ссудзынхъом, уæдмæ не ссудздзæн. Мæнæ-иу уæд фæтæгены цырагъ куыд ыссыгъта, афтæ ныр та хъуамæ ахæм рухс ссудза, нæ кæмттæ ‘мæ нæ хæхтæ кæмæй ныррухс уой. Сылгоймаг цы рухс скæна, уымæй хуыздæр рухс нæй.

Æмæ уым, Хаваты нарæг асины рæбын, иу хъуыды ‘рцыд Серæбимæ: ай хъуамæ уаид директор, ай, мæнæ Мамалау Ансалтайы скъолайы, Мæхæмæт нæ фæлæ – Мамалау. Стæй Лекътыбæсты цыдæриддæр скъолатæ ис – се ‘ппæты дæр хъуамæ Мамалауы хуызæн лæппутæ уаиккой директортæ. Уым диплом ницæмæн хъæуы, уым зæрдæ хъæуы, уд дзы хъæуы, хæхты улæфт чи ‘мбары, ахæм уд.

Хава зæрдæхсайгæ кæстытæ кодта Серæбимæ, æвæццæгæн, ома нырма ацы тæккæ куы ацыди ардыгæй, уæд ма йæ кæцæй фездæхтой йæ хæйрæджытæ?! Æмæ-иу иу каст уымæ куы бакодта, Серæбимæ, уæд-иу дыууæ касты та Мамалаумæ бакодта

– кæд ын æй уый уæддæр бамбарын кæнид: ацы лæппуйæн ма цы баззади ам?! Стæй сын ныхас бацайдагъ и. Исдуг сабыр, бонзонгæ ныхас цы вæййы, уый уыди сæ ныхас. Æмæ та-иу Мамалау дзургæ-дзурын дæр бадзырдта Хавамæ дойчъа*! – бадын æй кодта, уый æмбæрста Серæби. Бадын та йæ уымæн кодта – уый дæр æмбæрста – кæд бадгæ куы кæниккой æмæ афтæмæй куы ныхас кæниккой, уæд афтæ сабыр ацæуид сæ ныхас. Фæлæ – нæй! Афтæ базмæлыд сæ ныхас, æмæ Мамалауæн йæхи дæр сыстын бахъуыд. Æмæ уæд сыстад Серæби дæр. Кæрæдзимæ ма багуыбыр уой Хава æмæ Мамалау!? Сæ æрмттæ дæр-иу батылдтой кæрæдзимæ, сæ сæртæ дæр-иу аранкъус-банкъус кодтой. Нæй, нæ фæтасыд Хавайы ныббырстытæй Мамалау. Хава дзырдта, уый дæр дзырдта. Хава-иу фæлæууыд, уый ма-иу уæддæр дзырдта. Стæй иухатт, Хава та куы фæлæууыд йæ ныхасæй, уæд, ома, Мамалауæн феххуыс кæнон æмæ йæхи фæтъыста ныхасы уый дæр:

– Уый хуызæн зæрдæргъæвд чызгæн йæ бынат скъолайы ис, æрмæстдæр скъолайы. Уымæн рæсугъд фæндаг и, æмæ уыцы фæндагыл йæ разы чи балæууа, уый йе знаг у, йæ цыфыддæр знаг у уый! – афтæ адзырдта æнæ ‘рулæфгæйæ æмæ Хавамæ бакасти. Æмæ йын Хава цыма ‘мбаргæ бакодта йæ ныхас, уый æвнæлд фæкодта дзурынмæ æмæ фæд-фæдыл цалдæр хатты куы скæнид Хабибы кой. Æмæ фæсасти Мамалау, цыма йæ истæмæй мæнг бакодта, цыма йын йæ цæстмæ цыдæртæ бадардта, уыйау фæлæууыд йæ ныхасæй. Фæлæ уый бирæ нæ ахаста – алæууыд, алæууыд, стæй йæ тъæпæн арм Хавамæ бадардта, дæлæмæ-уæлæмæ йæ батылдта æмæ ныр та уый фæци дзурынмæ æмæ уый та цалдæр хатты уый кой куы скæнид, Серæбийы кой. Æмæ бафиппайдта Серæби, Хава-иу æм ам йæ цæсты кæронæй гуырысхогæнæджы каст куыд æрбакодта, уый. Уæд айгом и хатæны тæнæг дуар, æмæ дзы Айсет æмæ йæ кæстæр хо Нафисат куы ‘рбахизиккой. Айсет цыди разæй, йæ дыууæ къухы хаста мармæр тæбæгъ, æмæ дзы цы панхъал уыд, уымæн йæ царв æмæ йæ урбечы хæрздæф йæ разæй ‘рбабырста хатæнмæ. Нафисаты къухты – тынг хъулон-мулон стъолæмбæрзæн. Нафисат æвдæм «в» къласмæ цыди, уый хорз зыдта Серæби. Чызджытæн сæ тæнæг салбартæ сæ рæхснæг зæнгтыл сæ тыбар-

* Дойчъа – сбад (солыйаг æвзагыл) сылгоймагæн.

тыбурæй нал æнцадысты, цыма цин кодтой цæуылдæр, уый хуызæн, æвæццæгæн, æдде тыргъæй æрбахастой семæ уддзæфы змæлд. Стъолы уæлхъус Нафисат стъолæмбæрзæн ацæгъдæгау кодта æмæ йæ айтыгъта стъолыл, æмæ йыл Айсет тæбæгъ æрæвæрдта. Уый фæстæ, рæбинаг къулыл цы гайла уыд, уымæй æртæ  тæбæгъы райста æмæ сæ мармæр тæбæгъы алыварс æрæвæрдта. Стæй та сæ тæнæг салбартæ батыбар-тыбур кодтой сæ рæхснæг зæнгтыл, æмæ кæрæдзийы фæдыл сæ ных сарæзтой дуармæ.

– Куаназе! – загъта Хава æмæ йе ‘ргом фынгмæ аздæхта.

Серæби кæсгæйæ баззад тæбæгъмæ. Æмæ ма кæмдæр куы федта ацы панхъалы хуызæн. Зæхмæ дзы мур куы нæ уагъта. Йæ хъуыдытæ дæр тыбар-тыбур кæнынмæ фесты æмæ йæ фатеры балæууыдысты. Уый, йæхи стъолыл куы лæууыд  чингуытæ ‘мæ тетрæдты фарсмæ, афтæмæй йæ куы æрæййæфта, скъолайæ куы ‘рцыдис, уæд! Æмæ йæ цыма Патъимат æрбахаста, фысымты ус – афтæ куы æнхъæлдта! Æниу, Патъимат æндæрхуызон панхъалтæ куы кодта, уæд æй куыд нæ раиртæста?! Патъиматæн афтæ æмдымбыл æмæ афтæ райдзаст нæ уыдысты. Уыцы рæсугъд æмæ хæрздæф панхъал Айсеты къухтæй кæй рацыдаид, уый куыд нæ ‘рхъуыды кодта! Фæлæ фæллад æмæ æххормагæй æрцыди скъолайæ æмæ йын уыдоныл хъуыды кæныны фадат нæ фæци. Уæдæ, ау? Ау, Айсет? Ау?! Æмæ кæсгæйæ баззади тæбæгъмæ.

Уый кæд уыди уартæ? Лабазан æмæ йын Хабиб йæ дыууæ кæрдойæ иу куы бахордтой, уый фæстæ. Стæй та фæстæмæ дыууæ куы баисты кæрдотæ, уый размæ. Æмæ уæд ууыл банцади хъуыддаг – Патъимат æрбахаста панхъал, фысымты ус. Ноджы сæхи тæбæгъы æвæрд уыди – йæ бынат  гайлайыл афтидæй лæууыди тæбæгъæн. Уый та, æвæццæгæн, ома мæхи тæбæгъ ам куыд ныууадзон æмæ гайлайæ райста тæбæгъ.

Æмæ йæм бæстæтты уымæн не ‘ркаст, уыййеддæмæ Патъимат уый хуызæн æмдымбыл æмæ æмлæгъз панхъалтæ кæнынмæ нал арæхсы, уый æнæ æрхъуыдыгæнгæ нæ фæуыдаид. Уый та Айсетæн йæхи хуызæн кæй уыди цæмæйдæр, – цæмæй, уый ацу æмæ ды базон! Фæлæ дзы цыдæр уыд, Айсеты хуызæн цы уыди, ахæм цыдæр. Æмæ кæд уый уыди Айсет, уæд æй цы зæрдæйы уагæй фæцæйхаста талынг уынгты? Стæй йын æй, цымæ, Хава рарвыстаид, ома, ахуыры хайы хицау у, ома иунæгæй цæры, æмæ ома хъарм хæринаг ахæра. Æви йæ йæхи зондæй фæхæссæг

кодта йæхи? Чи зоны, æмæ йын æй Хава дæр рарвыста, чи зоны, æмæ йæ йæхи зондæй дæр рахаста.

Уæ, æнæнтыст макуы фæуай, устыты загъдау, Айсет! Уæдæ кæрдо дæр иу йеддæмæ кæй нал у, уый дæр уæд федта, уæд.

**6**

Райсомæй чи ахуыр кодта, уыдоны уроктæ фесты, фæлæ хæдзæрттæм нæ тагъд кодтой, сихорæй чи ахуыр кодта, уыдонимæ алы ‘мæ алы рæтты къордтæй лæууыдысты, хъæлдзæг змæлд кодтой. Афтæ зынд – мæнæ сыл цыдæр хорз æрцæуинаг у, æмæ уымæ æнхъæлмæ кæсынц. Серæбийы дæр æддæмæ фæндыд, – искæцы къордимæ дæхи фембал кæн æмæ ныхасыл схæц семæ, афтæ æнæуи, хъæууон ныхасыл. Кæм уырыссагау адзур, кæм та солыйагау дæр зæгъ истытæ-истытæ. Фæлæ йæ рæстæг къуыммæ бахаста – нал иуырдæм æххæсти, нал – иннæрдæм, Октябры бæрæгбон æрæввахс, ахуыры азы фыццаг цыппæрæм хай дæр фæфæуы. Æмæ цал хъуыддаджы бакæнинаг и нырма! Се ‘ппæты рæбын – сæ хъазтизæр. Ам ахæм хъазтизæр никуы уыди, æмæ никæй уырны, исты дзы рауайдзæн, уый. Мæхæмæты дæр нæ уырны. Хатт йæхи дæр нал фæуырны. Цыма йын институты цы паддзахадон фæлварæнтæ кодтой, уыдон уый тыххæй кодтой, цæмæй йын стæй мæнæ ацы фæлварæн скæна цард йæхæдæг. Цыма йе ‘цæг фæлварæн ай у, æмæ уымæн куы нæ бафæраза, уæд дзæгъæлы фæсæпп-сæпп кодта институтмæ уал азы дæргъы. Æмæ та-иу уæд йæ цæстытыл ауад, лæппутæ «пирамидæ» кæй хонынц, уый – уæлæмæ фæцыди хохаг мæсыджы хуызæн. Хорз у, æмæ рæстæг дзæбæх хæссы, æмæ йæ æдде саразынц, скъолайы бынмæ уыцы тъæпæны, æндæр мидæгæй йе ‘рдæг дæр нæ бацæуид.

Æстæм къласы ахуыр кæны Ибрагим-Гаджи. Нырмæ далæ горæт Каспийскы ахуыр кодта. Уым федта уыцы пирамидæ дæр. Скъолайы хъазтизæр уыдзæн, уый куы базыдта, уæд йæ фæндон бахаста Серæбимæ – афтæ æмæ афтæ пирамидæ саразой æстæм æмæ æвдæм кълæсты лæппутæ. Æртæ фæлтæры слæууынц кæрæдзи уæхсчытыл, афтæмæй мамазила кæнын райдайынц. Уыцы мамазилагæнгæ куыд уæлæмæ цъупп кæнын райдайы сæ лæуд. Стæй къаддæр лæппутæй исчи хъуамæ йæ сæрыл слæууа приамидæйæн. Фæлæ Убайдула чи у, Умалатты Убайдула, уый ууыл дæр нæ баззайы. Уыцы ердогондæй слæсы лæппутæн сæ сæрмæ,

уыдон уыцы зилахарыл куы вæййынц, уæд, æмæ лæппуты уæхсчытæм йæ къухтæ фæцаразы, афтæмæй йæхи сисы йæ къухтыл, йæ къæхтæ та хæрдмæ ныццаразы. Афтæ фæзыны, цыма бынтондæр уæлдæфы фæлæууы. Уый æнхъæл та чи уыди уыцы дæлæмæдзыд Убайдулайæ!

Сæхирдыгон кæфтытæ дæр иу-цалдæр баисты. Мамалау тынг разæнгардæй архайы семæ. Куыддæр исты йæ зæрдæмæ нæ фæцæуы, афтæ та йæ æрмтты тъæпп-тъæпп ссæуы. Æмдзæвгæтæ, зарджытæ – змæлы скъола, йæхи цæттæ кæны. Æмæ уыцы змæлды сæр у уый, Серæби. Исты къуылымпы кæны – бахæццæ йæм вæййынц. Йæхæдæг симдыл архайы. Тынг хорз сæм фæкасти. Фæссихор Гасаны патефон куы сцæйхæссынц, чызгæйлæппуйæ йыл куы ʻртымбыл вæййынц, иутæ разæй куы фæвæййынц, иннæтæ фæсте куы аззайынц, уæд стыр диссаг вæййы уыдонмæ акæсын. Фæлæ Айсет нæй. Æмæ къахыр у симд, тынг къахыр. Уымæй фидыдта – разæй симдта ʻмæ. Йæхæдæг дæр дзы тынг фидыдта. Куы-иу рацæйсимдта, уæдиу афтæ зынд, цыма йыл уыцы дыууæ къахы цæуыны тыххæй не ʻрзадысты, фæлæ йыл цыма симыны тыххæй æрзадысты, цыма уыдон нæ симдтой патефоны цагъдмæ, фæлæ патефон йæхæдæг уыцы къæхты змæлдмæ цагъта.

Уæд сын ныфс бавæрдта Хава – афтæ йын радзырдта Мамалау. Ауадздзынæн, дам, æй, цæудзæни, дам, скъоламæ. Æмæ уæд кæм и нырмæ?! Кæд сын гæды ныфсытæ бавæрдта?

Ахуыргæнджытæ дæр – æдде. Æвæццæгæн, ома цалынмæ дзæнгæрæг ныццæгъдой, уæдмæ уал уым алæууой, уыцы дзæбæх хуры хъармmæ. Уый та фæлдахы журналтæ, нымайы, кæцы къласы куыд рауайдзысты ахуыры бæрæггæнæнтæ. Кæм йæ зæрдæ фæфидардæр вæййы, кæм та кæсгæйæ баззайы журналы хъулон-мулон сыфтæм. Иуафон дуар айгом – дуарæн æй йæ хъинцæй базыдта, стæй дзы æрбайхъуыст:

– Серæби, Нажмутдин иди суда, можно?

Уый та Нажмутдин куы у! Æмæ йæ цы ʻрбахаста? Гъеныр æй уымæ æвдæлы?!

Рынчын лæппу уыд Нажмутдин. Скъоламæ нал цыди уый аххосæй. Афтæмæй скъола уарзта. Хъарм бон уыдаид, уыййеддæмæ скъолайы рæзты рацу-бацу кодтаид йе схæц-ныххæц цыдæй, физкультурæйы уроктæ куы фæкæнынц, уæд скъолайы бынмæ уыцы тъæпæн тыргъгонды кæрон цы стыр дур ис, уымæ

схизы ‘мæ уым фæбады, физкультурæ чи фæкæны, уыдонмæ ‘нкъардæй фæкæсы. Бынтон йæ уд-йæ дзæцц та – ахуыргæнджыты хатæнмæ баирвæзын. Йæ цæсгом – тъæпæн, йæ фындз дæр – тъæпæн, йæ цæстытæ стыртæ ‘мæ худындзаст. Йæ пысултæ йæ уæлæ хæбæлтæ кодтой. Йæ худ та-иу йæ цæстытыл æрхауд æмæ-иу ыл схæц-схæцæн бахъуыд. Æвæццæгæн-иу хæдзары стыртæ цы нæуал дардтой, уый-иу Нажмутдинмæ æрхаудта.

Серæби йын иу уынд акодта йæ тъæпæн цæсгом. Йе стыр цæстытæ йын сæ æгæр худындзастæй йæ зæрдæ бакъуырдтой.

– Рацу, – адзырдта йæм.

Æмæ ‘рбахызт мидæмæ Нажмутдин, æрбахизæны фæсдуар цы бæрзонд хъæдын бандон уыд, уымæ сыдз-мыдзы баздæхт æмæ æрбадт – æдзухдæр-иу уыцы бандоныл бадти. Йæ цæстытæ худтысты фырæхсызгонæй æмæ сæ афтæ худгæ къултыл рахæссбахæсс кодта. Йæ къæхтæ тылдта – сæ иу размæ, иннæ фæстæмæ – уый дæр фырæхсызгонæй.

– Уалæ уый Леин у, – Серæбийы бадæны сæрмæ къулыл Ленины ныв фидаргонд уыд, æмæ йæм йæ къух дары Нажмутдин.

– Ле-нин! – бараст ын кодта йæ ныхас Серæби.

– Гъо, Леин! – загъта та нæуæгæй. – Леин хорз у.

Уыцы рæстæджы чидæр æрбахызт, Серæби йæм нæ акаст, йæ хъуыдыйад æрдæгфыст уыд æмæ йæ ома кæронмæ афыссон. Æмæ йæ афтæмæй æрæййæфта æрбахизæджы хъæрæй ныхас:

– Ай та ам цы ми кæны?!

Ныхас Серæбимæ арæзт уыд, уый бамбæрста æмæ йæ фыссын фæуагъта. Дуарбахизæны лæууыд Мæхæмæт æмæ йæ цонг æгасæй дæр Нажмутдинмæ ныццарæзта.

– Ам цы ми кæныс, Ле?!

– Æз Нажмутдин дæн, – загъта Нажмутдин, æмæ йæ къæхтæ сæхи тилынæй æрæнцадысты.

– Нажмутдин нæ, фæлæ кæд Хуындзахы Хамзат дæ, уæддæр ам цы ми кæныс?!

Серæби бадис кодта – кæд Мæхæмæт Нажмутдинимæ нæ дзырдта уырыссагау! Æмæ йæм цымæ солыйагау цæмæннæ дзуры? Солыйæгтæ куы сты сæ дыууæ дæр. Стæй Нажмутдин уырыссагау зонгæ дæр куы нæ кæны.

– Нажмутдин, – загъта та уæдмæ Нажмутдин æмæ та йæ къæхтæ атылдта.

– Æз дæ, чи дæ, уымæй нæ фæрсын. Æз дæ, ам цы ми кæныс, уымæй фæрсын.

– Уалæ уый Леин у! – мæ сæрмæ та къулмæ сдардта йæ къух Нажмутдин. Æвæццæгæн, Мæхæмæты ныхæстæй ницы бамбæрста, кæнæ та йæ æндавгæ дæр нæ кодтой йæ ныхæстæ Мæхæмæтæн.

– Ай цы у, уый зоныс? Ай ахуыргæнджыты бынат у, æмæ дзы мæзджыты дуаргæсы бадт цы скодтай?!

– Уалæ уый та Камалгаджиты Абдулбашир у! – Ныр та, дыууæ рудзынджы астæу Макаренкойы ныв уыд, æмæ уымæ сдардта йæ къух Нажмутдин.

Абдулбашир пост хаста Ботлихæй. Алыбон дæр-иу фæсаходæн, къазнайæ йæм цы бæх уыд, уый сифтыгъта, сбадт-иу ыл æмæ-иу ацыди Ботлихмæ æмæ-иу фæссихор йæ фæсарц посты хордзентæ æрбахаста. Мæнмæ гæсгæ Макаренкойы хуызæн æппындæр нæ уыди Абдулбашир. Нажмутдинмæ афтæ цæмæн касти – ацу ‘мæ йæ ды базон!

– Ай ды ‘рбауагътай? – аздæхти Серæбимæ Мæхæмæт.

– Æз æй æрбауагътон. Уæдæ йæ, дæхи загъдау, Хуындзахы Хамзат куыд æрбауагътаид! – бахудти Серæби, Хуындзахы Хамзаты кой кæй скодта, ууыл.

– Æмæ йæ цæмæн æрбауагътай?

– Ардæм æй фæфæнды æмæ йæ ‘рбауадзын. Цæмæннæ йæ хъуамæ ‘рбауадзон!

– Ай ахуыргæнджыты бынат у!

– Æмæ цы?!

– Æмæ дзы алкæмæн бынат нæй.

– Æмæ дзы Нажмутдин бынат куы нæ агуры.

– Уæдæ?!

– Ницы. Абаддзæн æмæ ацæудзæн. Бакæс-ма йæм, куыд æхсызгон ын у, ам кæй бады, уый! Æмæ йын цы хæлæг кæныс уыцы ‘хсызгон?!

Мæхæмæт ма иу тызмæг каст Нажмутдинмæ фæкодта, иу Серæбимæ æмæ йæ фæдыл дуар агуыпп ласта.

Касти журналтæм Серæби, афтæмæй йæ хъуыды йæхигъæдæй ацыди уынгты æмæ Хаватæм балæууыд. Æмæ ныууагъта журналтæ, фæстæмæ йæхи ауагъта бандоны анцойгæнæныл. Гъомæ сын ныфс куы бавæрдта – арвитдзæни йæ, уæд кæм и уæдæ?! Уыдон сæм цыппæрæмы уыдысты Мамалауимæ, æмæ-гъа, май-

рæбоны ма ‘рбацæуæд, сабаты та цæй тыххæй хъуамæ ма ‘рбацыдаид?! Цыдæрхуызон ын фæхицæн иннæ чызджытæй, хицæнæй йын аззади цыдæр æгъдауæй. Алыхатт дæр хицæнæй ауайы йæ цæстытыл. Куы кæрдоты тæскъ сцæйхæссы далæ хутыртæй, куы панхъал æрбайцæйхæссы мидæмæ, куы симгæ рацæйкæны тыргъы рæбынæй.

Æмæ джихтæ байдайы Серæби.

– Мæхæмæт хорз нæу, – дзуры цъæррæмыхстытæй уырыссагау Нажмутдин, стæй ма йæ уырыссаг дзырдтæм бафтыдта солыйаг дзырдтæ дæр: – Кошо уго, цъæгъ кошо!*

Æмæ нал бафæрæзта бадын Серæби, цыма йæм æдде журналтæ рафæлдах-бафæлдахæй ахъаззагдæр куыст æнхъæлмæ кæсы, уыйау ахсайдта йæ зæрдæ æддæмæ. Цæхгæр фестади. Уæд йæхиуыл схæцыди Нажмутдин дæр. Тыргъы дуарæй Нажмутдины ауагъта, стæй та йæхæдæг ахызт, æмæ куыддæр ахызт æмæ, асины сæр цы тъæпæн уыд, уым æрлæууыд, афтæ лæугæйæ аззад: скъолайæ суадонмæ рагъ-рагъ цы нарæг къахвæндаг уыд, ууыл кæрæдзи фæстæ ныххал сты, афтæмæй сцæйцыд дунейы чызг. Серæбийæн йæ цæстытæ ирдæй аззадысты, æмæ-иу чызджытæ куы йæ тæккæ цæстыты раз февзæрдысты, куы та-иу, кæм сцæйцыдысты, уымæй дæр дарддæр фестадысты. Серæби йæ цæстытæм сæвнæлдта, иуырдæм сæ асæрфта, иннæрдæм сæ æрбасæрфта. Æнахуыр цыдæй цыдысты чызджытæ – сæ чингуытæ сæ галиу дæлæрмтты, æнгом сыл хæцыдысты сæхимæ, сæ рахиз къухтæ тылдтой, цыдæр тавицы тылдæй тылдтой сæ рахиз къухтæ, æмтылд сæ кодтой, цыма афтæ дзырдтой – ацы къахвæндагыл уæлæмæ чи цæуа, скъолайырдæм, уый хъуамæ афтæ тила йæ къух, гъе! Æмæ цыма сæхи бирæ фæцæттæ кодтой, цæмæй афтæ кæрæдзи фæстæ цæуын базоной. Сæ сæртыл бæрзонд хæцыдысты, симæг чызджытæ куыд фæхæцынц сæ сæртыл, афтæ, цыма сын уартæ арвы кæронмæ хæсгонд уыд афтæ фæцæуын, хуры размæ.

Цыдысты – уыцы барст къахайст, уыцы карст къахдзæф, æмæ та-иу Серæбимæ симды чызджыты хуызæн фæкастысты – нырма ныртæккæ чи фæхицæн и се ‘мсимæг лæппутæй æмæ та, ныртæккæ чи балæудзæн сæ фарсмæ, æмæ та арæхстгай сæ къухтæ сæ дæлæрмтты кæмæн акæндзысты. Æмæ та куы йæ

* Кошо уго, цъæгъ Кошо! – æвзæр у, тынг æвзæр!

тæккæ раз февзæрынц, куы та, кæм сты, уымæй дæр дарддæр фестынц. Æмæ дис кæны Серæби – уый цы уа?! Дзургæ бакодтаикккой, цæмæй афтæ сцæйцæуой суадонæй скъоламæ цы фæндаг и, ууыл, æви æнæуи афтæ рауади сæ цыд? Æнæуи баиу сты уым дæле кæмдæр уынджы кæрон иу-цалдæрæй, стæй ма иннæтæм дæр фæлæууыдысты æмæ ныр иумæ ссæуынц? Æниу, чи зоны, Айсет дæр сыл азылди – иугæр ын Хава йæхи куы ауагъта, уæд азылд чызджытыл, сразæнгард сæ кодта æмæ баныхас кодтой абонмæ, ома къуырисæр у æмæ къуырисæры райдайæм ахуыр кæнын.

Ныр ссæуынц. Нæ, уый хуымæтæг скъоладзауты цыд нæу, уый, Бæсты фарн йæхæдæг кæм бацыдис, ахæм цыд у. Уый сæ Бæсты фарн ралæууын кодта афтæ – сæ цæсгæмттæ скъоламæ куыд уой. Ныр сæ цинтæ дæр скъоламæ хæсдзысты æмæ сæ хъыгтæ дæр æмæ нал фæраздзысты æнæ скъола. Ацы скъолайæ ацæудзысты æндæр скъолатæм, бирæ рухс кæм и, дуне дæр кæм фендзысты, сæхимæ дæр кæм æркæсдзысты, ахæм скъолатæм. Ныр ракъахдзысты уыцы нуæрст цæхæр, базмæлдзысты Лечъыбæсты рухсхæсджытæ æмæ рухсгæнджытæ, æмæ додой йæ къона кæны уыцы талынгæн – йæ бынæй йын рухс суадздзысты!

Цымæ, цал сты?! Цалæй ссæуынц, цымæ? Æмæ та-иу сæ нымайын байдыдта, фæлæ сæ фырцинæй нæ фæрæзта нымайын, æмæ-иу схæццæ ис йæ нымад.

Разæй цыди Айсет, симды куыд фæсимы разæй, афтæ. Йæ тæнæг салбары фадгуытæ сæ тыбар-тыбурæй нал æнцайынц, цыма цин кæнынц, Хава йæ скъоламæ кæй рауагъта, ууыл. Иннæтæ – Айсеты фæстæ. Тыбар-тыбур кæнынц уыдоны салбартæ дæр. Афтæ тыбар-тыбур кæнынц, цыма сæм нырмæ дæр цы тыбар-тыбур цыди, ууыл дæр абонмæ ауæрстой, цыма абон салбарты фадгуытæн сæ тыбар-тыбургæнæн бон у. Æмæ Серæбийы зæрдыл æрбалæууыдысты Мамалауы  ныхæстæ, уæд Хаваты нарæг асины рæбын кæй загъта, уыдон, ома, дам, цалынмæ а хæхтыбæсты сылыстæг не ссудза цырагъ, уæдмæ, дам, не срухс уыдзæни хæхтыбæстæ. Пехуымпары ныхæстæ нæ фæкодта! Уагæры ма дунейы рухсытæ куы федтаид! Стыр скъолаты ма куы бакастаид! Ныр ссæуынц, Лечъыбæстæм рухс хæссын кæмæ кæсы æмæ дзы рухс ссудзын кæмæ кæсы, уыдон. Дард ацæудзысты – уæдæ уыцы разæнгард цыд хæстæг искуы банцайа,

уый гæнæн куыд и! Цымæ сæм Мамалау никуыцæй кæсы йæхæдæг? Куы сæм кæсид искуыцæй, уæд йæхицæн дæр йæ ныхæстæ йæ зæрдыл æрбалæууиккой, æвæццæгæн. Æниу, уыдон Мамалауы ныхæстæ нæ уыдысты, Мамалауы размæ ма сæ бирæ чидæртæ загъта – Мамалауæй фылдæр чи федта, фылдæр чи фæцыд уыцы талынг кæмтты, уыцы талынг тынгдæр кæмæ бахъарыд, уыцы лæгау лæгтæ. Уæдæй нырмæ нуæрстæй лæууынц уыцы ныхæстæ уыцы талынджы мидæг, цæхæр фæнычы мидæг куыд фæлæууы нуæрстæй, афтæ.

7

Уыцы изæр æм фыццаг Мамалау бауад, йæ хæдæттæ ‘мæ йын йæ хуыссæны цъæрттæ ‘рбахаста. Уыцы дзæбæх лæгъз иту, уыцы дзæбæх цыппæрдигъон тыхт уыдысты хæдонæй, хуыссæны цъарæй. Сынтæгыл сæ æрæвæрдта æмæ ацыд. Уæлæ, дам, мын Тайбæт хæлаф хуыйы æмæ, дам, мæм æрæрвыста, рауай æмæ, дам, дыл æй абарон. Фæстæмæ, дам, ауылты рацæудзынæн. Уæдмæ, дам, дæ куыстытæ акæн æмæ, дам, абадæм, аныхæстæ, дам, кæнæм. Кæннод, дам, æхсæв ныддаргъ и, нал, дам, фæбон кæны.

Мамалау куы ацыд, уæд æддаг хатæнæй сугтæ æрбадавта – арт бакæна æмæ картæфтæ ацарауа æхсынæнты зетийы. Куыддæр пецы раз æрдзуццæг кодта, афтæ дуары къуырцц фæцыд, иунæг къуырцц, стæй байгом и дуар æмæ дзы Тайбæт æрбахызт.

– Йор чъаме![*] – загъта æмæ бахудти. Æвæццæгæн ын солыйагау кæй раарфæ кодта, ууыл бахудти.

– Йор чъаме! – загъта Серæби дæр солыйагау æмæ уый дæр бахудт.

– Цы лæг дæ, цы! – ныуулæфтытæ кодта Тайбæт, йæ сæр батылдта, йæ былтæ та цъуппæй аззадысты. – Уый нын не ‘взаг дæр куы базыдтай!

– Кæй уæрдоны бадай, уый зарæгæй хуыздæр зарæг нæй зæххыл. Фæлæ Мамалау дæумæ куы фæцæуы, хæлаф, дам, мын хуыйы, æмæ, дам, мыл æй абара.

– Мамалауы аккаг хæлаф æз æнæ абаргæйæ дæр бахуыйдзынæн, – бахудти та Тайбæт. – Фæлæ мæнæ дæ барæнтæй

* Йор чъаме – дæ бон хорз (сылгоймагæн).

цыдæр раст нæ афыстон – мæ сæр фæхæццæ ис, æвæццæгæн, уыцы изæр.

Тайбæт йæ чындздзон карæй чысыл фæцудыдта, æмæ къæйныхдзæф уыди. Цæргæ, хъæуы сæрмæ 'ввахс цы стыр æддæгуæлæ хæдзар уыд, уым кодта. Уæллаг уæладзыджы царди. Иунæгæй дзы царди уыцы стыр рагон хæдзары. Хæдзар кæй уыд æмæ дзы уыййеддæмæ кæй ничи царди, уымæн ницы зыдта Серæби. Ансалтайаг кæй нæ уыд, уый зыдта, фæлæ кæцон уыд, уый дæр нæ зыдта. Æмæ йæ хъæугæ дæр ницæмæн кодтой уыдæттæ. Уæрæсемæ-иу афардæг æмæ-иу хъуымæцтæ æрласта, бирæ хъуымæцтæ æмæ-иу стæй хуыдта 'мæ хуыдта: лæгтæн гæлифе хæлæфтæ 'мæ дзыпджын хæдæттæ, устытæн уæрæх къабатæ 'мæ салбартæ. Серæбийæн дæр хуыдта. Уымæн та пиджак æмæ уæгъдкъах хæлаф хуыдта. Йæхæдæг æй бацырын кодта, æндæр уымæн йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыдис исты бахуыйын кæнын. Уым ыл сæмбæлди, уæлæсыхы лæгтæ годеканмæ кæуылты цыдысты, уым, æмæ йыл бацин кодта йæ зæронд зонгæйау. Уырыссагау афтæ хорз нæ зыдта, фæлæ йæм, æвæццæгæн, афтæ каст – хорз зоны, æмæ-иу гъæйттæй къыбар-къыбур кодта, исты раст нæ загъта, уый йæ хъуыдыйы дæр нæ уыди.

– Хорз хъуымац мæм ис, игæрхуыз бостон, раст дæу аккаг хъуымац. Уымæй дын, дыууæтарон кæй хонынц, ахæм пиджак æмæ расткъах хæлаф куы бахуыин, уæд дыл а хъæуы чызджытæ сæ кæрæдзийы ныттониккой. Æниу сæ, чи зоны, æмæ мæхæдæг дæр бавналин искæй дзыккутæм.

Акодта йæ. Асинтыл йæхи разæй цæуæг фæкодта. Салбар ыл нæ уыд, йæ къаба та йæ уæрджыты фæтасæнтæм дæр дзæбæх не 'ххæст, æмæ, асины къæпхæнтыл куыд хызт, афтæ-иу йæ уæрджыты нуæрттæ куыд фæтынг сты, уый уыдта Серæби.

Æмæ йæ райдыдта барынтæ. Иуырдæм æй барста, иннæрдæм æй барста. Куы-иу йæ разы фæдзуццæг кодта æмæ-иу, йæ разы куы фæдзуццæг кодта, уæд-иу йæ риутæ уыцы тымбылтæй фæиртæстысты сæ къуырф бынæттæй. Серæбийы цæстытæ-иу сыл иу æндæгъд акодтой, стæй-иу цыма истæмæй фæтарст, уый хуызæн исчердæм фездæхта йæ цæстытæ. Уый фæстæ та йын йæ барæн фæстæты æрбатыхта йæ риуыл, æмæ цыма барæн цас амоны, уымæ æрбакæсынмæ хъавыд, уыйау ын йæ уæхсчы сæрты æрбаивæзта йæ къубал, йæ фæсонтæм та йын йæхи æрбалхъывта, йæ риуты цыргъытæ йын йæ уæнтæм æрбахаста, æрбал-

хъывта йæм сæ, йæ тæрк улæфт ыл сæмбæлд, æмæ йæ улæфт ферхæц-ферхæц кæнын байдыдта Серæбийæн дæр.

– Абон дын дæ барæнтæм кæсын æмæ мæ фыстытæн ницуал æмбарын, цыдæр хæццæ-мæццæ рауадысты, æмæ та дын хъуамæ нæуæгæй абарон дæ уæрх æмæ дæ дæргъ, – худы Тайбæт. – Кæннод дын дæ пиджак хæлафы хуызæн куы бахуыйон, дæ хæлаф та пиджакы хуызæн, – худгæ-худын йæ барæн систа, айхæлдта йæ. – Рауай-ма!

Æмæ та йæ райдыдта рабар-бабар кæнын. Йæ рæзты-иу уыцы æлвæст гуыбыр куы фæкодта, йæ уæрджыты хъамбул сæртæ-иу риутыл куы схæцыдысты, уæд-иу риутæ уыцы урс-урсид тымбылтæй кофтæйы хъуыры нарæг къæрттæй цыма æддæмæ рагæпп кæнынмæ хъавыдысты. Æрæджиау батыхта йæ барæн æмæ йæ йæ дзыппы нывæрдта. Уæд фæкомкоммæ, Мамалау кæй æрбахаста, уыдонмæ – уыцы цыппæрдигъон тыхтæй лæууыдысты сынтæджы уæлæ. Бауади сæм. Хæдæттæ фæхицæн кодта, бандоныл сæ авæрдта. Хуыссæнæмбæрзæн сынтæджы ныхыл ацауыгъта, фæтевзæ айтыгъта гобаныл, хъæццул æмæ базæн сæ цъæрттæ акодта, стæй хъæццул фæдыдагъ кодта, уат куы бакæнынц, уæд куыд фæдыдагъ кæнынц хъæццул, афтæ, æмæ æрбадт сынтæгыл.

– Адон чи ныхсадта? – йæ къух сынтæгыл æрæппарæгау кодта Тайбæт.

– Мамалауы хотæ сæ ныхсадтой.

– Æмæ Мамалауы хотæ сæхи æхсын куы нæ зонынц. Дæхæдæг сæ ахастай?

– Мамалау сæ ахаста. Хотæ йын загътой, рахæсс, дам, сæ.

– Мауал сæ ахæссæд Мамалау. Æз-иу сæм æруайдзынæн. – Бахудт та. – Æз дын куы ныхсон дæ хуыссæнтæ, уæд афтæ æнхъæл дæ, æмæ ма хуыссæджы хъæстæ фæуыдзынæ?

Серæби йæм иу æнæбары каст бакодта.

– Дæ зæрдæ сылыстæг агурдзæн, æмæ рафт-бафтæн бахъæудзынæ дæ сынтæджы. Ды нæма зоныс, мæнæн цы къухты ахаст и, уый.

Серæби лæууыди пецы раз, Тайбæт бадти сынтæгыл æмæ таиу ыл йæ цæстытæ æрхаста сæрæй къæхты бынмæ.

– Арт кæнынмæ нæ хъавыдтæ? – йæ къух сугтæм адардта Тайбæт.

– Хъавыдтæн.

– Ӕмæ нал кæныс?
– Нал.
– Цæмæннæуал?
– Ӕнæуи дæр хъарм у.
– Ӕмæ дæ хæринаг кæнын нæ хъæуы?
– Нæ мæ хъæуы хæринаг кæнын.
– Уæдæ æххормагæй схуысдзынæ?
– Луасийы къæбæр æмæ цыхт ахсындзынæн.
– Йе, лæппу, дæ хъуыры куы ницы уадзай, уæд дæ къубал ахвахаг кæрдойы хъæдæй фæлыстæгдæр уыдзæн. Ӕмæ лыстæгкъубал лæппутæй чызджытæ сæ удхæссæг уынынц.
– Цæмæн? – йæ ныхасмæ йын исты зæгъын хъуыд, уыййеддмæ мæ цы фæрсыны мæт уыди!
– Цæмæн? Цæмæн, цæ, йæ къубал лыстæг кæмæн уа, уымæн æрмæст йæ къубал нæу лыстæг, нæ, – худы та Тайбæт æмæ йæ сæр разыйы тылд кæны, худгæ-худын, ома дзæбæх дзуапп дын куы авæрдтон дæ фарстæн.
Серæби дæр куы бахудтаид, уæд, чи зоны, хуыздæр уыдаид, фæлæ нæ бахудти, æмæ уæд иннæрдæм ахæцыд ныхасыл:
– Афонмæ Мамалауæн йæ армытъæпæнтæ стæппæлттæ сты дæ дуар хойынæй.
– Хæдзары дуар бахойын ма базондзæн Мамалау, фæлæ ма зæрдæйы дуар бахойын базона – нæ мæ уырны. Ӕгæр фæлæгхуыз и, æмæ лæппуйæ лæгхуыз цæмæн бæззы! Лæппу хъуамæ лæппухуыз уа. Кæм æрлæууа, уым хъуамæ зæхх судзгæ кæна. – Фæлæуу-ма, – цæхгæр фездæхта иннæрдæм йæ ныхас Тайбæт, – æмæ дын луаситæ кæм уыди?
– Мæнæ мын Патъимат скæны.
– Мæнæ зæронд Патъимат? Ӕмæ ма Патъимат цы луаси скæна, уый хъуыры ныххиздзæн! – Уым фæурæдта йæ ныхас Тайбæт, фестад, йæ къабайы æрбадæнтыл йæ къухтæ дыууæрдыгæй æмуагъд æркодта. – Цæуон уæдæ, кæннæуæд мæ сыхæгты хæрджытæ уасын куы сисой Мамалауы гуыпп-гуыпмæ.
– Фæлæуу-ма, Тайбæт, – бадзырдта йæм Серæби. – Баргæ мæ бирæ куы фæкодтай æмæ фысгæ куы ницы акодтай. Нæ та дæ ферох уыдзысты мæ дæргъ æмæ мæ уæрх?
Тайбæт та бахудт:
– Тыхсгæ ма кæ, дæ уæрх æмæ дæргъ цас сты, уый зæрдæйæн йæ хуссарварс æрцыди фыст, – стæй йæм йæ тъæпæн арм

фæдардта ‘мæ йæ рæзты рахызти, йæ дарæсы базмæлдæй йæ хæрздæф йæ фæстæ аззад.

Тайбæт ацыд, ныр Мамалауы ардæм хъæуы, ахъуыды кодта Серæби æмæ та фæфæнд кодта – арт бакæна. Картæфтæ ацарауа æхсынæнты зетийы, Мамалауимæ дæр дзы куыд ахæрой, райсоммæ дæр ма йын дзы куыд аззайа. Пецы раз æрдзуццæг кодта, сугты лыстæджытæ æркъæрццытæ кодта, æндзарæны сæ бавæрдта, уыцы рæстæджы дуарыл æрбахæстæуыди, æмæ дзы разæй хъæусоветы сæрдар Абдулмаджидты Абдулманап æрбахызт, йæ фæдыл та Умахан. Умаханы къухы фысы къабаз – йæ базыджы хайыл ын хæцыдис æмæ ‘рдаргъ и къабаз, суанг зæхмæ æрцæйæххæсти.

Серæби фестад. Фысы къабаз сæм кæй уыд, уый йæ цыдæрхуызон батыхсын кодта. Уæдæ кæмдæр фатеры цæрай, дард кæмдæр æмæ дæм хъæуы хицауад æрбамидæг уой, семæ фысы къабаз æрбахæссой, афтæмæй!

Абдулманап йæ пырх къухтæ фæйнæрдæм фæхаста.

– Хатыр нын бакæ, нæ дзæбæх æфсымæр, афтæ дæм кæй æрбафсæрстам, уый тыххæй. Куыстæй рацыдыстæм Умаханимæ æмæ загътам – цом æмæ уыцы лæппуйы абæрæг кæнæм!

Абдулманап хæстон лæг уыдис. Иухатт ын йæ риуыл æртæ ордены æмæ авд майданы банымадта Серæби – кæдæмдæр æндæр районмæ цыдысты Ботлихæй æмæ сæ уæд бакодта. Æнæуи сæ нæ фæдары. Уырыссагау дæр фæрæзта дзурын.

– Æмæ дæм уымæн цыдыстæм, цæмæй дын арфæ ракæнæм. Нæ хъæу рагон хъæу у – уый дæлæ йæ уæлмæрдтыл бæрæг у: хъæуæй уæлмæрдтæ стырдæр сты. Æмæ дзы, мæ зæрдæ мæм куыд дзуры, уымæй ахæм хъæзтизæр арæзт никуыма æрцыди. Уыцы лæппутæ цы диссæгтæ ‘вдыстой, уыцы кæфтытæ, уæлдайдæр уыцы уæхирдыгон кафт, симд кæй хуыдтат, уый! Цымæ ма дунейы уымæй рæсугъддæр кафт и?! Æмæ уый ды уыдтæ, ды, æндæр не скъола ныронг дæр ам уыди. Гасаны патефон дæр ам уыди нырмæ дæр, фæлæ лæг хъæуы, лæг, фезмæлæг хъæуы!

Серæби лæугæйæ баззад, сбадын сæ кæна, уымæ дæр нал арæхст – æмæ сæ бадын дæр куыд скодтаид сæ фысы къабаз семæ, афтæмæй!

Абдулманап куы фæлæууыд йæ ныхасæй, уæд Умахан бахудти, æнæуи дæр бахуд-бахудгæнаг уыди Умахан.

– Хъæусоветы ордентæ нæй, æндæра дæуæй стырдæр орден никæмæн радтиккам. Æмæ дын ордены бæсты – фысы къабаз!

Серæбийы уæддæр нæ уырныдта, фысы къабаз уымæн æрбахастой, уый: куыд æй хъуамæ æрбахастаиккой уымæн, кæцæй йын æй хъуамæ æрбахастаиккой?! Цæмæйдæр дзы тæрсæгау дæр кодта – уæдæ уанцон фысы къабаз нæу! Кæнгæ та йæ цы фæкæндзæни!

Умаханæн йæ худын нæ сысы йæ цæсгомыл, афтæмæй бацыд Серæбимæ æмæ йæм бадардта фысы къабаз.

Серæби дæр бахудти, райста къабаз, уæлæмæ йыл схæцыд, – зæхмæ куы æрæххæсса, уымæй йын тарсти. Æмæ та Абдулманап айста ныхас йæхимæ:

– Уæ, Серæби, уæ, нæ ирон æфсымæр! Ды нæм уымæн æрцыдтæ, цæмæй нын рухс бадарай нæ цардмæ. Æмæ æнцон нæу иунæг удæй рухс дарын, хъуамæ дын хъузæттæ уа. Æмæ дæ фарсмæ чи ‘рбалæууа, уый – мах, мæнæ æз æмæ Умахан. Нæ сæр дæ кæм бахъæуа, уым нæм комкоммæ бырс, æфсæрмы дæр ма кæн, тæрсгæ дæр!

Уыдон ацыдысты. Уый лæугæйæ баззад, фысы къабаз йæ къухы, афтæмæй. Лæууыд æмæ хъуыды кодта сæ хъазтизæрыл – йæ кой куыд нал æнцади! Æндæр ныхас нал уыди. Дыууæ лæджы кæм æрлæууыдаиккой, уым сæ æрмттæ ма ныццагътаиккой, сæ сæртæ ма фæтылдтытæ кодтаиккой, афтæмæй ницæй тыххæй фæхицæн уыдаиккой кæрæдзийæ. Æмæ дзæбæхæй дзæбæх рауади – йæхæдæг дæр, афтæ дзæбæх рауайдзæн, уый æнхъæл нæ уыди. Бынтон диссаг симд басгуыхти. Куыд дзæбæх сæм фæкаст! Æмæ се ‘мдзæгъдæй куыд нæуал æнцадысты! Æмæ куыд фидыдта Айсет! Уыцы аив-аив-иу куы сцæйхæцыди йæ цонгыл, уæд-иу кæд не ‘рфæндыд Серæбийы – ныххæц уыцы цонгыл, дæ дæллагхъуырмæ йæ схæсс æмæ йæ нылхъив дæ дæллагхъуырмæ.

Стæй та æркасти дзидзамæ. Ныр æй цы фæкæна? Уæд та Мамалау тагъддæр куы ‘рбацæуид. Уый йын исты хос скæнид. Æркъуыхтæ йæ кæнид фæрæтæй, цæхх ыл æрызæрид. Цыдæр фыдхос дæр ма æркæнынц ам фыдызгъæлыл æмæ тынг схæрзад вæййы. Фыдхос сæхимæ уыдзæн Мамалаутæн.

Æдде къæхтыхъæр æрбайхъуыст, æмæ бацин кодта – æрбахæццæ Мамалау! Æмæ фысы къабазыл уæлæмæ схæцыд – уадз æмæ йæ æвиппайды ауына, кæддæра куыд кæнид. Уæд айгом и дуар æмæ разæй Лабазан куы ‘рбахизид, йæ фæстæ – Хабиб.

Хабибæн иннæ хæттытæй уæлдай ацы хатт йæ сæрыл уыд бæрзонд игæрхуыз къæбæлдзыг бухархуд. Æмæ бадис кодта Серæби – цæмæ йæ бахъуыд уыцы стыр худ? Уæд æй нæ зыдта, фæлæ йæ уый фæстæ базыдта: солыйы бæсты лæппу усгур куы суа, уæд хъуамæ бухархуд самал кæна. Уæд уый амоны – лæппу усгур сси. Серæбийы къухы фысы къабаз куы федтой, уæд хæбæцц лæугæйæ баззадысты бахизæны, стæй йæ цины хъæр фæцыди Лабазанæн:

– Уо, Аллах! Æнæхъæн фысы къабаз! Æз та ма джитæнтæгæнгæ цыдтæн, зæгъын, хæринаг та йæм куы ницы уа. – Стæй йæ гæлифейы уæгъд дзыппытæй фæйнæ авджы сласта æмæ сæ стъолыл тетрæдты уæлæ æрæвæрдта.

Серæбийæн хъыг уыд, нæ йæ хъуыдысты Лабазан æмæ Хабиб. Сæхæдæг абадтаиккой Мамалауимæ дыууæйæ. Ныхæстæ дæр акодтаиккой, стæй та, чи зоны, Мамалау заргæ дæр акодтаид. Адонæй та чи хъуамæ базара?

8

Хуыссын нал цыд Серæбимæ, фæлæ йæм стын дæр нæ цыд æмæ хуыссыди. Йæ цæстытæ-иу куы æрцъынд кодта, куы та-иу сæ ракаст фæстæмæ, æмæ-иу куы ракаст, уæддæр-иу уымæн нæ ракаст, æмæ йæ, исты куы федтаид, уый фæндыди, нæ – афтæ-иу æнæуи ракаст. Æмæ-иу йæ цæстытæ фыццаг фынгыл схæцыдысты – мæнæ лæууы йæ тæккæ раз. Уырдæм ыл бахæцыдысты, сынтæгмæ, дыууæйæ сынтæгыл куыд бадтаиккой, дыууæйæ та, цы дыууæ зæронд къæлæтджын бандоны йæм уыди, уыдоныл бадтысты. Йæ уæлæ цы чингуытæ æмæ тетрæдтæ вæййы, уыдон уартæ къуымы кæрæдзийыл амадæй лæууынц – уырдæм сæ фæхаста Лабазан йæ тъæпæн æрмтты. Йæ астæу фынгæн, къуырф сау тебæ – Лабазан æй сыхæгтæй кæмæйдæр æрбадавта. Тебæйы алывæрсты луасийы хъæбæртæ, агуывзæтæ, æвгтæ. Уæд æм райдыдта уыцы æнæууæнк-зæрдæхсайгæ кæстытæ кæнын Хабиб – фынгыл иу-цъус куы абадтысты, уæд. Æмæ-иу загъта Серæби – уæртæ цы ауиул-ауиул кæны, уый куыддæр нынныхъуыра, афтæ райдайдзæн дзурын, фылдæр нал бафæраздзæн æнæ дзургæ – куыд ма бафæраздзæн, уæртæ йе ‘ууилинагыл дæр тагъд куы кæны фырзæгъынмондагæй! Фæлæ-иу Хабиб йе ‘ууилинаг æууылд нæма фæци, афтæ бавнæлдта æмæ тебæйы къуырфæй ног дзидзайы кæрдих систа æмæ-иу æй

йæ сой тæдзгæ фæцæйхаста йæ дзыхмæ. Æмæ Серæби дис кодта – дзурын æй фæнды, афтæмæй дзургæ нæ кæны, фæлæ – хæргæ! Æмæ уæд та афтæ хъуыды кæнын байдыдта – Мамалау уым кæй и, уымæн нæ райдайы дзурын, тебæмæ дæр уымæн фæцæйæвналы ног дзидзайы кæрдихмæ. Æмæ дис кодта – цымæ йæ цы хъыгдары, Мамалау уым кæй ис, уый? Стæй, цымæ, цы зæгъынмæ хъавы, Мамалауæй афтæ кæмæн тæрсы, уый цы у?! Æмæ тыхсти Серæби, тыхсыны сæр æй ницæмæн хъуыд, афтæмæй тыхсти – цы хъуыддаг дæ ис, исты дзуринаг æм ис, ницы дзуринаг æм ис, уымæ! Дæ разы фынг æмæ дæ фынджы кой кæн! Хæр æмæ нуаз! Нуазгæ акодта, тыхсгæ дæр, æвæццæгæн, уымæн кодта æмæ кæй анызта. Æндæр куы нæ анызтаид, уæд афтæ рагæпп-багæпп нæ кодтаиккой йæ хъуыдытæ. Æмæ-иу æм хаттæй-хатт кæд не 'рцыди ахæм фæнд – цæй æмæ йæ бафæрса! Уæд, чи зоны, Мамалау уым кæй и, уымæ дæр нал фæкæса æмæ зæгъа, абондæргъы зæгъын цы нæ фæразы, уый. Фæлæ та-иу йæхиуыл ныххæцыди – куыд æй бафарстаид, цы зæгъинаг дæ, уымæй дæр æй куыд бафарстаид æмæ йæ цæмæннæ зæгъыс, уымæй дæр?

Стæй ацыдысты. Иуафон сыстадысты æмæ ацыдысты. Бирæ фæбадтысты, уыцы стыр тебæ равдæлон, æвгтæ дæр равдæлон сты, уæдæ цы ми кодтаиккой æвгтæ дæр! Æмæ, куы фæцæйцыдысты, уæддæр ма фæстæмæ фæкæс-фæкæс кодта Хабиб – йæ зæгъинаг æнæ загъдæй баззади, æмæ куыд нæ фæкæс-фæкæс кодтаид фæстæмæ дæр!

Уыдон бадтысты дыууæйæ – Мамалау æмæ Серæби. Бадтысты æнæфснайд фынджы фæйнæ фарс æмæ ныхас кодтой. Сабыр ныхас, йæ зарæг куыд сабыр фæзары Мамалау, афтæ сабыр цыди сæ ныхас дæр. Æниу, æдде бакæсгæйæ куыд сабыр зынд, афтæ сабыр нæ уыди. Уæдæ, дам, кæд Хабиб нæ хъавыди Айсеты курынмæ æмæ, дам, ын æй кæд Хава нæ хъавыди дæттынмæ! Гъеныр ма уымæй диссагдæр исты уа! Æмæ, дам, сабыр ныхас! Æмæ барæй уыди – æнæбары уыди, уæддæр ныр цы ныхас кодтой, æнæфснайд фынджы дыууæ фарс бадгæйæ, уый, уæд Хаваты æфснайд уаты цы ныхас кодтой, ууыл баст уыди, мæнæ цыма йе 'рдæг уыди уыцы ныхасæн, афтæ. Æнæуи уый æндæрхуызон ныхас уыд бынтондæр. Уым лæугæ кодтой, стæй æртæ уыдысты, æцæг, ныхас уым дæр дыууæйæ кодтой. Æмæ-иу кæрæдзимæ дæр багуыбыр сты, загъд-заманæгæнгæ. Фидаугæ дæр сыл нæ кодта. Куыд сыл

фидыдтаид – сæ иу нæлгоймаг уыдис, иннæ – сылгоймаг. Уæд нæлгоймаг æмæ сылгоймаг кæрæдзимæ багуыбыр уæнт æмæ ахъаззаджы ныхасы бацæуæнт! Стæй ноджы афтæ зынд, цыма æртыккаг чи у, ныхасы чи нæ балæууы, уый сæ сардыдта. Æниу, раст зæгъгæйæ, хъуыддаг уæвгæ дæр афтæ уыд. Уый нæ ракодта Мамалауы! Æмæ йæ куывдон æмбалæн ракодта!

– Уыйбæрц дзырдфæразон разындзæн Хава, уый æнхъæл нæ уыдтæн, – йæ сæр-иу батылдта Мамалау, знæт тылд нæ – афтæ æнæуи. – Æниу, дам, мæ фыд куы рабадид, цы сыгъдæг ран и, уырдыгæй æмæ, дам, мæм уый куы бахатид. Ай мæ чызг у, æз æй схъомыл кодтон æмæ йæ дæтгæ кæнын, кæй цы хъуыддаг и! – Йæхицæн йæ цæстытæй судзгæ цæхæртæ калд, дæ хæдоны дысыл дзы иу-дыууæ æрхауд – йæ пиллон скалдаид дæ дысæн. Æз ын афтæ зæгъын: цы дыл æрцыд, сывæллоны йæ мады дзидзийæ куыд иртасай, афтæ цæмæн иртасыс чызджы йе скъолайæ? Цæмæн æрвитыс сывæллон чызджы кæугæ ‘мæ ниугæйæ, цæмæй дзы бафæлладтæ?! Æмæ, дам, æз уымæй кæстæр уыдтæн, чындзы, дам, куы цыдтæн, уæд æмæ, дам, кæугæ дæр нæ кодтон æмæ ниугæ дæр. Тынг дзæбæх, дам, ацыдтæн.

– Æмæ ныр, цымæ, йæхæдæг цы ми кодта Айсет? Разы кодта йæхæдæг, чындзы ацæуа, ууыл?

– Æмæ йын йæхи чи фарста! Стæй цы хъуамæ загътаид йæхæдæг. Курæг æй уыд, дæттæг æй уыд, æмæ цæмæннæ хъуамæ ацыдаид?! Афтæ цыдысты æнусты дæргъы нæ хæхты, афтæ ацыдаид уый дæр.

Æмæ аджих и Серæби. Куы-иу йæ цæстыл Айсет ауади, куы – Хабиб. Хабибæн йæ сæрыл йæ нæуæг бухархуд. Айсетæн та – йæ нарæг фæсонтыл йедзаг тæскъ æруæз кодта – афтæмæй фæцæуы æмæ йæ рæхснæг зæнгтыл йæ тæнæг салбары фадгуытæ рог тыбар-тыбур кæнынц.

– Гъомæ йæ ууыл цы хæйрæджытæ бафтытдтой? Науæд, цæмæй базыдта, Ансалтайы иу мæгуыр усæн ахæм чызг и, уый?

– Æмæ ма Лабазан æндæр цы кусы?! Уый йыл æй бафтыдта. Хавайæн дзы пысылмон æппæлдтытæ фæкодта, æмæ бирæ хъæуы мæгуыр усы!

– Æмæ цы хорзы бацыд Лабазанæн Хабиб?

– Цыдæр хæстæг сын æййафы.

Уый фæстæ фæлæууыдысты сæ ныхасæй. Мæнæ-иу аргъæутты

уæйгуытæ, хæцынæй куы бафæлладысты, уæд-иу уыдон дæр афтæ фæлæууыдысты сæ хæцынæй. Бадтысты æмæ фынгмæ кастысты фæйнæрдыгæй.

– Стæй? – бафарста æрæджиау Серæби.

– Цы – стæй? – йæ сæрыл æвæндон хæст скодта Мамалау.

– Куыд æрсасти стæй?

Мамалау иу-цасдæр ницы загъта, авгæй иу хуыпп рауагъта агуывзæмæ, ахуыпп æй кодта.

– Стæй æндæр рæтты фæдæн йæ размæ.

– Кæуылты фæдæ йæ размæ стæй?

– Уыцы рæтты куы нæ фæуыдаин йæ размæ, уæд нæ цыдæй ницы рауадаид. Мæнæ дæ куыдз искæмæ куыд алæбура, уый йæм лæдзæг куыд фæхъил кæна, æмæ куыдз йæ къæдзил йæ сагæхты куыд фæтъысса, афтæ уади нæ хъуыддаг, æмæ мæн афтæ нæ фæндыд. Мах лæгтæ стæм, нæлгоймæгтæ стæм мах.

– Стæй æндæр рæтты куы фæдæ йæ размæ, уæд дыл, æвæццæгæн, кæмдæр рувас амбæлд.

– Рувас мыл нæ амбæлд, фæлæ мыл ды амбæлдтæ, – цыдæр мидæмæ фæлдæхт худт бакодта Мамалау, æмæ йе уоны мигъ абадт Серæбийæн уыцы бахудтæй.

– Æз?! – йæ арм йæ риумæ схаста Серæби. – Æмæ дыл æз та куыд амбæлдтæн?!

– Амбæлдтæ мыл.

– Куыд?!

Мамалау йæ сæрыл схæцыд æмæ комкоммæ бакаст Серæбимæ.

– Хава Хабибы койæ куы нал æнцад, уæд ма мын уыцы гæнæн уыд, æндæр мын гæнæн æмæ амалæй ницуал уыд.

Серæби йе ‘рфгуытыл уæлиау схæцыд – цымæ ма йын цы гæнæн уыди?

– Æмæ йын уæд афтæ зæгъын: фæлæудзæни уал Хабиб.

Æмæ мæм ма ныззила:

– Цæмæн фæлæудзæни?!

– Цæмæн фæлæудзæни, цæ, Айсеты Серæби уарзы, Серæби йæ куры. Гъæуымæн уал фæлæудзæни, гъе, Хабиб.

Серæби йæм кæсгæйæ баззади.

– Чи, чи, чи йæ уарзы æмæ йæ чи куры, загътай?!

– Ды, ды!

– Æз?!

– Гъо, ды.

– Чи дын загъта?

– Ничи. Фæлæ, кæнæ – ды, æмæ Айсет – скъолайы, кæнæ – Хабиб, æмæ Айсет скъолайы ‘мгæрætты никуыуал ацыдаид. Æмæ канд Айсет нæ – бирæ сты уыцы æнæсæрбос, æнæркаст, æнæхицау чызджытæ, чындзы цæуын йеддæмæ чи ницы уыны йæ размæ. Уæд сын цы пайда æрхаста не скъола? Чындзы цæуынмæ сæ бацæттæ кодта?! Ахæм скъола дунейы, æвæццæгæн, никуы ис, чызджыты æрмæстдæр чындзы цæуынмæ чи цæттæ кæны.

Стæй сæ иу-цасдæр ничиуал ницы загъта. Æмæ та йæ иугъæдон хъæлæсæй райдыдта Мамалау:

– Афтæ куы нæ загътаин, уæд мах нæ фæд-фæд гуыбыргуыбыр раздæхтаиккам, Айсеты та Хабиб афардæг кодтаид – нæ федтай, цы хуызæн худ ныккодта! Айсеты уый афардæг кодтаид, иннæтæм дæр зындаид исчитæ, æмæ де скъолайæн йæ афтид дегуыла-дыгуыла цыдаид – астæуккаг скъола нæ, фæлæ сывæллæтты кæвдæс.

– Цæугæ дæм кæцæй æркодта, афтæ зæгъай, уыцы æнæхайыры хъуыды!

– Мæхæдæг дæр ын ницы базыдтон, – цыма йæхиуыл бустæ кодта, уыйау йæ гуым-гуым райхъуыст Мамалауæн. – Æвæццæгæн, Хуыцауы бафæндыд, афтæ зæгъон, уый. Уæддæр нæ чъил кодта, æмæ, дам, уый сунæтгонд дæр куы нæ у. Стæй, дам, кæд Хабибæн нæй скъоладзау чызджы курыны бар, уæд, дам, уымæн кæцæй æрцыд?! Уый, дам, йæхæдæг ахуыры хайы хицау куы у! Æмæ йын кæуылты фæныхас кодтон! Æмæ йæ, зæгъын, уый исты гъеныр куры?! Уый йæ, зæгъын, мæ хур акæнай, цъæхæй ратонынмæ нæ хъавы, нæ. Уый йæ, ацы скъола куы фæуа каст, уæд горæты стыр скъоламæ дæтдзæн. Стæй, уыцы стыр скъола куы фæуа каст, уæд æй ракурдзæн. Уæд сæ дыууæ дæр стыр бынæтты кусдзысты уым, горæты. Æмæ-иу дæм æрттивгæ машинæйы куы ‘рцæуой, æмæ-иу сын æнæхъæн хъæуæй куы æртымбыл уой сæ машинæйыл!

Уæд гыццылгай æртасыд. Зонын æй, раст нæ бакодтон, фæлæ, цæмæй, цы хъуыддаджы ныллæууай, уый раст ацæуа, уый тыххæй раст цы нæ бакæнай, уый хъуамæ барст уа, – уым æрлæууыд йæ ныхасæй Мамалау æмæ бахудти, афтæ бахудыны тыххæй куыд бахудай, ахæм худт бакодта. – Ныр дæхи хиз, Хава дæм сиахсы цæстæй кæсы.

– Айсет дær æй зоны, цымæ?

– Цы?

– Ды афтæ загътай Хавайæн, уый?

– Зондзæни йæ, уæдæ ма хуыздæр цы зона! Хава йын æй ма загътаид. – Стæй Серæбимæ аздæхти Мамалау. – Нып æй дæхæдæг нæ хатыс, æви дæхи барæй афтæ дарыс?

– Цы нæ хатын мæхæдæг?

– Ау, кæд дæ Айсет уарзы, уый нæ хатыс, уæд ма цы хатыс?!

– Уоуу, мæнæ мын мæ сæр разилын кодта иу лæппу! Куыд мæ хъуамæ уарза Айсет, цæмæн мæ хъуамæ уарза?!

– Цæмæн дæ хъуамæ уарза, уый тыххæй дын йæхæдæг дæр ницы зæгъид. Фæлæ дыл йæ цæст куы схæцы, уæд цырагъау куы спæртт кæны æмæ йæ алыварс рухс дарын куыд байдайы, уый никуы 'рхъуыды кодтай?!

– Худæг ныхæстæ кæныс, – загъта Серæби. Афтæ æнæуи загъта, уыййеддæмæ Мамалауы ныхæсты фæстæ уыцы ныхæстæ ницы ахадыдтой, уый куыд нæ 'мбæрста! Æмæ ныр хъуамæ æндæр истытæ загътаид, фæлæ нæ уыди ахæм ныхæстæ. Уымæн нæ уыд, æмæ Айсет уади йæ цæстытыл Серæбийæн. Лæууы сæ кæрты кæрон, асины схизæны, йæ разы цыма йе 'мбал чызг у, йæхи хуызæн рæхснæг æмæ æлвæст, уыйау лæууы уисой, йæ дыуучæ къухæй йыл хæцы, æмæ Серæбимæ афтæ зыны, цыма йæ уисойыл куы атыхсид, уый йæ фæнды, æмæ йыл атыхсид, фæлæ уыдон уым сты Серæбиитæ, æмæ йыл куыд атыхса! Фæлæ, уыдон уым куынæуал уой, куы ацæуой, уæд æм цыма нал цæудзæни уисойыл тыхсын. Æмæ йæхимидæг стыхсти – уæдæ йын уыдоны цур уисойыл атыхса, уый гæнæн нæй, уыдон куы нал уой уым, уæд та йæм цæугæ нал кæндзæн, уисойыл куы атыхсид, уый.

Йæ сæр ныттыллдта фæйнæрдæм Серæби – уый йæм цы хуызæн хъуыдытæ æрцыди æмæ йæм кæцæй æрцыди ахæм ницымацы хъуыдытæ?! Уисой у, кæрт марзта æмæ йæ къухты баззад. Уæдæ йæ æппаргæ акодтаид зæхмæ?! Стæй та æндæр хъуыды фæзынди йæ сæры: цыфæнды зæгъæд Хавайæн Мамалау, цыфæнды дзы айхъуысæд, æрмæст Айсет скъоламæ цæуæд! Нæ фидауы скъола, Айсет дзы куы нæ рауай-бауай кæна, уæд. Змæлынц, змæлынц æмæ сæ цæст никæуыл хæцы – цæст уый агуры, Айсеты.

– Æгæнон чызг у, йæ уарзт дæр æгæнон у, йе 'нæуынон дæр. Дæхи хъаггæн. Уартæ цыхцыры раз куы 'ртымбыл вæййынц

чызджытæ – уыдонмæ дæр арæхстгай кæс! Йæ бæттæнтæ атондзæн, хатыр нæ базондзæн, – дзуры Мамалау.

Æмæ йæ ныр та суадоны цыхцыры раз ауыдта – æвæццæгæн æй Мамалауы ныхæстæ балæууын кодтой уым.

Хуыцаубон уыд, æмæ ахуыргæнджыты хæдзармæ фæцæйцыд – хуыцаубоны-иу сæм бауади искуы иу хатт. Цай-иу цымдтой, хъæлдзæг ныхæстæ-иу кодтой. Фæндаг суадоны сæрты цыди, æмæ йæ уырдыгæй æруыдта. Уый йæ, æвæццæгæн, нæ федта – цыдæриддæр уыди, уæддæр афтæ зынди уæд Серæбимæ. Йæ гогон – бæрзонд æмæ æлвæст симæг чызджы хуызæн. Цыхцыры бын лæууыд уыцы бæрзонд-сæрыстырæй. Дон йæ былтæй калд – уый дæр равзæрста Серæби – æмæ æнæуынæр æнхъæвзæн уылæнтæй дугъ кодта уырдыгмæ гогоны тымбыл фæрстыл. Чызгæн йæ сæр – къул йæ уæхскыл, йæ цæсгом цыхцырмæ арæзт, фæлæ цыхцырмæ нæ каст – зынди йыл. Цыхцырмæ куы кастаид, уæд нæ уыдтаид, гогон йæ былтæй акалди, уый?! Æмæ, цымæ, уæдæ кæдæм касти æмæ, цы уыдта, кæдæм касти, уым?

Серæбийæн ма, размæ аккуырса, уый йæ удыбон нал уыд – ахæм алæмæты ныв æрмæст хæхбæсты ис фенæн, æмæ хъуамæ сæрмагондæй æмбырдтæ кæниккой адæм ахæм нывтæ фенынмæ. Уæд уый куыд ахиза йæ фæрсты, цыма ницы федта, уый хуызæн?! Ныр бадти æмæ касти уыцы нывмæ, æмæ йæ хъуыдыйы фæзын-фæзын кодта: дæттæй, цалынмæ Айсет йæ гогон аккой кæна, уæдмæ куы ницы сдзурид Мамалау, кæддæра йæ куыд аккой кæнид? Фæлæ Мамалау, Серæбийы цæстытыл цы уайы ‘мæ цы нæ уайы, уыдæттæн цы зыдта!

– Кæцæй фесты, кæ, дыууæизæрастæу дыууæ æнæзæгъинагау?! Æвæццæгæн ыл æхсæв бон нал кæны – Айсет йæ къухы кæд бафтдзæн! Уый цæмæй  зоны æмæ дзы афтидæй аззади?! Ныккæнæд ныр уыцы стыр худ æмæ дыууæрдæм кæнæд Ботлихæй Ансалтайы ‘хсæн, – дзургæ-дзурын Серæбимæ базылдта йæ цæстытæ. – Дæумæ та цæмæ касти, дæумæ? Нуазгæ кодтаид, уæддæр дæумæ каст, æууилгæ кодтаид – уæддæр.

– Нæ зонын, – загъта Серæби – нæ йæ фæндыди, Хабибы кой ма кодтаиккой, уый.

– Æз æй зонын – демæ куы аныхас кодтаид, уый йæ фæндыди, цæмæй Айсеты кой мауал скæнай, скъоламæ ‘рбаздæха, ууыл мауал дзурай. Ныхас стæм, ома семæ, чындзы цæуы, ома. Æмæ ма йæ цæмæн хъæуы де скъола!

Уый цæмæй зыдта Хабиб, æмæ Айсет æнæхъæн чызджыты хал æрбакодта йæ фæстæ скъоламæ! Æмæ йын æй, цымæ, Лабазан куыд æнæзæгъгæ фæуыдаид?!

– Æмæ йæ уæд цæмæннæ загъта, кæд афтæ зæгъинаг уыди, уæд?

– Мæн тыххæй. Æз æй цæмæн фехъусон! Цæмæн ын зонон йæ хабæрттæ! Ды – хицау, ды йæ зонай, уый æмбæлы, фæлæ æз чи дæн! Нæ мæм ахуыр и, нæ бынат ахсын. Цæмæн ын хъуамæ зонон йæ хабæрттæ?! Афтæмæй ма йын сæ халгæ дæр фæкодтон.

Æмæ йæм уым Мамалауы ныхæстæм хъуыста – афтæ зæрдиагæй сæм нæ хъуыста, фæлæ сæм афтæ æнæхъусæг дæр нæ уыди, – афтæмæй йæ зæрдыл куы ‘рбалæууид иу хъуыды: æмæ, цымæ, ныр? Ныр, цымæ? Мæнæ, цымæ, Мамалау Хавайæн куыд фæдзырдта, афтæ куы адарид йæ царды фæндаг Айсетимæ, уæд куыд уаид, цымæ? Цу æмæ цу цæргæ-цæрæнбонты Айсеты фарсмæ. Хæрзаг æм фæйнæрдыгæй æрбакæс-æрбакæс кæниккой нæлгоймагæй-сылгоймагæй, сæ къубæлттæ йæм ивазиккой фæйнæрдыгæй, хæрзаг! Гъо-о, Айсет, саурæсугъд кæй хуыдтой фыдæлтæ, ахæм рæсугъд уыдзæн, йæ кармæ куы ацæуа, уæд. Гъо-о, æмбисæндтæ фæкæнай, Айсет! Гъо, ды кæмæн уыдзынæ æмæ ды кæмæн нæ уыдзынæ!

*Уыдзæн ма*

# БУДАЙТЫ МИЛУСЯ: 60 АЗЫ



*БУДАЙТЫ Милуся*

## СÆРД

**Хорз у, хорз у, хорз у сæрд:**
**Райдзаст зæрдæ, хъæлдзæг цард;**
**Алцы бирæ: нозт уа, хæрд,**
**Алы ранæй хъуысы зард.**

**Хорз у, хорз у, хорз у сæрд:**
**Рæстæг – бирæ: улæф, кус;**
**Уыгæрдæнтæ, цу, ‘мæ кæрд:**
**Абон – ног карст, райсом – хус.**

**Хорз у, хорз у, хорз у сæрд:**
**Иууыл – хъæлдзæг, иууыл – цин.**
**Абон – уарзын, райсом – тæвд.**
**Хуры тынты най дæхи.**

**Хорз у, хорз у, хорз у сæрд:**
**Цинæн цин у, уарзтæн – уарзт.**
**Дардыл рухс фæндтæ нывæнд,**
**Цин – дæ мидбылхудт, дæ каст.**

## АБОН ЦИН КÆНЫ ИР

**Абон Ирмæ Лæгтыдзуар æртахт,**
**Абон Ирмæ хурты хур ныккаст, –**
**Абон адæм ферох кодтой загъд,**
**Ферох и сæ маст.**

**Абон дардыл цин кæны нæ Ир,**
**Рынчынтæй дæр алыгъди сæ рис.**
**Абон – хорз бон, арв æгасæй ирд –**
**Цин нæ зæххыл ис!**

**Иры зæххыл фенцондæр цæрын,**
**Алы ран дæр – цинтæ æмæ уарзт.**
**Иры адæм мауал фенæд зын,**
**Мауал фенæд маст.**

# УАРЗОНДЗИНАДЫ МОНОЛОГ

*Новеллæ*

Донхæристæ цады алыварс даргъдзыкку чызджыты хуызæн лæууынц. Донмæ, цыма кæсæны кæсынц, афтæ æркъул кодтой сæ сæртæ. Сæ къалиутыл мæргъты цъыбар-цъыбур стынг. Доныхъазтæ, бабызтæ цады кæрæдзи фæстæ ленк кæнынц. Уæртæ дыууæ хъазы цады астæу кæрæдзимæ кæсынтыл систы – æвæццæгæн, уарзæттæ сты...

Донхæристы бын цы бандæттæ ис, уыдонæй иуыл бады Мартæ. Хъуыдытæ йæ дард кæдæмдæр ахастой... Йæ зæрдыл æрлæууыд уыцы сæрд. «Уый уыд нæ сæрд, демæ куы базонгæ дæн... Æз уæд университеты ахуыр кодтон, цыппæрæм курсы. Фæлварæнтæ лæвæрдтам. Æмæ фæлварæны фæстæ чызджытимæ рацыдыстæм. Тезгъо кодтам, хъæлдзæг уыдыстæм. Тезгъогæнгæ фæлладуадзæн паркмæ бахæццæ стæм. Сбадтыстæм мæнæ ацы бандоныл (уый сси уыйфæстæ нæ уарзон бандон) æмæ ныхæстæ кодтам, худтыстæм. Чызджытæй чидæр афтæ зæгъы:

– Цом-ма, уæртæ бæлæгъы аленк кæнæм. Ахæм тынг мæ фæнды, æмæ диссаг! Цомут-ма, – лæгъстæгæнгæйæ бахатыд не ‘ппæтмæ дæр.

Мæн нæ бафæндыд, фæлæ не ‘ннæ дыууæ ‘мбалы ацыдысты йемæ.

Æз иунæгæй бадгæ баззадтæн æмæ сæм кастæн. Уыдон мæм сæ къухтæ тылдтой, цыдæртæ дзырдтой, фæлæ сæ æз нæ хъуыстон. Уалынмæ дын кæйдæр хъæлæс:

– Хорз чызг, бахатыр кæн, æмбæлы дæ фарсмæ ‘рбадын?

Æз æнæнхъæлæджы фарстæй фестъæлфыдтæн. Скастæн хæрдмæ. Мæ разы лæууыдтæ ды – бæрзонд, хæрзконд...

– Дæ хорзæхæй, сбад, – сдзырдтон æз æмæ ме ‘мбæлттырдæм

азылдтæн. Уыдон цæуылдæр худтысты, цыдæртæ мæм хъæр кодтой, цыдæртæ мын амыдтой... Ды чиныг рафæлдæхтай æмæ дзы кастæ. Цасдæры фæстæ мæ бафарстай:

– Бахатыр кæн, хорз чызг, къæйных мæ ма фæхон, фæлæ уыцы чызджытæ де 'мбæлттæ сты?

Æз дæм аивæй бакастæн æмæ загътон:

– О... Иумæ ахуыр кæнæм.

Ды йæ фæбæлвырд кодтай:

– Æмæ кæм ахуыр кæнут?

– Университеты, филологон факультеты...

– Мæнæ диссаг! Уæдæ дæ æз куыд никуы федтон?! Ахæм рæсугъд чызгыл нырмæ ма сæмбæл, иу ран ахуыр кæн, афтæмæй. Æз дæр университеты ахуыр кæнын, юридикон факультеты, цыппæрæм курсы. Æвæццæгæн, мах факультет æндæр агъуысты кæй ис, уымæн дыл никуы сæмбæлдтæн, – дарддæр дзырдтай ды, æдзынæг мæм кастæ, афтæмæй.

Æз фефсæрмы дæн де 'дзынæг кастæй æмæ мæ сæр бынмæ æруагътон.

Ды мын уæд афтæ:

– Хорз чызг, бадæм, ныхæстæ кæнæм, фæлæ зонгæ нæма бaистæм – иу ран дæр ма куы нæ ахуыр кæниккам. Мæ ном у Амыран, мæ мыггаг у Æхсæртæггатæй, – сыстадтæ æмæ æнхъæлмæ кастæ мæ дзуапмæ.

Æз хъуыды кодтон: «Цæмæн зæгъон ацы æнæзонгæ лæппуйæн мæ ном, мæ мыггаг? Уæд та ма мæ сайгæ кæны, æмæ иу университеты дæр нæ ахуыр кæны. Стæй мын кæд йæ ном æмæ мыггаг дæр раст нæ загъта. Фæлæ бакастæй хорз лæппуйы хуызæн у... Нæ зонын, нæ зонын, цы кæнон? Куыд ын зæгъон, нæ мæ фæнды демæ зонгæ кæнын»...

Афтæ цасдæр æнцад бадтæн, цадмæ кастæн æмæ хъуыды кодтон, цы зæгъон, ууыл...

Ды мæ разы лæууыдтæ, æмæ куы ницы дзырдтон, уæд загътай:

– Бахатыр кæн, бамбæрстон дæ. Цæй, дзæбæх у. Дæ хъуыддæгтæ дæхи фæндиаг уæнт, – æмæ фæцæйцыдтæ.

Уыцы рæстæг мæм мæ зæрдæ сдзырдта: ма йæ ауадз афтæ – зæгъ ын дæ ном, дæ мыггаг. Æмæ сдзырдтон:

– Нæ, нæ, цытæ дзурыс! Мæнмæ ахæм хъуыды нæ уыд. Уæртæ ме 'мбæлттæм кастæн. Бахатыр кæн, – æмæ дын мæхи бацамыдтон.

Дæуæн дæ цæсгом фæрухс. Æхсызгон дын уыд, кæй дæ баурæдтон, уый. Фæстæмæ æрбадтæ, æмæ ныхæстæ кодтам. Радзырдтай мын, дæу дæр скъолайы фæстæ филфакмæ бацæуын кæй фæндыд, фæлæ нæ бахаудтай. Стæй дæ æфсадмæ акодтой, куы сыздæхтæ, уæд юридикон факультетмæ бацыдтæ. Фыссыс æмдзæвгæтæ. Газеты, журналты дын сæ рæстæггай мыхуыр кæнынц.

Æз нырма ныр фæхъуыды кодтон, дæ ном æмæ мыггаг мын зонгæ кæй сты. Кастæн, кастæн дын де 'мдзæвгæтæ. Нæ университеты газеты дæр дын вæййынц. Иу æмдзæвгæ ма дзы мæ боныгмæ фысгæ дæр ракодтон. Мæ зæрдæмæ тынг фæцыд. Фæлæ дын ницы загътон уый тыххæй.

Цас фæбадтыстæм ныхæстæгæнгæ – Хуыцау йæ зонæг. Ме 'мбæлттæ дæр мæ ферох сты. Мæ зæрдыл куы 'рбалæууыдысты, уæд цадырдæм акастæн, æмæ дзы иу бæлæгъ дæр нал уыд. Алырдæмты ракæс-бакæс кæнын, æмæ ме 'мбæлттæн – сæ кой дæр нал. Ды мын бамбæрстай мæ катай æмæ загътай:

– Æвæццæгæн, де 'мбæлттæ ацыдысты. Мах иу-æртæ сахатмæ æввахс бадæм, – æмæ дæ сахатмæ æркастæ, – о, ныр фондз сахаты у, æз та ардæм дыккæгæм сахатыл æрбацыдтæн.

Æз мæ бынатæй фæгæпп кодтон:

– Цытæ дзурыс! Уыйбæрц у? Мæнæ диссаг, цас фæбадтæн!..

Ды мын загътай:

– Цом, æз дæр нæхимæ цæуын. Кæцырдæм у дæ фæндаг?! – афарстай мæ.

Æз загътон:

– Æз Къостайы номыл уынджы цæрын.

– Хорз. Æз дæр уырдæм хæстæг цæрын. Кæд дæ фæнды, уæд фистæгæй ацæуæм. Диссаджы хорз изæр у, – загътай ды.

Сразы дæн. Æмæ ныхæстæгæнгæ фæцыдыстæм. Æмбаргæ дæр æй нæ бакодтон, нæ хæдзары цурмæ куыд бахæццæ стæм, уый. Дис кодтон мæхиуыл, лæппуимæ куы никуы рацыдтæн, уæд ацы æнæзонгæимæ цас фæныхас кодтон, стæй ма йемæ фистæгæй дæр фæцыдтæн. Нæ хæдзары раз æрлæууыдыстæм æмæ загътон:

– Æз æрбахæццæ дæн. Æхсызгон мын уыд, демæ кæй базонгæ дæн, уый. Хæрзбон!..

Ды сдзырдтай:

– Цы тагъд æрбахæццæ стæм. Хæдзары уæм телефон нæй?

Хъуыдытыл та фæдæн: «Цæмæн дæттон ацы æнæзонгæ лæппуйæн мæ телефоны номыртæ. Абон æй федтон, райсом – нал...» Фæлæ зæгъгæ та кодтон:

– О, ис нæм телефон, – æмæ дын загътон мæ телефоны номыртæ. Ды сæ ныффстай, стæй загътай:

– Æмбæлдзæн дæм-иу бадзурын?

– Мæ телефоны номыртæ дын кæй радтон, уый ууыл дзурæг у, – бакастæн дæм æз.

Кæрæдзийæн хæрзбон загътам.

Ссыдтæн нæхимæ, бандоныл сбадтæн æмæ сагъæссаг фæдæн: «Цы мыл æрцыд?.. Мæ сæрызонд фæцыд, æви ай цытæ кæнын?! Кæйдæр лæппуимæ фæбадтæн æртæ сахаты, йемæ æрбацыдтæн, мæ телефоны номыртæ йын радтон. Æз дæн, æви æндæр исчи...» Афтæ хъуыдытæгæнгæ бадтæн, цалынмæ телефоны дзæнгæрæг нæ фехъуыстон, уæдмæ. Систон хæтæл – дзырдта мæм иу ме 'мбæлттæй:

– Дæ зæрдæ ныл нæ фæхудт? – фарста уый, – бæлæгъæй дæм кастыстæм æмæ иу лæппуимæ ахæм зæрдиаг ныхæстæ кодтат æмæ – диссаг. Нæ къухтæ ма дæм тылдтам, цæугæ кæнæм, зæгъгæ, фæлæ нæм кæсгæ дæр нæ кодтай. Уыцы лæппуйы тыххæй уый фæстæ аныхас кæндзыстæм.

– Агуырдтон уæ, стæй бамбæрстон, кæй ацыдыстут, уый. Цæй, ацы хатт уын хатыр кæнын, фæлæ ма иннæ хатт афтæ куы бакæнат, уæд уæ ничиуал сраст кæндзæн, – хынджылæггæнгæйæ загътон æз.

Цыдысты бонтæ. Иуахæмы мæм æрбадзырдтай телефонæй:

– Дæ изæр хорз. Цы ног хабæрттæ дæм ис? – бафарстай мæ.

Æз дын загътон, кæд нæм уыдзæн фæстаг фæлварæн, уый. Æмæ цыппæрæм курс фæсте баззад.

Иттæг хорз бæрæггæнæн райстон æмæ цингæнгæйæ рацыдтæн. Ме 'мбæлттæ мæ фарстой, цавæр билет систон, цавæр фæрстытæ мæм лæвæрдтой. Æз сын дзырдтон, дзырдтон... Мæхиуыл кæйдæр цæстæнгас æнкъардтон æмæ фæкастæн фæстæмæ. Ды лæууыдтæ рудзынджы раз æмæ мæм нымдзаст дæ. Гыццыл фæстæдæр дæм бацыдтæн æмæ мæ бафарстай:

– Куыд радтай фæлварæн? Цыдæр хъæлдзæг дæ...

– Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ фæдæн цыппæрæм курс, – загътон æз.

– Арфæ дын кæнын! Гъе уый тыххæй æз æмæ ды хъуамæ

кафемæ ацæуæм. Æз дæр фæдæн сесси лæвæрд. Разы дæ? – Æдзынæг мын мæ цæстытæм кастæ, афтæмæй загътай ды.

Æз ахъуыды кодтон æмæ сразы дæн. Ацыдыстæм фæлладуадзæн паркмæ. Уым кафейы райстай къофе, сæлдæг. Бадтыстæм, ныхæстæ кодтам, кафынмæ дæр мæ рахуыдтай. Уый фæстæ цады алыварс азылдыстæм, стæй сбадтыстæм мæнæ ацы бандоныл. Ды загътай:

– Ацы бандон мын тынг зынаргъ у. Ам базонгæ дæн демæ. Дис цæуыл кæнын, уый зоныс? Нырма дыккаг хатт сæмбæлдыстæм, фæлæ дæ цыма рагæй зонын, афтæ мæм кæсы. Демæ мын цыдæр æнцон у.

Æз дæр зæрдæйæ мæхи афтæ æнкъардтон, фæлæ ницы дзырдтон. Æмбæрстон: мæ зæрдæ мæхи бар нал у. Бирæ фæбадтыстæм. Диссаджы изæр уыд. Стæй та мæ нæхи размæ бахæццæ кодтай.

Цыдысты бонтæ. Арæх мæм-иу æрбадзырдтай телефонæй, стæй-иу тезгъо кæнынмæ ацыдыстæм. Æмæ-иу алыхатт дæр нæ бандонмæ здæхтыстæм. Иухатт та – уый уыди азы фæстæ, – фæндзæм курсы, майы мæйы. Университеты сæмбæлдыстæм, стæй ацыдыстæм паркмæ, сбадтыстæм та нæ бандоныл. Ныхæстæ кодтам. Бæстæ нæ алыварс иууылдæр дидинæг калдта. Донхæристæ дæр та сæ уалдзыгон фæлыст сæ уæлæ скодтой.

Доныхъазтæ сæ ленкæй нал æнцадысты, уалдзæгыл цин кодтой. Мах кæрæдзимæ хæстæг бадтыстæм. Мæ зæрдæ-иу цыдæр æнахуыр гуыпп-гуыпп ныккодта. Иурæстæг мын дæ къух мæ уæхсчытыл æрæвæрдтай æмæ мæ æрбахъæбыс кодтай, стæй дæ былтæ мæ былтыл андзæвдысты, дæхимæ мæ рæвдаугæ æрбалхъывтай. Къахæй сæрмæ иууылдæр ныррызтæн. Цасдæр ницыуал бамбæрстон. Куы мæ суæгъд кодтай, уæд мæм æрбакастæ æмæ дæ сæр бынмæ æруагътай. Æз та банкъардтон, мæ цæсгом кæй фæсырх, тæвд цæссыгтæ рустыл кæй уайынц... Ды сабыргай загътай:

– Бахатыр кæн! Рагæй мæ фæндыд дæу ахъæбыс кæнын, стæй дын аба кæнын, суанг, фыццаг хатт дæ куы федтон, уæдæй нырмæ, фæлæ нæ уæндыдтæн.

Æз ницы сдзырдтон. Цы загътаин, уый дæр нæ зыдтон. Фыццаг хъæбыс æмæ фыццаг ба уыдысты мæ царды. Æмæ дæм бакæсын дæр нал уæндыдтæн, æфсæрмы дæ кодтон. Цасдæр æнæдзургæйæ фæбадтыстæм, стæй мын мæ сæрыл схæцыдтæ, мæ цæстытæм мын ныккастæ, æмæ загътай:

– Уарзын дæ! Тынг дæ уарзын. Æхсæв дæ мæ фыны уынын. Бонæй та дыл хъуыды кæнын. Афтæ мæ фæнды, цæмæй æппынæдзухдæр иумæ уæм. Зæгъ-ма мын, ме стъалы, ды та, ды та... Уарзыс мæ?

Æз ме 'муд нæма 'рцыдтæн. Уарзтон дæ! Уарзтон! Æмæ мæ нæ фæндыд дæ асайын. Цæссыгтæ рустыл фæрдгуытау уадысты, афтæмæй загътон:

– О! Уарзын дæ!

Ды мын мæ цæссыгтæ дæ къухтыкæлмæрзæнæй асæрфтай, стæй та мын ахъæбыс кодтай. Нæ былтæ кæрæдзийыл андæгъдысты...

Ныр бадын нæ бандоныл æмæ мысын дæ хъæбыстæ, дæ батæ... – йæхицæн ныхæстæ кодта Мартæ: – Университеты фæстæ дæу кусынмæ арвыстой Сыбырмæ. Мæн та баурæдтой университеты, бацыдтæн аспирантурæмæ.

Куы цыдтæ, уæд мын загътай:

– Æнхъæлмæ мæм кæс. Æз дæм арæх фысдзынæн, телефонæй дзурдзынæн. Стæй куы ссæуон, уæд скæндзыстæм чындзæхсæв. Æндæр лæппутæм-иу ма кæс, – хынджылæг кодтай.

Дæ ацыды фæстæ цасдæр æнкъард кодтон, мысыдтæн дæ. Алы 'хсæв дæр-иу фæкуыдтон. Æнхъæлмæ кастæн дæ фыстæгмæ. Фыццаг аз мæм арæх фыстай. Стæй мæм телефонæй та къуыри иу хатт дзырдтай. Дæ фыстæджытæй иуы фыстай:

«Дæ бон хорз, мæ уарзон!

Куыд дæ? Куыд у Ирыстон? Цы хабæрттæ ис? Куы йæ зонис, куыд зын мын у, уый, тынг æнкъард кæнын. Дард бæстæйы тынгдæр банкъардтон, куыд зынаргъ мын у Ирыстон. Мысын нæ хæхтæ, быдыртæ, цæугæдæттæ. Æппæты тынгдæр та дæу мысын, стæй нæ бандон Къостайы номыл парчы.

О Хуыцау, ныр уым – дæ разы фест. Ахъæбыс дын кæн. Æнæ дæу мæ бон нæу. Дыууæ азы дæр нал æнхъæлмæ кæсдзынæн. Мæнæ дыууæ мæйы фæстæ отпусчы ссæудзынæн, æмæ хъуамæ скæнæм чындзæхсæв. Ам мын фатер ис. Мæ мызд хорз у, нæ фаг уыдзæн.

Æз дæ бирæ, тынг бирæ уарзын! Æнхъæлмæ мæм кæс!

Дæхи Амыран».

Фæлæ, фæлæ... Хъуыддæгтæ Хуыцауы къухы сты. Дыууæ мæйы фæстæ отпусчы не ссыдтæ. Телефонæй нал дзырдтай,

стæй фыстæджытæ дæр нал истон. Æз дæм мæхæдæг фыстон. Мæ зæрдæ рысти, кæд дыл, зæгъын, исты ‘рцыди, æндæр дзæгъæл хуымæтæджы нæ фыссы.

Цасдæры фæстæ базыдтон – дæ хæстæджытæй мын чидæр загъта, уым, дам, сыбираг чызг ракуырдтай. Æвæццæгæн, мæй кæугæ фæкодтон. Уый æнхъæл никуы уыдтæн.

Алыбон дæр цæуын ацы бандонмæ. Ам мын æнцондæр вæййы. Цадимæ, донхæристимæ фæныхас кæнын. – Мартæ æнкъардæй каст, дыууæ урс доныхъазы æнгом фæрсæй-фæрстæм куыд ленк кæнынц цады, уымæ.

*КЦОЙТЫ Астемыр*

# ХÆДЗАРХÆЛД

Цардбæллон бинонтæй быныхъæр куыд рацыд, ууыл абон дæр ма дис кæнынц Хæтæлдоны. Хъæуысæр тæккæ хъæдрæбын царди Гутнаты Хъасболат, фæсномыгæй йæ Быдо хуыдтой. Йæ бинойнаг Быдзыхъоты Лезæминимæ сын уыди æртæ фырты – Петя, Муссæ æмæ Салам. Быдо æмæ Лезæмин уыдысты сыгъдæгзæрдæ, хуымæтæг зæхкусджытæ. Дзывгъисæй ралыгъдысты æмæ сæ хидвæллойæ сарæзтой цæрæн хæдзар. Хуыцау цы сфæлдыста, уымæй æнгом бинонтæй хуыздæр ницы ис. Быдо уый æдзух йæ зæрдыл дардта æмæ йæ удыл никуы бацауæрста, цæмæй йæ кæстæртæ адæмы рæнхъы рацæуой.

Йæ фыдæбон нæ фæдзæгъæл. Ахæм лæппутæ сæ рацыд, æмæ, Быдойы фырттæ, зæгъгæ, сæ адæм æмбисондæн хастой. Цыдæриддæр лæджы хорздзинадæй ис, иу дæр дзы фæсте нæ ныууагътой. Царды æвзæрдзинæдтæй та мурдæр нæ райстой. Хæларзæрдæ, хæрзконд, сæрæн, зондджын, хъаруджын, фæллойуарзаг, ахуырмæ та диссаджы зæрдæргъæвд, зараг, кафаг.

Адæмæн афтæ адджын уыдысты, æмæ ма сæ ныр дæр – бирæ азты фæстæ – мысынц. Фæлæ фæзминаг бинонтæн сæ хал сæ бынæй фæхаудта æмæ Хуыцауы

рæстæй сæ бындур ныззылди. Быдо хæларæй кæимæ цард, йæ цæхх, йæ кæрдзын æвгъау кæмæн нæ кодта, уыцы Аби разынд чекайы агент. Хахуыр ныхас бахаста, Гутнаты Быдо народник у, зæгъгæ. Ууыл лæгты хуыздæры Сыбыры бинаг къæй бакодтой 1937 азы. Мæгуыр, йæ фæд дæр нал фæзынд...

Бинонтæм дзурын нæ, фæлæ сæм хæстæг цæуын дæр ничиуал уæндыд. Алчи ахсынæй тарсти. Æвзæргæнæгæн тасæй йæ зыр-зыр фæцæуы. Сексот Аби фыдфынтæ уыдта, æмæ йыл фыдбылыз ма 'рцæуа, зæгъгæ, йæ калмæвзаг дарддæр куыста. Быдойы кæстæр æфсымæр Гутнаты Тасолтан хъæуы бын царди. Уымæй куыннæ стъæлфыдаид æмæ йæ фæдыл зылди. 1938 азы сæрды фæллойгæнæг адæм алы хъæутæй æрцыдысты Хетæджы дзуармæ – йæ бæрæгбон уыди. Тасолтан, дæсны кувæг лæг, адæмæн сæ кувинаг чъиритæ куывта. Аби уый ауыдта, фырцинæй йæ цæстытæ цæхæр акалдтой. Уайтагъд фæхабар кодта оргæнтæм, Тасолтан, дам, афтæ скуывта: «Хуыцау, нæ цард нæхи бар уæд».

Уымæн йæ дыккаг бон мæ фыд Хадзыбатыримæ быдырмæ фæцæуæм. Тасолтаны дуармæ, уынджы бæрæг астæу лæууыди сау æхгæд машинæ. Фæсте йæ дуар гом. Хадзыбатыр бакаст æмæ дзы ауыдта Тасолтаны.

– Цы хабар у, Тасолтан, ам цæмæн дæ? – тарстхуызæй йæ фæрсы мæ фыд.

– Сс-сс, Хадзыбатыр, тагъд цæугæ дæ фæндагыл, кæннод дæ куы ауыной мемæ дзургæ, уæд дæу дæр æрбаппардзысты ардæм, уæртæ нæм джигул кæнынц...

Хадзыбатыр ма йæ фæрстытæ кодта, фæлæ Тасолтан хъæддых фæлæууыд æмæ нæ рарвыста, мæн тыххæй, дам, дæ цæмæн æрцахсой, зæгъгæ.

Афтæ та Тасолтан дæр Сыбыры хай бацис, æмæ та уымæн дæр йæ фæд дæр нал фæзынд. Йæ бинойнаг Дзекк баззад сидзæргæсæй цыппар сывæллонимæ: Ирæ, Зоя, Бæтæхъо æмæ Зарæ. Лезæмин æмæ Дзекк кæрæдзийæн сæ хъарджытæ кодтой. Хъазуатæй куыстой колхозы быдырты. Уæды заман æппæт рæтты дæр тынг райрæзыд стахановонты змæлд. Ерысæй куыстой, æмæ дыууæ мæгуыр сидзæргæсы систы стахановонтæ. Фæлæ сæм уæддæр хъусдард уыд. Нартхоры хуым рувгæйæ Лезæмин æнæбары рувæнæй фæлыг кодта нартхоры æфсир. Чидæр æй ауыдта æмæ хъуыддаг стынг кодтой. Знаджы бинойнаг у æмæ, дам,



*Гутнаты Петя.*



*Петя (астæуæй) йе 'фсымæр Салам (разизырдыгæй) æмæ йæ хъæуккæгтимæ.*

советон хицаудзинады ныхмæ знаггад куыст кæны... Хионтæй кæйдæр руаджы хабар бамынæг. Иу изæр та Лезæмин быдырæй ссыд. Хæдзары куыстыты аныгъуылд. Йæ рувæнмæ йын лæппутæ базылдысты. Райсом та хъуамæ рувынмæ ацыдаид быдырмæ. Фæлæ йын нал бантыст. Фæсахсæвæрты йæ аластой уыцы æлгъыст æхгæд машинæйы. Базылын æй кодтой, зæгъгæ, дам, быдыры адæмæн дзырдтай: «Æллæх, кæмдæр мæ хæры, хицауадæй исчи мæлдзæн»...

Мæгуыр лæппуты мадæн дæс азы стæрхон кодтой æмæ бамидæг Барнаулы бæзджынкъул ахæстоны. Æртæ лæппуйы цæрынтæ байдыдтой, уæдæ цы кодтаиккой. Тынг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фесты Хæтæлдоны авдазон скъола. Петя Дзæуджыхъæуы сахуыр кодта иуазон курсыты æмæ Дагестаны куыста ахуыргæнæгæй. Муссæ ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы техникумы. Салам, мæгуыр, иунæгæй баззад йæ райгуырæн хæдзары. Фыны арæх уыдта йæ уарзон бинонты цæлхæмбырдæй. Куы-иу фехъал, уæд уыны талынг уат, хъæды халонау иунæг, æмæ-иу æнкъард хъуыдыты малы аныгъуылд. Уæд-иу скуывта: «Хуыцау, иу ахæм адджын фыны мæ-иу мауал райхъал кæн, уадз адджын фынты амæлон...» Йæ цæстысыг-иу фемæхст æмæ хæкъуырццæй куыдта адæмы сусæгæй. Боныгон-иу цармæ арæх схызти æмæ-иу уым хъæрæй Бæтæйы фыртты зарæг кодта. Уадз æмæ, дам, Быдойы хæдзарæй лæджы уынæр хъуыса...

Уалдзæг-иу адæм сæ цæхæрадæттæ колхозы гутонæй хуым кодтой. Знаджы фыртæн ахæм æххуыс чи кодта?! Белæй-иу скъахта йæ цæхæрадон æмæ-иу ын иннæты разæй куыстгонд æрцыд. Уæдæ уый размæ бинонтыл колхоз цы хæс æвæрдта, уыдон нæ фæкъаддæр сты, йæ иунæг рæзгæ удмæ кастысты. Уæдæ ма сæ афоныл æмæ хуызæнæн ма бакусæд! Петя æмæ Муссæ ахуырæй уагъд рæстæг бæрæг кодтой сæ уарзон кæстæр æфсымæры. Дуры гуыбынæй дон рауадздзысты кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæппутæ уыдысты æмæ бæлвырд у: царды бирæ хорз хъуыддæгтæ сарæзтаиккой. Фæлæ се ‘намондæн Гитлеры тыхгæнджытæ нæ бæстæм æрбалæбурдтой, стыр хæсты уылæнты бахаудтой æфсымæртæ æмæ дзы æвæдæй атадысты. Петя æмæ Муссæмæ хæстмæ фæсидтысты, каст фесты æфсæдтон училищæтæ æмæ дыууæйæ дæр систы лейтенанттæ. Æдзухæй дæр уыдысты фронты раззаг хаххыл. Хъæбатыр æфсымæртæ тугуарæн кодтой фыдызнагыл. Фæлæ хæсты фыццаг аз Сырх

Æфсадыл цыд стыр бæллæхтæ. Æнæбары цыдысты фæстæмæ. 1942 азы Украинæйы зæххыл фæмард Муссæ. Иу карз тохы уацары бахауд æнæхъæн æфсад, уыдонимæ Петя дæр. Райдыдта йæ уацайраджы хъизæмар цард. Лагеры хорз базонгæ ис чырыстонхъæуккæгтимæ: Ботъоты Хъæрæсе æмæ Гарданты Викторимæ. Уыдон дæр афицертæ уыдысты. Хъæрæсе хæсты размæ историйы ахуыргæнæг уыд Чырыстонхъæуы, Виктор та каст фæци Ростовы медицинон институт. Петя, Хъæрæсе æмæ Виктор, уацары уæвгæйæ, кодтой сусæг куыст немыцы ныхмæ. Сæ къорды уыд сæдæйæ фылдæр. Разамынд дæр сын сæхæдæг лæвæрдтой. Кинонывв «17 мгновений весны» 1-аг серийы ис ныв «политрук раздает листовки и газеты в г. Бресте населению в сентябре 1939 года». Уыцы политрук уыд Ботъоты Хъæрæсе. Ацы нывы йæ базыдта мæ сыхаг Базиты Ерахцау – хæсты æмæ партийы ветеран. Уый у Хъæрæсеимæ дыууæ хойæ гуырд, Калоты хæрæфырттæ. Хъæрæсе Ерахцауæн ахуыргæнæг уыд Чырыстонхъæуы.

Сæ размæ сæвæрдтой хæс, цæмæй уацарæй рабырсой æмæ æнæнхъæлæджы ныццавтаиккой чъылдымырдыгæй немыцы æфсады. Фæлæ сæ нымудзæг фæци нæхионтæй: мостыздæхтаг – капитан. Ахсæв алидздзысты, зæгъгæ, афтæ уый немыцæн фехъусын кодта æмæ сæ 'рцахстой. Æрцахстой æрмæстдæр сæ разамонджыты: Петя, Хъæрæсе æмæ Викторы. Мæздæджы сæ бакодтой иу хæдзары, сæвæрдтой дзы хъахъхъæнджытæ. Фыдмитæ сын фæкодтой, домдтой сæ, цæмæй се 'мбæлтты схъæр кодтаиккой. Хъуамæ сæ дыккаг бон фехстаиккой. Фæсæмбисæхсæв сфæнд кодтой алидзын. Пецы тохынайыл цармæ схызтысты, уырдыгæй фæстæты фыццаг рагæпп кодта Хъæрæсе æмæ алыгъди, йæ фæстæ – Виктор. Викторы хъахъхъæнджытæ фехстой, афтæмæй фæмард. Петя автоматы гæрæхтæм нал рауæндыд æмæ хæдзары баззад. Хъæрæсе сæнæфсиры хуымтæм балыгъд, фæлæ йæ куыйтимæ асырдтой æмæ йæ 'рцахстой. Æрдæгмард æй фæкодтой. Дыккаг бон æй ракодтой марынмæ хъæугæронмæ. Йæхицæн ын скъахын кодтой дзыхъхъ. Уыцы уысм уæлбылæй кастысты æртæ чызджы. Хъæрæсе чызджытырдæм иу цалдæр хъæры ныккодта: «Я Ботоев Карасе, осетин, Христиановское».

Амардтой Хъæрæсейы, сыджыт ыл ныккалдтой. Петяйы ракодтой Мæздæджы уынгмæ æмæ йæ адæмы цур æрцауыгътой,

бензин ыл бапырх кодтой ӕмӕ йӕ басыгътой. Немыцы фӕстӕ уыцы чызджытӕ фӕхабар кодтой ардӕм. Дыууӕ бӕхуӕрдонӕй ацыдысты, Виктор ӕмӕ Хъӕрӕсейы мӕрдтӕ ракъахтой, сластой сӕ ӕмӕ ныгӕд сты Дигорайы уӕлмӕрды.

Хӕсты фӕстӕ ӕз базонгӕ дӕн Хъалӕгаты Ханджериимӕ: бӕрзонд фидӕрттӕ арӕзт лӕг. Хӕтӕлдойнаг дӕн, уый куы базыдта, уӕд мӕ зыдфарст акодта Петяйӕ. Ӕз та Петяйы куыннӕ зыдтон! Ныззыр-зыр кодта уӕйыг лӕг, йӕ рахиз къухы амонӕн ӕнгуылдзыл дӕндагӕй ныххӕцыд, туг дзы схъардта. Йӕ цӕссыг нызгъӕлдта ӕмӕ дын мын афтӕ: «Арвы айдӕн уыд Петя, сӕрӕнтӕ куыннӕ федтон, фӕлӕ дзы, Петя, дӕ хуызӕн никуы...» Ӕмгӕрттӕ уыдысты Ханджериимӕ, афицертӕ. Хӕцгӕ дӕр кодтой фӕрсӕй-фӕрстӕм, уацары дӕр иумӕ. Бӕлвырд хабӕрттӕ мын уый фӕдзырдта. Хъуамӕ Ханджери дӕр семӕ уыдаид, фӕлӕ кӕуылдӕр фӕгуырысхо. Дзырдта Петя, Хъӕрӕсе ӕмӕ Викторӕн, ма бакӕнут, не 'хсӕн нымудзӕг ис, зӕгъгӕ. Лӕгъстӕ сын кодта, фӕлӕ нӕ байхъуыстой...

Иу заманы Хӕтӕлдоны амарди зӕронд ус, Дзугаты Бити. Уым ауыдтон Ханджерийы, хӕрнӕджы фынджы уӕлхъус бады. Фӕстӕты йӕм бацыдтӕн ӕмӕ йын йӕ уӕхскыл уӕздан мӕ къух ӕрӕвӕрдтон. Куы мӕ ауыдта, уӕд...

– Ехх, Петя, Петя... арвы айдӕн... дӕхи къухӕй ма мын, Астемыр, иу арахъхъ аназын кӕн...

Уый фӕстӕ дын афтӕ:

– Цыма йӕ Петяйы къухӕй аныztон...

Йӕ хъуыр ахгӕдта, цӕстыты сыг фемӕхст...

1942 азы 1 ноябры немыц ӕрбабырстой Хӕтӕлдонмӕ. Фыццаг бонты сарӕзтой бынӕттон пъӕлицӕ. Йӕ хицау сси, знон дӕр ма колхозы сӕрдар чи уыд, уый – Хадзыбечыр. Раздӕр оргӕнты сусӕг кусджытӕ уыдысты Хадзыбечыр ӕмӕ Аби, ныр та немыцы агенттӕ систы.

Немыц партизантӕй арвы куыдзы тарст кодтой. Уый мӕхӕдӕг федтон. Хъӕуысӕр, хъӕдрӕбын пыхс ныццӕгъдын кодтой пъӕлицӕ бынӕттон цӕрджытӕн. Хъӕмпы рагъы хуызӕн цӕхгӕрмӕ бӕрзонд рагъ самадтой, цӕмӕй партизантӕ ӕвиппайды ма 'рбабырсой хъӕдбынӕй. Ӕхсӕры къудзитӕ цӕгъдынмӕ акодтой Саламы дӕр. Ноджы уым хӕстӕг царди. Хадзыбечыр ын дыккаг бон йӕ цонгыл урс хӕцъил бабаста ӕмӕ йӕ ныффыста пъӕлицӕйы номхыгъды. 18-аздзыд Салам пъӕли-

цæйаг сси. Уæдæ ма сæ коммæ ма бакастаид! Рауад афтæ, æмæ уыцы аз 23 декабры фæсæмбисæхсæв немыц алыгъдысты. Саламы та стæрсын кодта пъæлицæйы хицау, нæхиуæттæ дæ амардзысты, зæгъгæ, æмæ йæ немыцимæ алидзын кодтой. Фондзæй уыдысты, æмæ иннæ цыппар – йæ фыды карæнтæ. Зонгæтæ йæ федтой Скæсæн Европæйы. Уыдон куыд дзырдтой, афтæмæй нæхиуæттæм æрбалыгъд, радзырдта æргом йæ хъуыддæгтæ. Фронты раззаг хаххыл хæцын райдыдта знаджы ныхмæ, æмæ та уый дæр фæмард ис...

Ууыл бынысыгъд фæци Гутнаты Быдойы хæдзарвæндаг.

*БИАЗЫРТЫ Кромвел*

# ФÆЗЗЫГОН МÆЙДАРЫ

* * *

*Дзæуæджыхъæуы царди*
*йæ сахарыл уæлмонц æнувыд*
*нæлгоймаг – Хъæцмæзты Нодар.*

**Дæ уæзæгæй,**
**дæ сахарæй,**
**дæ хуртæй уæрст**
**фæндагыл дын**
**арвæй**
**амынд**
**мыдадз цырагъ дардта**
**буд-цæссыг-зæлдæгтæй**
**рухс.**

**Цырагъ дæуæн, дæуæн сыгъди,**
**сыгъди, сыгъди сыгъдæгæй,**
**зæрдæ батавæн æм уыди.**

* * *

**Сомбоны**
**Дзæуæджыхъæу,**
**мæ ахсджиаг,**
**фидæны фæззæджы-иу мын**
**тæгæры бын**
**бур сыфтæй**
**иу ныффæлдис.**

**Дæ хорзæхæй,**
**сарæхс мын иу хатт зæгъын**
**фæззыгон Алондоны цæппузырæй рухс.**

* * *

Цæргæ цæрæнбонты
æстæмæй астмæ,
къаты бонæй къаты бонмæ,
къуырисæрæй къуырисæрмæ,
æвдæм бонæй æвдæм бонмæ,
декадæйæ декадæмæ,
дыууиссæдзæм бонæй дыууиссæдзæм бонмæ,
кварталæй кварталмæ,
Уастырджийы къуырийæ Уастырджийы къуыримæ,
Ног Азæй Ног Азмæ,
афæдзы бонæй афæдзы бонмæ,
дæс азæй-дæс азмæ,
ыссæдз азæй ыссæдз азмæ,
мæ уд, мæ зæрдæйы
хосæн
бонхуыздæры ‘рцыдмæ бæлгæйæ
фæцардтæн.

Ныр мæм рæстæггай фалдоны дуртæ
цæмæндæр фæкæсынц
алдоны дуртæй къаддæр.

* * *

Фæззыгон
мæйдары къуырфы
дызгъуын æвæрд
сахары
фæзынди
уæлейæ кæцæйдæр æрбафтгæ
къуырмадзæф фортепианойы
мынæг мыртæй
быцæудомд
хурдзауы зæрдæйы
ныфсдæттæг
мелоди.

Дзæуæджыхъæуы фарнæй гакджын,
уым уæлейæ чи цæгъды,
федтон дæ иухатт рудзынгæй,
мыггагмæ мысинаг сылгоймаг.

* * *

Донгæрон
удцырын
ирд лæппу
йæ уарзонæн
арæзта
"иу гыццыл агъæца"-йæ
авд арвыл мæсгуытæ.

Алондон
къаппа-къуппайæн
уалдзыгон агълатæ дзырдта.

## НОГ АЗ

Бирæныфсдæттæг
базырджын бæхыл бадæджы
дæлбазырон
Дзæуæджыхъæуы, –
Зæронд Аз æххæстгæнæг
фæстаг æхсæв
фыццаг кæркуасæнты, –
цыппар зæронд ефсы
ныззадысты
цыппархуызон
фæйнæ-фæйнæ
зыгъар,
зæринсæфтæг
байраджы.

Æмæ Стыр Сахары стыр зарæг
систа
Уас Бардуаджы Ном бæрзонддæр.

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

## АРГЪÆУТТÆ

### ÆЛДАР ÆМÆ ЙÆ ЧЫЗГ ДУДУ

Иу хатт дыууæ лæджы æрбацыдысты æлдармæ хъæстмæ. Æлдар уыди дард балцы, æмæ дыууæ лæджы сæ хъаст бахастой æлдары чызг Дудумæ.

– Цæуылнæ фидаут? – бафарста сæ Дуду.

Уæд лæгтæй иу загъта:

– Мах цыдыстæм бæхтыл æмæ дысон иу ран бафысым кодтам. Райсомæй рацыдтæн, мæ бæх цы фæци, зæгъгæ, кæсын, æмæ мæ бæхы цур байраг. Иу ныхасæй, мæ бæх ныззади. Ме ‘мбал та афтæ зæгъы, байраг дæу нæу, байраг мæн у.

Уæд иннæ лæг загъта:

– Бахатыр кæн, хорз чызг. Амæн нæл бæх у, мæнæн та – сыл бæх; æмæ уыди заинаг. Дысон ныззад, æмæ гыццыл байраг лæууыди дыууæ бæхы астæу. Йæ сæр нæл бæхы ‘рдæм, æмæ йæ ме ‘мбал йæхи хоны.

Дуду сæм æнцад байхъуыста æмæ сын загъта:

– Ныртæккæ æлдар ам нæй, уæлæ нын уæлхохы кæсæгтæ нæ хуымтæ сафынц, æмæ уырдæм ацыди.

Нæл бæхы хицау загъта:

– Ау, æмæ ма искуы уæлхохы дæр кæсæгтæ вæййы?

Дуду бахудти æмæ загъта:

– Ау, уæдæ ма искуы нæл бæх байраг ныззади? Уæлхохы кæсаг куыд ис, дæ бæх дæр афтæ ныззади байраг. Ацæут, уæ куыст кæнут, æмæ макуыуал зæгъ, мæ нæл бæх ныззади, зæгъгæ.

Дыууæ лæджы дисгæнгæ рацыдысты Дудуйы зонджын ныхасыл.

Æлдар балцæй куы æрцыди, уæд ын Дуду раппæлыд, дыууæ лæджы куыд бафидауын кодта, уый. Æлдармæ хъыг фæкаст, æнæ мæн дæу хъуыддаг æвзарæг чи скодта, зæгъгæ. Æлдар фæдзырдта йæ дыууæ дæлдæрмæ æмæ сын загъта:

– Ацы чызджы аласут ӕмӕ, адӕмӕй ӕвзӕрдӕр кӕм ссарат, уымӕн иу ӕй раттут.

Дыууӕ лӕджы Дудуйы уӕрдоны сӕвӕрдтой ӕмӕ араст сты. Иу ран кӕсынц, ӕмӕ дынджыр фӕткъуы бӕласӕн фырзадӕй йӕ къабузтӕ дӕлӕмӕ ӕрзӕбултӕ сты, бӕласы бын иу лӕг хуыссы, хӕрдмӕ фӕткъуытӕм кӕсы ӕмӕ фӕткъуы хӕрынмондагӕй йӕ комы дӕттӕ уайынц. Ӕмӕ дзуры:

– Гъӕй-джиди, ӕмӕ ныр иу фӕткъуы бахӕр!

Дыууӕ лӕгӕй иу загъта:

– Кӕс-ма, уӕртӕ уымӕй ма ӕвзӕрдӕр уыдзӕни, фӕткъуы ӕртонын чи нӕ зоны. Раттӕм Дудуйы уымӕн.

Иннӕ лӕг загъта:

– Цом уал дарддӕр.

Ацыдысты ӕмӕ иу стыр донмӕ бахӕццӕ сты. Доны былыл иу лӕг уӕлгоммӕ хуыссы ӕмӕ дзуры:

– Мӕ ком ныххус, дойныйӕ мӕлын!

Лӕгтӕй иу загъта:

– Амӕй ма ӕвзӕрдӕр искуы уыдзӕни, донарӕхӕй дон нуазын чи нӕ зоны.

Раттӕм Дудуйы амӕн.

Иннӕ лӕг та загъта:

– Цом уал дарддӕр, иу хатт ма бавзарӕм.

Ацыдысты дарддӕр, кӕсынц, адӕм ерысӕй мӕнӕу кӕрдынц, ӕфснайынц, цалынмӕ фыр хусӕй згъӕлын нӕ байдыдта. Иу лӕг иу куырис ӕркарста, хъил ӕй сӕвӕрдта ӕмӕ куырисы ауuон ӕнцад хуыссы.

Дыууӕ лӕджы загътой:

– Дарддӕр мауал цӕуӕм, амӕй ма ӕвзӕрдӕр кӕм ыссардзыстӕм. Йӕ мӕнӕу хус кӕны ӕмӕ азгъӕлдзӕн, уый та йӕхицӕн ӕнцад хуыссы.

Бацыдысты лӕгмӕ, сыстын ӕй кодтой ӕмӕ йӕ фӕрсынц:

– Цӕуылнӕ кӕрдыс мӕнӕу?

Уый загъта:

– Ӕмӕ йыл цы тагъд кӕнон, мӕ фаг ма дзы баззайдзӕн, бонтӕ нырма бирӕ сты.

Дыууӕ лӕджы йын загътой:

– Уӕдӕ мӕнӕ уӕрдоны сбад ӕмӕ цом дӕ хӕдзармӕ.

Уый сбадти уӕрдоны ӕмӕ ацыдысты. Ӕрбахӕццӕ сты.

– Мӕнӕ ай мӕ хӕдзар у, – загъта сын лӕг.

Бацыдысты сæгæйдзаг, æнæмарзт, æнæфснайд хæдзармæ æмæ йын загътой:

– Мæнæ ацы чызджы дæттæм дæуæн усæн æмæ цæрут.

Хæрзбон загътой Дудуйæн æмæ ацыдысты.

Райсом раджы Дуду йæ лæджы арвыста мæнæу кæрдынмæ. Уый та иу куырис æркарста æмæ та аууоны уæлгоммæ схуыссыди. Дуду йæхиуыл æндæр дзауматæ скодта, йæ цæсгом сау сахуырста æмæ йæ лæгмæ æрбацыд æмæ йæм дзуры:

– Хорз лæг, æз дæн удисæг. Абон дæ мæнæу карст куы нæ фæуай, уæд дын æнæ мæлгæ нæй. Хъусыс? Хатыр дын нæ уыдзæни!

Дуду ацыд æмæ сæ хæдзармæ ссыди, хæдзар чъырæй рацагъта, расыгъдæг æй кодта, йæ бон цас уыди, уыйас.

Дудуйы лæг сыстад, йæ æхсырф райста, йæ худ дæр аппæрста, йæ хæдоны дыстæ мидæмæ батылдта æмæ, æйтт зæгъгæ, кæрдын байдыдта. Сихоры бадт дæр не скодта, йæхиуыл нал ауæрды, æмæ ма хур гыццыл уыди, афтæ йæ хуым карст фæци. Сындæггай рацыдис æмæ йæ хæдзармæ æрбахæццæ. Мидæмæ бацыд, æмæ йæ хæдзар мидæгæй цæхæртæ калы: сыгъдæг, æфснайд æмæ рухс. Тынг диссаг æм фæкаст уыцы сыгъдæгдзинад, фæлæ фыр фæлладæй æнцад, æнæ дзургæйæ æрбадт. Дуду йæ фæрсы:

– Исты дæ риссы? Цæй æнцад бадыс, куы ницы дзурыс?

– Абон тынг бафæлладтæн, хæрынмæ дæр мæ нæ равдæлд. Мæнæ мæ кæрдзыны къæбæр фæстæмæ схастон. Абон мæм удхæссæг æрбацыд æмæ мын загъта: «Абон дæ хуым карст куы нæ фæуай, уæд дын дæ уд ахæсдзынæн, æмæ амæлдзынæ». Æз дæр уæд мæ хуымыл нал бацауæрстон æмæ йæ карст фæдæн.

Дуду, цыма ницы зоны, уый хуызæн йæ лæгæн йæхи тæригъæдгæнæг скодта. Хæринаг ын радта, æмæ лæг тарф фынæй баци.

Райсом та рацыди куыристæ æмбырд кæнынмæ. Иу уыгæс (7 куырисы) самадта æмæ йæ аууоны схуыссыд. Дуду та йæм фæзынди зоны хуызы æмæ йæм дзуры:

– Хуыссыс та? Абон мæкъуылтæ амад куы нæ фæуай, уæд дын изæры дæ уд ахæсдзынæн. Стæй адæмæй раздæр найгонд куы нæ фæуай æмæ мæнæуæй, хъæмпæй куыд æмбæлы, афтæ куы нæ бафснайай, уæд мæ-иу хъаст ма ракæн. Дæ ног ус дзæгъæл баззайдзæни.

Дуду та ацыди.

Лæг та февнæлдта æмæ уыгæстæ нæ, фæлæ мæкъуылтæ амайын райдыдта, æмæ ма хур бирæ уыди, афтæ йæ хæдзармæ рацыди.

Дуду йæ фæрсы:

– Абон нæ бафæлладтæ?

Лæг загъта:

– Тынг нæ бафæлладтæн, фæлæ мæ-иу райсом раджы сыхъал кæн, абон та мæм æрбацыди удхæссæг æмæ мын загъта: «Адæмæй раздæр дæ мæнæу найгонд куы нæ фæуай, стæй мæнæуæй, хъæмпæй куыд æмбæлы, афтæ куы нæ бафснайай, уæд мæ-иу хъаст ма ракæн».

Дуду йæ лæджы боныцъæхыл сыхъал кодта. Лæг ацыди, йæ галтæ сифтыгъта æмæ бон-изæрмæ хуымæй цалдæр ласты скодта мусмæ мæнæу. Дыккаг бон йæ хуым расыгъдæг. Адæм стыр дис кæнынц, ацы лæг цæй кусаг сси, зæгъгæ.

Адæм ласæнгонд нæма фесты, афтæ уый найгонд фæци. Йæ хъæмпы рагъ самадта, йæ мæнæу йæ хæдзармæ баласта æмæ йæ рæсугъд сæрст къутуйы ныккодта. Сæрды куыстытæ ахицæн сты, фæлæ уæддæр Дудуйы лæг æнцад бадын нал зоны æмæ фæрсы Дудуйы:

– Нырæй фæстæмæ та цы кусон?

Дуду загъта:

– Фæззыгæнды зæхх цæттæ кæнын хъæуы, хъæддзаума ласын хъæуы, – нæ хæдзар тагъд æркæлдзæн, хос æрбаласын хъæуы. Раздæр уал зæххы хъуыддаг бакæн æмæ дæхи хъахъхъæн удхæссæгæй. Уый ахæм адæймаг у, æмæ йын цыфæнды лæгъстæ куы кæнай, уæддæр дæм нæ байхъусдзæн. Фæлтау сындæггай истытæ змæл.

Лæг загъта:

– Ма тæрс, мæ хуры хай Дуду, æз æнцад бадын нал зонын, удхæссæг мæн æгуыстæй никуыуал фендзæни.

Лæгæн æдзухдæр куыст æмæ удхæссæг йæ цуры лæууыдысты, æнцад нал бадти, кæртмæ-иу куы рацыд, уæд-иу куыст ссардта йæхицæн. Дудуйы ныхæстæ дзы рох нæ кодтой, фæцалх и куыстыл æмæ тынг хæдзарджын лæг сси.

Иу ныхасæй, Дуду магуса лæджы сахуыр кодта кусын. Цæрын байдыдтой, сæ цот дæр кусынхъом фесты. Ног уæладзыг хæдзар скодтой, хъомвос уæд æмæ фысвос уæд – ныккæнæн сын нал уыдис.

Бирæ азтæ ацыд, æлдар йæ иунæг чызджы йæхицæй куы ахицæн кодта, уæдæй нырмæ. Æлдар тынг базæронд. Иу бон та басидтис йæ дыууæ дæлдæрмæ æмæ сын загъта:

– Уæхуыддæг зонут, мæ иунæг хъæбулы мæхицæй фæсырдтон. Уыцы бонæй нырмæ мæнæй рох никуы уыди, мæ зæрдæ йыл тынг риссы. Æз базæронд дæн, курын уæ, æмæ мæнæ мæ лæдзæг мæ чызгыл сæмбæлын кæнут. Куы амæлон, уæд æлдардзинад куыд кæна, афтæ. Дарддæр бацæттæ кæнут хорз хуын, лæвæрттæ цы хъæуы, уыдон уæхуыддæг зонут, æмæ сыл ноджыдæр бафтаут, æцæг батагъд кæнут. Мæнæн мæ цæрæнбонтæ кæронмæ æрбахæццæ кæнынц.

Дыууæ лæджы сцæттæ кодтой хæрдæй, нозтæй, стæй алы зынаргъ даритæ æмæ æндæртæ. Æлдары сызгъæрин лæдзæг дариты батыхтой æмæ ацыдысты зонгæ фæндагыл. Бацыдысты хъæумæ æмæ, иу хатт Дудуйы кæм ныууагътой, уыцы ранмæ бацыдысты. Фæлæ хæдзар нал арынц, уымæн æмæ йæ бынаты фæзынд стыр уæладзыг хæдзар. Сæ бæхтæ баурæдтой уынджы æмæ лæууынц.

Дуду сæ рудзынгæй ауыдта, базыдта сæ, сæ размæ рацыди, «Æгас цæут» сын загъта æмæ сæ барæй фæрсы:

– Кæй агурут, хорз уазджытæ?

Уыдон загътой:

– Иу хатт мах ам иу ран ныууагътам не 'лдары чызг Дудуйы.

Дуду сын загъта:

– Уæ бæхтæ уал кæртмæ ракæнут æмæ иучысыл уæхи ауазал кæнут, уæхи дæр æрыхсут, Дуду дæр уæм зындзæн.

Уазджытæ Дудуйы нал базыдтой, уæддæр сæ бæхты кæртмæ бакодтой дынджыр æхсæр бæласы бын ауyонмæ. Бæхтæн хæринаг бæлæгъы ныккодтой. Дыууæ лæджы иу уатмæ бакодта Дуду æмæ сын загъта:

– Уæхи спарахат кæнут.

Уалынмæ иу лæппу тас æмæ хъуывгъанимæ æрбацыд, йæ уæхскыл – хисæрфæн. Уазджытæ сæхи цæхсадтой, æмæ сæ размæ рацыд рог фынг. Хæдзары хицау – урсрихи зæронд лæг – æрбацыд, уазджытæн салам радта æмæ семæ æрбадти. Нуазын сын кæны, фынгмæ сæм сиды. Иу дзæвгар абадтысты, æмæ хæдзары хицау загъта:

– Бахатыр кæнут, хорз уазджытæ, мæ фæдыл рацæут.

Уазджытæ сыстадысты æмæ хæдзары хицауы фæдыл уæладзыгмæ ссыдысты. Тыргъы Дуду хæрзарæзтæй лæууыди сæ

размæ æмæ сæ бакодта стыр уатмæ. Уым фынгтæ арæзт уыдысты, сæ уæлæ алы хæринаг æмæ зынаргъ нуазинæгтæ æмæ сызгъæрин нуазæнтæ. Уазджытæ æрбадтысты, хæдзары хицау – сæ уæле, Дудуйы лæппу – уырдыгыстæг. Фæйнæ куы анызтой, уæд Дуду дынджыр дзæбидыры сыкъаты сау бæгæныйæ нуазæнтæ æрбахаста уазджытæм æмæ сын загъта:

– Гъеныр æгас цæут, мæ фыдæй æрвыст лæгтæ. Æз дæн, сымах кæй агурут, уый – Дуду.

Куы фесты, уæд та хъуамæ дзыхъхъынног арæзт фынгыл æрбадтаиккой, фæлæ дыууæ уазæджы загътой:

– Бахатыр нын кæнут, æлдар нын цы бафæдзæхста, уый уал ахицæн кæнæм. Ацыдысты æмæ æрбахастой сæ хуын: хæринагæй, нуазинагæй, сæ лæвæрттæ æмæ сызгъæрин лæдзæг, дарийы тыхтæй, æмæ загътой:

– Адон сты не 'лдары хуынтæ.

Хæдзары хицау загъта:

– Уазджытæ, бахатыр кæнут, æрбадæм. Нæ фынджы рагъыл кæндзыстæм ныхас.

Æрбадтысты æмæ систой сызгъæрин лæдзæг æмæ загътой:

– Ацы лæдзæг у æлдары, æмæ йæ рарвыста не 'лдар йæ чызгæн æмæ ныффæдзæхста, Дуду æлдариуæг куыд кæна, афтæ.

Дуду загъта:

– Цалынмæ мæ фыд йæ дыууæ цæстæй кæсы, уалынмæ ацы лæдзæг мæнмæ нæ хауы, æмæ йæ фæстæмæ ахæссут, кæй у, уымæ.

Дуду æмæ йæ лæг æнæхъæн авд боны нæ рауагътой уазджыты æмæ, куы цыдысты, уæд сын стыр лæвæрттæ ракодтой. Дуду йæ фыдæн рарвыста диссаджы хъарм кæрц, сыгъдæг денджызы сырдты цæрмттæй конд – алы æрттывд кодта.

Уазджытæ хæрзбон загътой æмæ ацыдысты.

Дыууæ æрвыст лæджы æлдары æрбаййæфтой хуысгæйæ. Æлдар йæ хуыссæны рабадт æмæ байхъуыста йæ дыууæ дæлдæрмæ.

Уыдон загътой:

– Цыбырæй, ныртæккæ Дудумæ цы мулк ис, уый дæумæ никуыдæр уыди. Дуду æвзæр магуса лæгæй скодта, хъæуы астæу тынг нымад чи у, ахæм. Дудуйы уæладзыг агъуысты цы ис, уый æлдармæ нæй. Дуду сызгъæрин лæдзæг нæ бакуымдта, цалынмæ, дам, мæ фыд йæ дыууæ цæстæй кæса, уалынмæ мæнæн мæ бон нæу уыцы лæдзæг райсын.

Ælдар тынг фæбузныг йæ дыууæ дæлдæрæй æмæ загъта:

– Ныр бамбæрстон, мæ чызг хорз зонды хицау кæй у, уый. Æз мæ лæдзæг дæр барæй арвыстон, цымæ цы зæгъид Дуду, цы зæрдæ йæм ис, зæгъгæ. Ныр ма мыл æрбакæнут мæ лæвары кæрц. Абонæй фæстæмæ мæнæн кæрц нал хъæудзæн, æмæ тагъд уæртæ мæ саулох бæхыл арвитут хъæргæнæг.

Уыцы æхсæв хъæргæнæг арвыстой æмæ райсомæй раджы бахæццæ хъæргæнæг æмæ фехъусын кодта Дудуйæн, æлдар тынг æруæззау æмæ дæ агуры.

Дуду уыцы сахат йæ хистæр лæппуимæ цъæтджын уæрдоны рацыдысты. Æрбахæццæ сты æмæ ма æлдары æрбаййæфтой æгасæй. Кæрæдзийыл фæцинтæ кодтой, стæй æлдар йæ базы бынæй раласта сызгъæрин лæдзæг æмæ йæ Дудумæ радта:

– Ай дын æлдары лæдзæг æмæ йын йæ кад ма фесаф. Æлдариуæг кæн, адæмы хорзæх дæ уæд. Гъеныр хæрзбон.

Æлдар йæхи ауагъта, æмæ йын Дуду йæ цæстытыл æрхæцыд.

Æлдары тынг буц ныгæд бакодтой, хорз хист ын сарæзтой. Хъуыддæгтæ куы ахицæн сты, уæд Дуду йæ адæмы æрæмбырд кодта æмæ бафарста:

– Цæмæй тыхст стут? Цы уæ хъæуы?

Адæм æмдзыхæй загътой:

– Зæхх нын фаг нæй, стæй нæ хъалон тыхсын кæны.

Дуду загъта:

– Абонæй фæстæмæ зæххытæ – сымах. Хъалон та фидут, ныронг чи уыди, уымæн йе ‘мбис.

Адæм сæ худтæ систой æмæ Дудумæ дзурынц:

– Бирæ нын цæр, бирæ!

Дуду загъта:

– Абонæй фæстæмæ мах стæм æмхуызон адæм, æлдары ном ферох кæнут.

Дуду сылгоймаг уæвгæйæ, уыди бирæ зонды хицау æмæ йæ адæмæн радта уæгъдибар цард.

## МАД ÆМÆ ФЫРТЫ АРГЪАУ

Раджыма-раджы царди мад æмæ лæппу. Уыдысты тынг мæгуыр. Уæд лæппу загъта:

– Цæуын, нана, искæдæм æххуырсты.

Мад загъта:
– Бар дæхи.

Лæппу рацыди сæхицæй, бацыд иу хъæумæ. Уым ныхасы лæгтæ бадтысты, æмæ сын загъта:
– Чи уæ баххуырсдзæн æххуырст?

Уыдон загътой, ничи, зæгъгæ.

Рацыд лæппу, æмæ йæ иу лæг фæстейы расырдта æмæ йын загъта:
– Æз дæ баххуырсдзынæн.

Лæппу загъта:
– Уæдæ хорз!

Æмæ ныццыдысты уыцы лæджы хæдзармæ. Уыдон уыдысты æртæ ‘фсымæры æмæ йын загътой:
– Кæд дæ фæнды – æртæ сомы афæдз, на, уый нæй, уæд та дын æртæ ныхасы.

Хорз, зæгъгæ, загъта лæппу. Уалынмæ йæ афæдз æрхæццæ, æмæ сын лæппу загъта:
– Цæй, цы мын зæгъут, мæ фысымтæ?

Хистæр æфсымæр ын загъта:
– Ацу æмæ, æппæты разæй фæндагыл цы ссарай, уый-иу дæ хæдзармæ ахæсс.

Астæуккаг ын загъта:
– Хъусыс, дæ усæн-иу дæ зæрдиаг ныхас макуы зæгъ.

Кæстæр ын загъта:
– Хъусыс, хæрзиуæг дæ чи ницы агура, уымæн-иу ма ратт.

Лæппу рараст йæ хæдзармæ æмæ фæндагыл ссардта къæцæл, калмы гуыбыны тъыстæй.

Гъей, мæ хæдзарыл куыд уыдтæн, мæнæ афæдз цæуыл фæкуыстон, зæгъгæ, лæппу фæхъуыды кодта, стæй йæ систа æмæ йæ рахаста. Йæ кæртмæ куы ‘рбахæццæ, уæд калмы мард зæххыл ныццавта æмæ фæхъæр кодта:
– Гъей, нана, цы фæдæ?
– Нана дæ фæхъхъау фæуæд, æгайтма дæ федтон, æхца дæр мæ нæ хъæуы æмæ иу дæр, кæй ма дæ федтон, мæ къона!

Æрбадтысты иумæ, æмæ йын лæппу йæ хабæрттæ фæдзырдта.

Æхсæв схуыссыдысты, æмæ райсом куы сыстадысты, уæд кæсынц, æмæ дын кæрты æхсæры къæцæл æмæ калмы мард бæлас фестадысты, бæлас та фæткъуытæ зæхмæ згъалы.

Адæм йемæ арæх хæснæгтæ кодтой бæласы тыххæй, ома цы

бæлас у, зæгъгæ. Уый сæ æмбылдта æмæ афтæмæй тынг схъæздыг ис. Уæд уæладзгуытæ скодта, кæй фембылдта, уыдонæй, авджын галуантæ, æмæ цæрын байдыдта. Иу бон куы уыдис, уæд æлдæртты æрхонынмæ ацыд, æмæ йæм æлдæрттæй йæ хæдзармæ ничи æрцыд. Куы нал сæ уагъта, уæд æрцыдысты æмæ сæ хорз федта алы хæрд, алы нозтæй. Стæй сыстадысты æмæ ацыдысты. Уый фæстæ лæппу æлдары чызгмæ курæг бацыдис, æмæ йын йæ чызджы радта, æмæ йæ хæдзармæ æрхаста.

Иу хатт куы уыдис, уæд иу сомихаг алыхуызон лæвæрттæ ракодта чындзæн æмæ йæ ракъахта бæласы тыххæй. Ус йæ лæджы бын бабадт æмæ йæ нал уагъта, нæ бæлас цы хъæд у, зæгъгæ. Уæд æй лæппу фæрсы:

– Цæмæн дæ хъæуы?

– Кæд æз дæр ацы хæдзайраг дæн, уæд æй мæнæн дæр зæгъ.

Стæй йæ куы нал уагъта, уæд ын загъта, æхсæркъæцæл калм бæлас, зæгъгæ.

Ус æй уыцы фæдыл сомихагæн загъта.

Райсом сомихаг дзуры лæппумæ:

– Цæй, хæснаг та кæныс? Кæд дын, дæ бæлас цы хъæд у, уый базонон, уæд, æртæ хатты мæ къух цæуыл æрæвæрон, уыдон – мæн. Кæд æй нæ базонон, уæд та мæ дукани æмæ мæ хæдзæрттæ дæу.

Хорз, зæгъгæ, загъта лæппу.

Сомихаг загъта:

– Дæ бæлас у æхсæркъæцæл калм бæлас.

Лæппу ахъуыды кодта, стæй загъта:

– Фæлæуу уæдæ, афтæ лæуу, æз æртæккæ æрцæудзынæн.

Лæппу, æхххуырсты кæмæ уыдис, уыдонмæ азгъордта æмæ сын загъта, сайд мыл æрцыд, зæгъгæ.

– Цы кодтай?

– Мæ усæн мæ ныхас загътон.

– Æмæ дын мах нæ дзырдтам?

Уалынмæ сæ сыхæгтæ хонæг æрбарвыстой, æмæ лæппу дæр семæ фæраст ис. Куы ‘рбадтысты, уæд уырдыгыстæг фæрсы:

– Цыргъ кард уæ никæмæ ис?

Лæппу кард фелвæста йæ дзыппæй æмæ афтæ:

– Гъа, мæнæ дын кард.

Уырдыгыстæг фæхъæр кодта:

– Ацы кард мæн у, йемæ мын фесæфти æртæ мины æхца.

Лæппу фæцарæхст æмæ загъта:

– Ацы кардæй мæнæн мæ фыды амардæуыд, æмæ æгайтма мæ туджджыны ссардтон.

Уым ын стæрхон кодтой фондз мины æхца æмæ æртæ уæладзыджы сæрмæ асин. Лæппу сæ рахаста æмæ, йæ хæдзармæ куы бахæццæ, уæд асин хæдзары сæрмæ сæвæрдта æмæ бахъæр кодта сомихагмæ:

– Рацу æмæ райс, цы дæ хъæуы, уыдон!

Сомихаг рауадис æмæ асиныл йæ къух æртæ хатты æрæвæрдта. Лæппу рагæпп кодта æмæ загъта:

– Æртæ хатты асиныл дæ къух æрæвæрдтай æмæ дæу фæци.

Сомихаг дæндæгтæй къухтæм фæлæбурдта, цæй сайд мыл æрцыд, зæгъгæ.

Лæппу, æппындæр ахст чи нæма уыдис, ахæм бæх балхæдта, йæ усы бæхы къæдзилыл бабаста æмæ йæ ауагъта.

Лæппу абон дæр ма цæры æмæ хæры.

# ДУ ФУ: 1300 АЗЫ



*Китайаг литературæйæн ис миназыккон традицитæ. Фыццаг китайаг поэт царди нæ эрæйы агъоммæ II æнусы. Бирæ номдзыд фысджытæ радта уæдæй ардæм уыцы бæстæ. Се 'хсæн ахадгæ бынат ахсы Ду Фу (712–770). Йе сфæлдыстад ын чи иртæста, уыдоны ныхæстæм гæсгæ поэт йæ цард-цæрæнбонты тох кодта, адæймаджы уды бартæ чи ссæста, уыцы æгъатыр, зыд æмæ кæрæф тугцъиртимæ. Бæрзонд бынæттыл бадæг чиновниктæ цардæй къæртт æппæрстой мæгуыр зæхкусджыты хардзæй. Ду Фу йæ рæстæджы цаутæ æвдыста иттæг раст æмæ зæрдæмæхъаргæ ахорæнтæй. Уымæ гæсгæ йын йе сфæлдыстадон бынтæ фæстæдæры фæлтæртæ хуыдтой «поэтикон истори». Дæлдæр цы æмдзæвгæтæ мыхуыр кæнæм, уыдон ирон æвзагмæ раивта* ***Хъодзаты Æхсар.***

## ХЪУЫДЫТЫ УАЦАРЫ

**Йæ къаймæ сиды**
**Бæрзы цонгæй бурцъиу.**

**Кæсагдзау мæргътæй**
**Фурды астæу – бардз.**

**Тæлтæг къæвда**
**Йæ хотыхтæй ныббуц и,**

**Кæны нæ фæзты**
**Тохифтонгæй балц.**

**Æз – урссæр лæг.**
**Цы ма агурон цардæй?**

**Мæ бонтæ – асæст.**
**Нал мын кæнынц ад.**

Мæ хъус æрцахсы
Арвы хъæлæс дардæй...

Цæмæн ма хъæуы
Иунæджы та кад?

## ТУТИЦЪИУ

Цы ‘рцыди тутийыл?
Æнтъыснæг та йыл сагъуыд.

Фæмысы сатæг хъæд:
Тæхуды, уым та ахъаз!

Йæ систæ – къудатæ,
Йæ базыртæ та – ауыгъд.

Кæйдæр дзырд афæзмы,
Фæлæ йын циу, цы ахъаз?

Цæры ныфсы муртæй,
Фæкæсы ма æнхъæлмæ.

Кæддæры рухс нывтæ
Нæ цух кæнынц йæ риуæй:

Зæрдæрухс, бархийæ
Бæргæ атæхид хъæдмæ.

Йæ фидауц – ахæсты,
Цы пайда дзы и цъиуæн?

## АДÆМÆЙ ТÆРСГÆЙÆ

Царды тавсæй
Пумпуси къуыбыртæ

Цъиуты зардмæ
Райхæлдзысты сом.

Ныр мæ уæзæг –
Тархъæдтæ, быдыртæ,

Ферох кæ фыдыбæстæн
Йæ ном.

Ралыгътæ.
Дæ алыварс – дзæнæт-зæхх.

Урс æврæгътæй
Тæрфыты – цæндтæ.

Адæмæй рыст дæ
Æмæ зæрдæцъæх...

Тагъд уыдзæн
Дæ халагъуд цæттæ.

## МÆ БÆЛÆГЪ-НАУЫ ФЫСТ ÆМДЗÆВГÆ

Æруалдзæг та.
Æз дæлвæзмæ кæсын.

Æцæгæлон мын – а бæстæ:
Ныфссаст дæн.

Зæрватыччытæ
Ерысæй хæссынц

Цъыфы къуыбæрттæ –
Амайынц сæ ахстон...

Мæ дыргъдонмæ
Æртахтысты кæддæр

Æд зарджытæ.
Мæ зæххы гæппæл къахтон.

Уый раджы уыд...
Фæхауæггаг мæ сæр:

Цæрддзугæнгæ
Фыдыбæстæ ныууагътон.

Нæ зонынц адон
Рыст æмæ фæллад.

Цы йæ ‘мбæхсон –
Хæлæг сæм кæнын рагæй.

Мæ науцæджындзæй
Азæлы сæ зард.

Цытæ дзурынц
Сæ базырджын æвзагæй?

Рæхджы та дардмæ
Акæндзысты балц.

Тæхудиæгтæ –
Сиды сæм сæ бæстæ.

Ды та, хæтæгхуаг,
Сау цæссыгтæ тадз

Æфсæрмдзæстæй
Æмæ сæ сæрф æмбæхстæй.

## ЦЪЫРЦЪЫРАГ

У къаннæг, нæудзары нымбæхсы,
Цъæхснагæй азæлы йæ зард.

Хæссы лæджы зæрдæмæ тавиц,
Йæ хъæлæс – удæхцон, æнкъард.

Æхсæв æрбахилы мæ къæсмæ
Æмæ мын «уадындзæй» цæгъды.

**Æз дард – мæ бинонтæ, мæ бæстæй,**
**Мæ тых мын сау катай сæтты.**

**Фæмысын сабиты, мæ къайы:**
**Куыд ысты? – Сагъуыйы мыл хъыг.**

**Фæвæййы авддæлдзæх мæ хуыссæг,**
**Фæкалын иунæгæй цæссыг.**

**Уæдæ, мæ къаннæг уазæг, зар мын,**
**Дæ зарæг уды хос, æвдадз.**

**Мæ риумæ рухсы цъыртт æрбауадз,**
**Ныфсы мур зæрдæйы ныттадз.**



*Ду Фуйы хæдзар-музей*
*«Хъæмпынсæр халагъуд».*

# Эжен Ионеско: 100 азы



*«Æз тынг раджы сахуыр дæн иунæг уæвыныл, уымæн æмæ иннæты хуызæн нæ хъуыды кодтон. Мæ зондыхъæд, мæ удахаст бынтон æндæр уыдысты». Ацы ныхæстæ ист сты номдзыд францаг фыссæг Эжен Ионескойы боныгæй.*

*Иннæты хуызæн нæ хъуыды кæнын – уый у стыр нывгæнæджы миниуæг. Æмæ Ионескойы æгас дуне дæр базыдта ахæмæй. Йæ пьесæтæ тæлмацгонд сты бирæ æвзæгтæм. Йæ трагеди «Сыкъафындз» ын æвдыстой дæс æмæ дыууиссæдз бæстæйæ фылдæры. Уыцы уацмыс ивд æрцыд ирон æвзагмæ дæр æмæ йæ джиппы рауагъта «Мах дуг» 1997 азы æртыккаг æмæ цыппæрæм номырты.*

*Йæ интервьютæй иуы Ионеско афтæ зæгъы, нывгæнæг, дам, фарстатæ лыг нæ кæны, нывгæнæг фарстатæ æрмæст æвæргæ кæны æхсæнады раз. Æмæ фыссæг йæ дзырдаивады æцæгæй дæр адæмы размæ хаста æхсæны царды æмæ хицæн удты æппæты трагикондæр проблемæтæ, карзæй дзырдта, адæймаг арæх тугдзых сырды миниуджытæ кæй райсы æмæ йæ æбуалгъ низ æнæхъæн дзыллæтыл кæй апырх вæййы, уыдæтты ныхмæ.*

*Ионескойы сфæлдыстад мидисæй дæр æмæ жанртæм гæсгæ дæр у бирæкъабазджын: пьесæтæ, роман «Иунæг», радзырдтæ, публицистикæ, мысинæгтæ, интервьютæ, стæй, ам цы хъæлдзæг хабар мыхуыр кæнæм, ахæмтæ æмæ а. д.*

*Эжен ИОНЕСКО*

# ÆРТÆ АЗÆЙ КЪАДДÆР КÆУЫЛ ЦÆУЫ, УЫЦЫ САБИТÆН

Жозет ныр стыр чызг у, йе ‘ртындæс æмæ ссæдз мæйы йæхи фесты. Иу райсом та, иннæ хæттытау, йæ мад æмæ йæ фыды уаты дуармæ къаннæг æмæ тæссонд къахдзæфтæгæнгæ бацыди.

Къæбылайау йæ сæрæй афæлвæрдта дуар бакæныныл. Куынæ йын æнтыст, уæд ныхъхъæр ласта, æмæ йæ ныййарджытæ райхъал сты. Фæлæ сæхи ницыхъусæг скодтой.

Уыцы бон мад æмæ фыд тынг фæллад уыдысты. Знон театры фæбадтысты, театры фæстæ – рестораны, рестораны фæстæ – кинойы, кинойы фæстæ – рестораны, рестораны фæстæ – куклаты театры. Гъемæ сыл ныр зивæг бæхбадт скодта. Ныййарджытæн афтæ бæргæ не 'мбæлы... Лæггадгæнæг сылгоймагæн æнхъæлмæ кæсын йæ бон нал уыд æмæ уаты дуар бакодта.

– Дæ бон хорз, æхсин, дæ бон хорз, мосе. Мæнæ уæ сæумæйы газет, мæнæ фыстæджытæ, мæнæ уæ къофи æхсыр æмæ сæкæримæ, мæнæ уæ дыргъты дон, мæнæ уæ цымтæ, мæнæ уæ лауызтæ, мæнæ уæ нæлхæ, мæнæ уæ апельсинты мармелад, мæнæ уæ æрыскъæфты фых, мæнæ уæ хъоппæгцæст хъайла дыууæ айкæй, мæнæ тахынæджы кæрстытæ, мæнæ уын ай та уæ чызг.

Ныййарджытæ адæттыл нæ бацин кодтой. О, хæдæгай, знон ма куклаты театры фæстæ рестораны дæр уыдысты. Ныр къофи æхсыримæ сæ зæрдæ нæ зæгъы, лауызтæ дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы, цымтæ дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы, тахынæг дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы, иу айкæй конд хъоппæгцæст хъайла дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы, апельсинты мармелад дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы, дыргъты дон дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы, æрыскъæфты фых дæр сæ зæрдæ нæ зæгъы (æрыскъæфты фых дæр нæ уыди, фæлæ апельсинты).

– Се 'ппæт дæр Жозетæн ратт, – дзуры лæггадгæнæг усмæ фыд. – Куы сæ бахæра, уæд-иу æй махмæ рахæсс.

Сылгоймаг Жозеты йæ хъæбысмæ систа. Жозет ныхъхъыллист ласта. Фæлæ адджынуарзаг кæй у, уымæ гæсгæ цæлгæнæны æрсабыр æмæ бахордта йæ мады мармелад, фыды вареннæ, мад æмæ фыды цымтæ, ныр та дыргъты дон нуазы.

– Цæй зыдыка дæ, цæй зыдыка, – дзуры йæм лæггадгæнæг. – Дæ гуыбын стыр, раст дæ цæстыты йас... – Æмæ цæмæй гыццыл чызг ма фæрынчын уа, уый тыххæй ныййарджыты къофи йæхæдæг анызта, ахордта иу айкæй конд хъоппæгцæст хъайла, тахынæг, стæй дысоны пырындзы кас æхсыримæ. Уæдмæ мад æмæ фыд ногæй бафынæй сты, сæ хуыррытт хъуысы. Фæлæ сын бирæ нæ ахаста. Лæггадгæнæг сæм ногæй Жозеты æрбахаста. Жозет дзуры:

– Папуля, Жаклин дын (уый лæггадгæнæджы ном у) дæ тахынæг бахордта.

– Ницы кæны, – загъта фыд.

– Папуля, – дзуры Жозет, – аргъау ма мын ракæн.

Æмæ цалынмæ мад фынæй кодта, уымæн æмæ тынг фæллад уыд, уæдмæ фыд Жозетæн ракодта аргъау.

– Царди-уыди чызг, йæ ном – Жаклин.

– Мах Жаклины хуызæн?

– О, – зæгъы фыд. – Æрмæст уый чызг уыди, йæ мад дæр Жаклин хуынди, мадам Жаклин. Чысыл Жаклинæн йæ фыд дæр Жаклин хуынди. Гыццыл Жаклинæн уыди дыууæ хойы, уыдонæн дæр сæ нæмттæ – Жаклинтæ. Ноджы йын уыди дыууæ 'фсымæры, уыдон дæр хуындысты Жаклинтæ. Йæ мадыхо æмæ фыдыхойы дæр хуыдтой Жаклинтæ. Жаклинтæ хуыдтой мадыхойы æмæ фыдыхойы æмбæлтты дæр. Афтæ хуыдтой фыдыхойы чызджы дæр, стæй уымæн йæ æртæ хъазæн чындзы дæр: Жаклин, Жаклин, Жаклин. Йæ лæппуйы дæр ын хуыдтой Жаклин. Лæппумæ уыди хъæдын бæхтæ, сæ нæмттæ – Жаклинтæ, стæй къала салдæттæ, алкæй ном дæр дзы – Жаклин.

Фыд гыццыл Жозетæн ацы аргъау куы кодта, уæд уатмæ æрбахызт лæггадгæнæг:

– Сывæллоны зонд фæцæуын кæндзынæ, мосе.

Жозет лæггадгæнæгæн афтæ:

– Жаклин, цом-ма базармæ.

Жозет лæггадгæнæгимæ ацыди базармæ. Мад æмæ фыд та бафынæй сты, уымæн æмæ тынг бафæлладысты – знон рестораны уыдысты, уый фæстæ театры, уый фæстæ рестораны, уый фæстæ куклаты театры, стæй та рестораны.

Жозет Жаклинмæ бацыди дуканимæ. Уым амбæлд йæ карæн чызгимæ. Жозет æй фæрсы:

– Мемæ хъазын дæ фæнды? Дæ ном та цы хуыйны?

– Жаклин.

– Зонын æй. Дæ фыд дæр Жаклин хуыйны, дæ мад дæр, дæ хъазæн чындз дæр, дæ фыдыфыд дæр, дæ хъæдын бæх дæр, дæ хæдзар дæр, дæ гаршок дæр – Жаклин.

Дуканигæстæ лæгæй-усæй, стæй æлхæнджытæ иууылдæр разылдысты Жозетырдæм, сæ цæстытæ ныхъхъоппæг сты, афтæмæй йæм тарстхуызæй кæсынц.

– Хъуыды дæр æй ма кæнут, – сабырæй сæм дзуры лæггадгæнæг сылгоймаг. – Йæ фыд ын цыдæр æнæсæрфат аргъæуттæ фæкæны, æмæ сабийы сæр сдзæгъæлтæ.

Уыцы райсом Жозеты фыд раджы сыстади. Хорз фæфынæй кодта, уымæн æмæ знон рестораны туаг къабуска нæ хордта, театры нæ уыди, куклаты театрмæ дæр нæ бацыди, хъæдындзы хъæрмхуыпп дæр нæ бацымдта. Хæдзары дæр туаг къабуска нæ бахордта. Дохтыр æй нæ бауагъта: диетæ. Гъемæ знон æххормагæй йæ фаг фæхуыссыд, æмæ йын уый фæахъаз. Æххормаг лæгыл хуыссæг уайтагъд йæхи андзары.

Жозет йæ ныййарджыты уаты дуар бахоста. Мад хуыссæны нæ уыди – чи зоны, сынтæджы бын кæнæ та скъаппы бамбæхсти. Фæлæ скъаппы дуар гуыдырæй æхгæд уыди. Жаклин Жозетæн загъта, дæ мад, дам, раджы ацыди, уымæн æмæ знон рестораны нæ бадти, уый фæстæ театрмæ нæ ацыди, куклаты театры дæр нæ уыди, стæй цæхджын къабуска нæ бахордта.

Жаклин Жозетæн ноджы бамбарын кодта, дæ мад, дам, сахармæ ацыд, уардихуыз зонтик райста, афтæмæй. Ноджы йыл уыди уардихуыз æрмкъухтæ, уардихуыз туфлитæ, йæ худы – уардихуыз дидинджытæ тъыст. Йæ хызын дæр уардихуыз, хызыны та – айдæн. Йæ къабайыл, дам, рæсугъд дидинджытæ. Дæ мад, дам, тынг рæсугъд у: йæ цæстытæ дæр, йæ дзых дæр, дам, дидинджыты хуызæн. Йæ фындз – уардийы æнгæс, йæ дзыккутæ дæр – дидинджыты халдих, стæй сæ астæу дидинджытæ сагъд.

Уæд Жозет ацыд йæ фыды кусæнуатмæ. Фыд дзырдта телефонæй, тамако дымдта, афтæмæй.

– Алло, уый ды дæ? Æмæ дын афтæ куы загътон, æппындæр мæм мауал æрбадзур, зæгъгæ. Мæ уд мын æрдуйæ нарæгдæр скодтай. Нæй мын рæстæг иу секунд дæр.

Жозет йæ фыды фæрсы:

– Телефонæй дзурыс?

Фыд хæтæл æрæвæрдта:

– Ай телефон нæу.

Жозет дзуапп дætты:

– Нæ, телефон у. Мæ мад мын загъта. Стæй Жаклин.

Фыд дзуапп радта:

– Дæ мад дæр æмæ Жаклин дæр нæ зонынц, ай цы у, уый. Ай цыхт у.

– Ай цыхт у? – фæрсы Жаклин. – Уæдæ цыхтæй конд у.

– Нæ, – зæгъы фыд. – Цыхт цыхт нæ хуыйны. Цыхт хуыйны радиолæ. Радиолæ та хуыйны гауыз. Гауыз та цырагъ. Цар та хуыйны пъол. Пъол та – цар. Къул та – дуар.

Фыд сабийы ахуыр кæны, сæ алыварс дунейы чи цы у, ууыл.

Бандон у рудзынг. Рудзынг у къæрандас. Баз – дзул. Дзул – цъында. Къæхтæ – хъустæ. Къухтæ – къæхтæ. Сæр – быдыргъ. Быдыргъ – сæр. Цæстытæ – æнгуылдзтæ. Æнгуылдзтæ – цæстытæ.

Жозет дзурын райдыдта, йæ фыд æй куыд ахуыр кодта, афтæ:

– Кæсын бандонæй, хæрын баз, гом кæнын къул, цæуын мæ хъустæй, цæмæй цæуон, уый тыххæй мын ис дæс цæсты, кæсынæн та мын дыууæ æнгуылдзы ис. Быдыргъ æвæрын царыл. Бахордтон радиолæ, дыргъты фых сæвæрдтон мæ цъындайыл. Папæ, рудзынгыл ма мын исты снывкæн.

Жозет гуырысхоты аныгъуылди:

– Нывты нæмттæ та куыд хуыйнынц?

Фыд дзуапп радта:

– Нывтæ? Сæ нæмттæ? «Нывтæ», зæгъгæ, ма дзур. Дзурын хъæуы «нывтæ».

Æрбацыди Жаклин. Жозет æм базгъордта, дзуры йæм:

– Жозет, цы уый зоныс? Нывтæ нывтæ не сты, нывтæ нывтæ сты.

Жаклин ын афтæ:

– Уæуу, мæнæ мæ дæ фыд удхарæй куыд амардта. Бамбар æй, мæ къона: нывтæ нывтæ нæ хуыйнынц, нывтæ хуыйнынц нывтæ.

Уæд дын фыд Жаклинмæ дзуры:

– Жозет раст зæгъы.

– Нæ, – йемæ не сразы Жаклин. – Уый æндæр хуызы дзырдта.

– Нæ, – зæгъы Жозеты фыд, – ды раст нæ зæгъыс.

– Нæ, ды.

– Нæ, ды.

– Уæ дыууæ дæр уыцы иу ныхас кæнут, – загъта Жозет.

Уалынджы æрбахызти мад, раст дидинæджы халдих. Йæ къухы – дидинæг, йæ къабайыл – дидинджыты нывтæ, йæ хызыныл дæр, йæ худыл дæр – дидинджытæ. Цæстытæ – дидинджыты æнгæс, йæ дзых дæр – дидинæг.

– Афтæ раджы кæм уыдтæ? – фæрсы йæ папуля.

– Дидинджытæ æмбырд кодтон, – зæгъы мамуля.

Уæд ын Жозет афтæ:

– Мамуля, къул байгом кодтай, нæ?

# ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Сфæлдыстадон кусæг иунæгæй куы баззайы, уæддæр хибар нæ вæййы. Æрмæст уый бон у (зонгæ-зонын кæнæ та æнæбары), адæмы фылдæр хайæн бæрæг чи нæма у, ахæм фæндиæгтæ, бæллицтæ, царды хъуæгтæ, рæстдзинад равдисын. Æмæ сæ адæм боныфæстагмæ райсынц, хорзыл сæ банымайынц. Сæйрагдæр у: хъуамæ функционертæ сфæлдыстадон кусæгæн разамынд ма дæттой, фæлæ йын йæ «хæдбардзинад», йæ уды сæрибар хъахъхъæнгæ кæной. Афтæ куы нæ уа, уæд курдиатæй цух æнæджелбетт ничитæ схицау уыдзысты æмæ хурх кæнын, марын райдайдзысты хæрзгæнджыты.

*1972 азы 12 июль*

* * *

Ныфс цæры поэты буары. Поэзийы уд, туг æмæ стæг уый у. Поэттæ сты æппæт дунейы адæмы зæрдæ. Фысджытæ æмæ нывгæнджытæ сæ мидæг хæссынц уарзондзинад, хæссынц рæстдзинад.

*1966 азы мартъи*

* * *

Кæд мах истæй ныхмæ тох кæнын хъæуы, уæд фыццаджыфыццаг фыдракæндты инстинкты ныхмæ. Уыдон растгæнæн æвдисæнтæ агурынц идеологиты. Иугæр цæрæгойты æмæ зайæгойты нæ байсафын нæ бон нæу, уæд та адæмæн фæтæригъæд кæнæм. Философитæ дæр, теологитæ дæр, марксизм дæр нæ базыдтой фыдæхы проблемæ алыг кæнын, йе та йын йæ апп раиртасын. Иу æхсæнадæн дæр, уæлдайдæр коммунистон æхсæнадæн, нæ бантысти фыдракæндтæ фесафын кæнæ фæкъаддæр кæнын. Алкæм дæр уынæм æнæуынондзинад æмæ маст. Рæсттæрхон кæй хонынц, уый рæстгæнæг нæу, уый у мастисæг æмæ æфхæрæг. Æмæ кæд, адæм кæрæдзийæн цы фыдтæ кæнынц, уыдон сæ хуыз аивынц, уæддæр цы сты, уымæй баззайынц.

*1974*

* * *

Паддзахæдты сæргълæуджытæ æмæ политиктæ иууылдæр сты, йæ зондæй чи фæцух, ахæм маньяктæ. Æрмæст ма сын сæ фаг авналæнтæ нæй. Цас адæмы ныццагътой æмæ цæгъдынц абон дæр, цас дзыллæтæ систы сæ амæддаг! Сæ фылдæр моралон æгъдауæй сты сахъат. Фæлæ дуне уыдоны къухы ис. Уыдон æцæг фæлдурæдждджынтæ, хæрамхæссæг дæлимонтæ сты, Апокалипсисы дзæмбытæм нæ æппарынц гъæйттæй. «Уарзондзинад», «уд», зæгъгæ, уыцы дзырдтæ дæ дзыхæй куы схауой, уæд дæм комкоммæ кæсдзысты æмæ дыл худдзысты. Уæрæсейы æмæ Китайы та дæ æвæстиатæй маргæ акæндзысты.

*1973 азы 27 октябрь*

* * *

Намысджын лæг уыд Альенде... Стæй æхсарджын. Ссис герой æмæ фыдгæнджыты амæддаг. Йæ цардæмбал куыд дзырдта, афтæмæй йæхи амардта, йæ чызджы ныхæстæм гæсгæ та йæ маргæ акодтой. Уый ууыл дзурæг у, æмæ паддзахадон архайджытæ хъуамæ амæддæгтæ ма уой. Арæх фыдгæнджытæ дæр кæрæдзи амарынц. Фылдæр хатт маст исыны охыл. Афтæ у фыдгæнджыты дунейы. Суанг незамантæй абонмæ. Сталин уыди сырд. Фæлтæрд тиран уыди Хрущев. Брежнев ныцъцъист кодта Чехословакийы, йæ хъуын ацагъта интеллигенцийæн... Мао æмæ йæ дæлбар хъебретæ уыдысты æгъатыр дæлимонтæ. Адæмæн хорзы цæуыны бæсты ныддæвдæг сты идеологийыл, сæ бæрзонд бадæнтыл, тæргæйттæ кодтой, байсæфтой Тибет, цивилизаци, сæ культурон революци йæ фæдыл расайдта æвирхъау бæллæхтæ. Хатыр цы у, уый нæ зыдта Ленин. Англисы хроникæ æмæ нын Шекспиры пьесæтæ иттæг бæлвырдæй æвдисынц æппæтхъом хицæутты зыд æмæ кæрæфдзинад, цъаммар, æнæфсарм митæ, абсолютизм. (...)

Альенде уыди гуманист. Социализм та гуманизм йе 'мгæрæтты нæ уадзы. Альенде хицауы бынат бахъахъхъæдтаид, дурзæрдæ куы уыдаид, уæд. Фæлæ уыд интеллигент æмæ романтик, рæстдзинадыл тохгæнæг. Рæстдзинадæн та царды уæвæн нæй. Гъемæ, сæрибарæн аргъ кæй кодта, адæм цæмæй кæрæдзи æрæмбарой, ууыл кæй архайдта, уый тыххæй æппæрст æрцыд йæ бынатæй. Æмæ мæлæты амæддаг баци.

Махæн тынг арæх кæнынц, «адæймаджы цæсгом кæмæн ис, ахæм социализмы» кой. Уый у сыдывд æмæ демагогон формулæ, худæг ныл æфтауы, фæлæ худæм цæссыг калгæйæ. **«Адæймаджы цæсгом кæмæн ис, ахæм социализм» – уый у æнæсæрфат, тутт идейæ. Социализмы бон нæу адæймагæн аргъ кæнын.**

*1973 азы 28 сентябрь*

* * *

Идеологион театр цы идеологийы коммæгæс хотых у, уымæй йæхæдæг ныллæгдæр фæлæууы. Политикон театр, бульварон театрау, махæй аразы æнæсæрбæрæг, æнæмбаргæ цыдæртæ, растдæр зæгъгæйæ та – ницытæ ‘мæ мацытæ. Театр хъуамæ æрцæуа деполитизацигонд. Политикон театр нæ ногæй истæуыл сахуыр кæна, уымæн уæвæн нæй.

*1974*

* * *

Цавæрфæнды коллективизмæн дæр йæ апп вæййы тоталитарон æмæ тæссаг у, хицæн адæймаджы æхсæнады амæддаг куы скæна, уымæй. Адæймагæй рауайы айдагъ социалон цæрæгой. (...) Социалон фæлгæтты тъыстæй адæймаг фесты æхсæнады иу хай, æрмæстдæр æхсæнадæн чи цæры, ахæм æмæ йæ фæсонæрхæджы дæр нал вæййы, социалон функционер уæвынæй уæлдай ма æндæр хуызы цæрæн кæй ис, уый. Суанг йæ фынты дæр, йæ дæлзонды дæр социализацигонд æрцæуы, йæ зондыл ын сахсæн сæвæрдæуы. (...)

Мæн фидарæй уырны: адæймагæн йæхи «æз» ссарын йæ бон у æрмæстдæр иунæг уæвгæйæ. Социалон коллективизм адæмæн дæр æмæ саскæн дæр фадат нæ дæтты иунæг уæвынæн. Цыфæндыйæ дæр архайдæуы, цæмæй иунæгæй ма баззайат. (...)

Советон социализмæн æмæ Скæсæны бæстæты алыхуызон социализмтæн сæ бон нæ баци ног адæймаг саразын, ома адæймаджы фесафын сæ къухы нæ бафтыд. (...) Адæймаг асоциалон уд у, цæрынхъом у æрмæстдæр æхсæнады, фæлæ æхсæнады мидæг асоциалонæй цæры.

*1975*

* * *

Хъуыды ма кæнын: ныхас кодтон социалистон бæстæйы бæрзондылбадæг чиновниктимæ, суанг хицауады уæнгтæй иуимæ дæр. Дисы мæ бафтыдтой уыцы министры иумæйаг ныхæстæ, штамптæ, æбуалгъы сæйдтытæ. Уый уыди г-жа Фурцева, культурæйы министр. Ахæм æнахъинон мæнгтæ дзурæн ис, уый мæ никуы бауырныдтаид. Æртæ азы размæ мын æнцад-æнцойæ дзырдта, Солженицыны, Синявскийы, Сахаровы койтæ, дам, никуы фехъуыстон. Уæрæсейы, дам, концентрацион лагерьтæ æмæ психиатрион дзæбæхгæнæнтæ нæй. Куыд раиртæстон, афтæмæй министр мемæ дзырдта, инструкци йын куыд амыдта, стæй йæ бæстæйы контрольгæнæг организацитæм цы хъуамæ бахæццæ уыдаид, уыдæттæ... Йæ иунæг сагъæс уыди: хъуамæ мæнæн загътаид, йæ бæстæйы хицæуттæ йын цы бафæдзæхстой, уый, сæхимæ баздæхгæйæ та йæ хорз номыл хъуамæ къæм ма абадтаид. Фæстæдæр мын, хъуыддæгтæ чи зыдта, ахæм адæймаг радзырдта, афтæ, дам, вæййы сæ хабар æппæт партионтæн дæр, æппæт чиновниктæн дæр, асинæн йæ бинаг къæпхæнæй райдай æмæ фæу йæ тæккæ бæрзонддæртæй – иу дæр дзы æнæ контролæй нæ ирвæзы.

Солженицыны йæ бæстæйы бирæтæ нæ бамбæрстой, советон æхсæнады цыбырхъуыр адæймæгтæн æцæгæлонæй баззади. Солженицыны домæнтæ æвирхъау сты: адæмæй домы рæстдзинадæн аргъ кæнын, гæды ныхасыл къух сисын. Сæ сæр æй нæ ахсы: цæй охыл, цæмæн хъуамæ дзырдæуа раст? Æнæ рæстдзинадæй дæр хорз цæрæн куы ис! Рæстдзинад дзурыны кæнæ æррадонмæ бахауыны бæсты дæ дзыхыл хæц æмæ дын – цæрæнуат дæр, дачæ дæр, машинæ дæр. Фыссæг кæнæ стыр партион кусæг куы уай, уæд та ма дын – лæггадгæнæг дæр. Афтæ гъе, æнахъинон азар, тас дæ сæрмæ æрцауындзæг: сайгæ куынæ кæнай, уæд дачæйæ æнæхай фæуыдзынæ!

*1976 азы мартъи*

* * *

...нæ хицæуттæ, «культурон политикæ» кæй хонынц (æнæхъола дзырдбаст), ууыл хæст не сты, фæлæ антикультурон политикæйыл. Уæдæ иумæйагæй либералон æмæ гуманистон паддзахады хæс цы у? Культурæйæн æххуыс кæнын, æппæт курдиæтты рæзтыл архайын, уымæн æмæ, технократтæ цы аразынц, уыдонæй уый

сæдæ хатты ахсджиагдæр, пайдадæр æмæ бæркадджындæр у. Цавæрфæнды хицауадон политикæйæн дæр, организацийæн дæр хъуамæ йæ сæйрагдæр нысан уа культурæ. Культурæ мах хъæуы, дон æмæ нæ хор цæрынæн, мæлæтæй ирвæзынæн куыд хъæуынц, афтæ.

*1976 азы 28 июль*

* * *

Риккардо Пасейро рауагъта иттæг хорз чиныг, йæ ном – «Испани хъусы». Чиныджы райдайæны ис хицæн хай «Солженицын Испанийы». Уым хурмæ хастæуы æбуалгъ хабæрттæ. Солженицын у герой, бæгъатыр, æмæ мах æмбарæм, цы æвдисæнтæ хæссы, уыдон куыд ахсджиаг сты, уый. Литературæйыуылты цæугæйæ фыссæг литературæйæ бирæ дарддæр ацыд. Солженицын дунейæн йæ цæстытæ байгом кодта æмæ йын равдыста, коммунизм мах æнусы æппæты егъаудæр цæстфæлдахæн ми кæй уыд, уый. Уæрæсейы коммунистон æхсæнады тыххæй æцæгдзинад канд ацы фыссæг нæ загъта. Фæлæ уый руаджы фехъуыстам иннæты раст æмæ æвронг ныхæстæ дæр. Дзырд «Гулаг» хаст æрцæудзæн æппæт æвзæгты дзырдуæттæм дæр. Солженицыны руаджы æппæт дунейы коммунистон партитæ, стæй сæ зондыл хæст адæм иууылдæр сæццæйæ аззадысты рæстдзинады раз: коммунизм Хурыскæсæны дæр æмæ иннæ рæтты дæр æнæгуырысхойæ кæуинаг уавæры бахауди. Ныгуылæйнаг идеологты бæргæ нæ фæндыди, фæлæ сын æндæр гæнæн нал уыд æмæ сразы сты: идеологи æмæ реалон царды ‘хсæн арæх фæзыны æнæбын сæрсæфæн.

*1977 азы январь*

* * *

Паддзахад æрмæстдæр у æхсæнадыл амад уæлæмхасæн. Паддзахад æхсæнад нæу, уымæ гæсгæ политикты фæнды, цæмæй аивадыл сæрбос бафтауой, разамынд ын дæттой сæхи пропагандæ кæныны охыл. Театр æцæгæй дæр цавæрфæнды пропагандæйæн дæр бæллиццаг хотых у, уæлдайдæр «политикон хъомылад» кæй хонынц (æндæр ныхæстæй та – «сæрымæгъзтæ æхсæн-удайæн»), уымæн. Политиктæ хъуамæ аивадæн лæггадгæнджытæ уой, æндæр ницы, уæлдайдæр та драматикон аивадæн. Фæлæ йын хъуамæ разамонджытæ макуы уой, цензортæ йын

цæмæй ма уой, уый кой та ма чи кæны! Цензурæйæн ницы хуызы ис уæвæн. Политикты куыст хъуамæ ахъаз уа аивады, уæлдайдæр та драматикон аивады, сæрибар рæзтæн.

*1976 азы мартъи*

* * *

Фыдæх цæстæнгас кæмæдæр, иннæтæм: аристократтæм, буржуазимæ, сауджынтæм æмæ а. д. Революцийы фæстæ реакцийы дуг куы ралæууы, уæд уыцы «иннæтæ» свæййынц интеллигенттæ, кусджытæ. Се 'ппæты дæр фæфæнды се 'ппæты амарын. Марыны тæрхæтты даргъ халæй арæзт у истори.

*1975 азы 6 январь*

* * *

Фысгæ цæй тыххæй кæнын? Сæйрагдæр аххостæй иу уыди: фæндыди мæ æрвылбоны талф-тулф хъуыддæгты, царды драмæйы, фыдбонты арæнтæй ахизын æмæ мæ сабибонты дзæнæтон дуне ссарын, сыгъдæг цинæй мæ мондæгтæ суадзын. Зазхæссæны бон-иу хъæуы нарæг уынгтæ дидинджытæ æмæ хæрисы къалиутæй нал зындысты, хуымгæнæны мæйы хурмæ-иу дуне йæ хуыз скалдта. Бæрæгбæтты-иу хуырдзаст фæндагыл хæрды фæцæйцыдтæн аргъуанмæ. Куыд хæстæгдæр кодтон, афтæ дзæнгæрæджы зæлланг дæр рæзыди, стæй аргъуан йæхæдæг дæр. Разынд-иу дзæнгæрæгдоны цъупп цъæх-цъæхид арвы хъæбысы. Дуне уыд æмбисонды райдзаст, æмæ йæ дзыхъхъынног сыгъдæг сатæгæй не 'фсæстæн. Зæгъын та йæ дыккаг хатт: литературон куыстыл хæст дæн, кæй кой ракодтон, уыцы æрдхæрæны фидауц ногæй ссарыны охыл.

*1974*

* * *

Æрхæндæг мын мæ уд бындзарæй ласы. Цæрынæн ма мын цы чысыл рæстæг баззад, уымæн цы кæнон, куыд кæнон? Ницыуал мæ æндавы, суанг мыл ме 'мбæлттимæ ныхас кæнгæйæ дæр æнтъыснæг бафты, афтæмæй мæм искуы-иу хатт йеддæмæ не 'рбацæуынц. Уæдæ цы чындæуа? Æрвон тыхы хицау нæ дæн. Сæрбихъуырæйттæгæнгæ тулын дæлæмæ. Цыма мæ Хуыцауы арм урæдта, æмæ ныр феуæгъд дæн.

Мæ мæгуыр цардæмбалы тыххæй ма цæрын. Цæрын зæгъгæ, джитын, лæзæрын... Æрхæндæг, иугæндзон æрхæндæг – уый дын мæ цард.

*1986 азы июль*

* * *

Цæмæ бæллы адæймаг, цы йæ хъæуы? Цæмæй æнæмæлæт уа. Цæра. Уый иллюзи у, хи сайæн.

Фæлæ Хуыцауы ахæм уарзтæй уарзын хъæуы, цæмæй йæ мидæг атайай.

Уый æнæмæлæт цард нæ уыдзæн, фæлæ Æнусондзинад.

Цæмæй Хуыцаумæ баввахс уай, базонай Йæ, уый тыххæй цæрын хъæуы аскеты цардæй, аскеты цардæй цæрын хъæуы.

*1986 азы 23 сентябрь*

***ХЪОДЗАТЫ Æхсары*** *тæлмац*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты –*
*фыссæг æмæ нывгæнæг*
***Чеджемты Георы** куыстытæ*

*Геор каст фæци Мæскуыйы полиграфион институт. Куыста журнал «Ногдзау»-ы аивадон редакторæй, чиныгуадзæн «Ир»-ы. Бирæ йын бантыст ирон чингуытæ фæлгонц кæныны хъуыддаджы. Йæ нывтæ йын фенæн уыдис Æппæтуæрæсеон, зоналон æмæ республикон равдыстыты.*



*Дыууадæстæнон.*



*Ацæмæз.*



*Цуанон.*



*Ӕрдзы хъæбултæ.*



*Иллюстрацитæ Гæдиаты Цомахъы радзырд «Царды уæз»-мæ.*



*Кæдæм мæ хæссыс, кæдæм?*



*Мæ къæдзилыстæн.*



*Цицыртæ.*



*Чи кæй?*



*Хосдзаутæ.*



*Цымæ, цæуыл у сæ сагъæс?*



*Уалдзæг. Уарзондзинад.*



*Кадæггæнæг.*



*Афтæ дæр вæййы?*



*Хохы.*




*Экслибрис.*

# ИРОН
# ПРОЗӔЙЫ
# АНТОЛОГИ

# БАЙАТЫ ГАППО

*1869–1939*

*Æхсæны лæг, рухстауæг, публицист æмæ фыссæг Байаты Басилы (Василийы) фырт Гаппо (Георги) райгуырди 1869 азы 11 сентябры Дзæуджыхъæуы. Ссæдз азы йыл куы сæххæст, уæд каст фæци гимназ, 1894 азы та радта паддзахадон фæлварæнтæ Одессæйы университеты юридикон факультет фæуыны тыххæй. Уый фæстæ 10 азы æвдакатæй фæкуыста йæ райгуырæн горæты.*

*Тынг стыр хæрзты бацыди Гаппо ирон аив дзырд æмæ культурæйæн, иумæйагæй та ирон дзыллæйæн: уый фæрцы хицæн чингуытæй мыхуыры рацыдысты Къубалты Алыксандры «Æфхæрдты Хæсанæ» æмæ Къостайы «Ирон фæндыр». Мур дæр йæхицæй не 'ппæлы Байы-фырт, йæ цыбыр автобиографийы мæнæ афтæ куы фыссы, уæд: «Ирон адæмы химбарынад райгас кæнын, нæ культурон рæзт фæцырендæр кæнын æмæ ирон фыссынад снывыл кæныныл æз бирæ хъарутæ, стæй хи фæрæзтæй дзæвгар схардз кодтон».*

*Уæлдай æнувыддæрæй архайдта, цæмæй Всеволод Миллеры «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат», куыдхуыздæрæй æмæ æххæстдæрæй рухс федтаид, ууыл.*

*Октябры фæфæлдæхт æмæ мидхæсты азарæй Ирыстоны дзыллæйы лæгтæй бирæтæ сæ райгуырæн зæххæй фæсарæнтæм фæхаудысты.*

*Уыдонимæ уыди Байаты номдзыд Гаппо дæр – горæты сæр. Фыццаг йæхи айста Тифлисмæ, уырдыгæй дæр та большевиктæй лидзæг фæци Константинопольмæ, стæй 1922 азы куыстагур ахæццæ Берлинмæ. Æмæ алкæм дæр æвадат уавæрты йæ ирон адæмæн цырагъдарæджы куыст нæ ныууагъта. Зæгъæм, Тифлисы бындур сæвæрдта æмæ редактор уыди газет «Ног цард»-æн, джипы рауагъта къорд ирон чиныджы ахæм грифимæ – «Ирон библиотекæ».*

*Уæлдай æнувыддæрæй куыста Берлины. Ам Гутнаты Елбыздыхъойы типографийы 1922 азы ныммыхуыр кодта Къостайы æгъуыстæг «Ирон фæндыр» поэты биографиимæ. Ноябры та дзы рухс фенын кодта «Æлгъуызы кадæг»-æн ирон æвзагмæ тæлмацæй. 1926 азы Гаппо-Георг сси Берлины Гумбольдты номыл Университеты доцент æмæ, скæсæйнаг æвзæгты семинармæ чи цыд, уыдонæн ирон æвзаг амыдта, лекцитæ сын каст.*

*Йæ райгуырæн бæстæйы ма куы уыд, уæд ын рацыд ахæм чингуытæ – «Ирон аргъæуттæ» æмæ «Ирон æмбисæндтæ», альманах «Фарн», сабитæн уагъта журнал «Гæлæбу», мыхуыр кодта публицистон уацтæ алы сафинаг æгъдæутты тыххæй...*

*Йæ фæстаг бонмæ йæ зæрдæ нæ сивта йæ фыдæлты уæзæг Ирыстоныл. Гаппо йæ рухс дунейæ ахицæн 1939 азы апрелы. Баныгæдтой йæ Берлины Уырыссаг уæлмæрдты. Фæлæ йæ удæгасæй бæллыди, цæмæй йæ «фæллад стджытæ» ирон зæххыл сæмбæлдаиккой.*

*Æмæ йæ тæхуды Хуыцаумæ фехъуысти. 1995 азы апрелы йын йе стджытæ сластой æмæ ныр ныгæд сты Ирон аргъуаны кæрты.*

*Уый рухсаг уæд, фæлæ махыл та рагæй æмбæлы йæ фæллæйттæ йын бабиноныг кæнын æмæ сæ хицæн чиныгæй джиппы рауадзын.*

# НОВЕЛЛÆТÆ

## ДЗÆБИДЫР ÆМÆ САГ

Бæрзонд сау айнæджы цъуппыл зæронд дзæбидыр лæууыди. Ныллæг кæмдæр йæ быны сау хъæды хызти уæздан саг. Саг дзæбидыры ауыдта æмæ йæм бæрзондмæ сдзырдта. Дзæбидыр – гæпп-гæпп! – æмæ саджы уæлхъус фестади.

– Дæ бон хорз уа, хъæлдзæг саг!

– Хорз цæр, мæ хæххон æрвад!

– Хæрзаг, дзæбидыр, хæлæг кæныс мæ цардмæ! – загъта саг. –

Акæс-ма, æз дæуау, мыййаг, их не сдæрын, æз нуазын рæсуг суадæттæй. Дæуау хъæбæр къæдзæхыл нæ хуыссын – мæ быны фæлмæн сыфтæртæ... Ды хæрыс фыдад хæххон фæсал, æз та – адджын сойджын кæрдæг æмæ бæлæсты сыфтæр. Æз хъазын райдзаст цъæхнæуу быдырты, ды та уазал цъитийыл æмæ æдзæрæг къæдзæхтыл иунæгæй дæ мæгуыр бонтæ ʻрвитыс. Цæй цард у дæ цард, дзæбидыр?!

Дзуринаг ма уыдис саг, фæлæ кæцæйдæр топпы гæрæхтæ æмæ куыйты рæйын æрбайхъуысти. Сæрджын саг йæ сыкъатæ йæ чъылдымыл авæрдта æмæ тæрсгæ-ризгæ атыффытт ласта хъæды астæумæ. Йæ мæгуыр хæххон æрвадæн «хæрзбон» дæр нал загъта.

Зæронд дзæбидыр та йæ мæгуыр къæдзæхты сæрмæ ссыди æмæ йæхинымæр загъта: «Тæрсгæ-ризгæ бонджынæй æд мæт фæцæрыны бæсты мæнмæ мæ мæгуыр хæххон цард сæрибарæй хуыздæр кæсы».

## УАЗÆГ

Уыдис зымæгон талынг уазал æхсæв. Уады дымгæ дуармæ æхситтытæ кодта. Зæронд къонайы гуыргуыргæнгæ сыгъд арт. Æз æнкъардæй иунæгæй бадтæн йæ разы. Кæрты куыдзы рæйын фæцыдис. Æддæмæ акæсон куыд загътон, афтæ æвиппайды чидæр дуар бакодта, мидæмæ ʻрбацыди æмæ арты фарсмæ ʻрбадти йæхи тавынмæ. Арты рухс æнахуыр уазæгæн йæ цæсгомыл сæмбæлди. Мæ разы бадтис æнкъард рæсугъд ирон чызг хæррæгъты мидæг æмæ мын загъта:

– Ирон лæг, æз дæн дæ мæгуыр уазæг.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг! Уæлдайдæр мæгуыр уазæг, – загътон ын æз.

Уыцы дзуапмæ мæм чызг скасти цæссыгдзаг цæстытæй æмæ загъта:

– Æз дæн мæгуыр саби. Рагæй агурын æз мæ мад æмæ мæ фыды æмæ сæ никуы арын. Фыдбон райгурдтæн æмæ фыдæбæттимæ бирæ азты мæ царды бонтæ ʻрвитын. Фæкæсæг мæм нæй. Мæ дарæс мын ничи æмпъузы, мæхи мын ничи бафсады. Æххормагæй, хæррæгъты мидæг ныгъуылд уæрццау зилын æз Иры бæстыл, æмæ мæм кæсгæ дæр ничи кæны. Мæ фыды æмæ мæ

мады ӕз ӕгасӕй искуы куы ссарин, ӕрмӕст уыдоны дзӕбӕх уындӕй, уыдоны рӕсугъд хъӕлӕстӕй иу бон мӕхи куы бафсадин, уӕд ӕз адӕмӕн ног царды ӕлутон фестин. Ӕз дӕн ног царды фидиуӕг, сызгъӕрин хъӕлӕстӕй фарн хӕссӕг. Ӕз ӕрхӕсдзынӕн, ирон лӕг, нӕ мӕгуыр хӕдзармӕ дунейы рухс ӕмӕ зонды хъӕр!.. Мӕ сызгъӕрин хӕтӕлӕй ӕз ныккӕндзынӕн нӕ мӕгуыр царды кӕрӕдзи уарзондзинады зарӕг. Ма мӕ тӕрсут, барӕвдаут мӕ. Ӕз уӕ туг, уе стӕгӕй куы дӕн! Мӕ мады, мӕ фыды мын ссарын кӕнут!.. – афтӕ мӕм дзырдта йӕ сызгъӕрин хъӕлӕсӕй уыцы диссаджы чызг. Стӕй ӕвиппайды дуар байтыгъта ӕмӕ миты тымыгъы фесӕфтис.

– Чи дӕ? Кӕмӕй дӕ? Дӕ ном мын куы нӕ загътай! – ахъӕр ма кодтон ӕз йӕ фӕдыл къӕсӕрӕй.

– Мӕ ном – Ирон чиныг, мӕ фыд – Ирон зӕрдӕ, мӕ мад – Ирон ӕвзаг. Уыдон агурӕг фӕцӕуын!

– Фӕндараст, нӕ зӕххы хай!..

## ДЗЫЛЛӔЙЫ ЗИУ

*Эссе*

Алчи хи амонды куырд йӕхӕдӕг у! Хӕстмӕ цӕугӕйӕ, хъӕбатыр ир зӕронд тохы зарӕг-иу ныккодтой кӕддӕриддӕр. Ныццарыдтой-иу тыгъд быдыртӕ, сау хъӕдтӕ, бӕрзонд хӕхтӕ уыцы зарӕджы хъӕрӕй. Сцырын-иу кодтой тохы ныхӕстӕ ӕхсары тынг уынгӕг зӕрдӕты мидӕг!..

Ныфсхаст-иу фесты саглӕгтӕ мӕлӕтмӕ хӕсты сау быдырты, суӕлдай-иу кодтой сӕ уд.

Ныры заман стыр тохы рӕстӕг у, — канд иу лӕгӕн нӕ, фӕлӕ ӕгас дзыллӕйӕн дӕр.

Мӕ мӕгуыр ӕвзагӕй уын ракӕндзынӕн нӕ ног тохы заманы ныхӕстӕ!..

Зондджын дзыллӕ хъуамӕ уыцы сагъӕсӕй цӕрой, — хуызӕн, алцӕмӕй арӕзт цард куыд ссарӕм!.. Ӕнӕ уый сын размӕ ацӕуӕн нӕй...

Рӕсугъд цард та дзыллӕтӕ арынц стыр хъӕзуатӕй — сӕры зонды фӕрцы, ныфсы ӕмӕ ӕхсары руаджы, куысты фӕндагыл!..

Стур, ацы сахат цы бахæрон, уыцы зондæй цæры, уымæн æмæ дарддæр йæ зонд не 'ххæссы! Фæлæ адæм хъуамæ, райсом æмæ фидæнмæ цы хæрдзыстæм, нæ цот цæмæй цæрдзысты – уый мæт дæр кæной хъæбæр...

Дзыллæйæн сæ иу фæлтæр хъуамæ ныууадза исты хорз-дзинæдтæ – сæрæвæрæнтæ сæ фæстагæттæн, уыдонмæ кæсгæйæ — уыдон дæр та сæхицæй исты бафтауæнт уыцы бынылǃ..

Раст у рагон лæджы ныхас: «Бын кæмæн нæ баззайы, уый бонджын нæ кæны»...

Æнахъазæй фæцæрын – цæрдудæй амæлынæй хъауджыдæр нæу...

Ахæм стыр тыхст рæстæджы кæм цæрæм, уым хъуамæ дарæм нæ зæрдыл алы сахат рагон лæджы ныхас: «Иунæг мæгуыр у, уый хæсты быдыры æфсæддон нæу».

Рафæлгæсут ма нæ рæсугъд зæххон адæммæ! Гуыр-гуыргæнгæ згъорынц нæ райгуырæн хæхтæй суадæттæ, свæййынц уыдон хъазгæ-заргæ тыхджын фурд, æнæкæрон денджыз! Иу лæджы бон бакæнын цы хорз хъуыддаг нæу, уый бирæ адæм æмдыхæй лæгау сæххæст кæнынц! Раст уыдзæн кæддæриддæр фыдæлты ныхас: «Адæмæй æндахгай – мæгуырæн хæдон». Адæмы бон бирæ у! Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц!

Фæсивæд, хæцут уæ ирон хæдзарыл фидар! Дзыллæйæн йæ фидар уыдонæй цæуы!

Ма ласут уæхи уæ хъæуты хъуыддæгтæй, цæмæй æвзæрты къухмæ ма бафтой уыдон.

Афон æрцыди, лæппутæ, нæ дзыллæйы зæронд хуымы мæт дæр бакæнын... Уый зæрæстонæй, сидзæрæй куы лæууы урс Кавказы астæу!

Нæ тавæг, нæ дарæг хуым! Дæ фæлтæрд риуы хъæбæр цъар æнæфæлдæхтæй куы лæууы. Дæ хоры кæндтытæ не 'рттивынц сызгъæрин гауызау... Уæларвон мæргъты æхситт дæм нал хъуысы, бæлæсты ауон нæ уынысǃ

Уалдзæг æрцыди, хорз зиууæттæ, Хуыцауы уазджытæ! Ног дзыллæйы зиуы иумæйаг зарæг ныккæнут...

Æмармæй нæ зæронд хуыммæ базилæм – чи фосæй, чи зондæй, чи тыхджын сау куыстæй...

Иунæг Хуыцаумæ кувгæйæ, байтаудзыстæм ног хоры мыггаг... Зад фæззæджы нæ цот æркæрддзысты заргæ-симгæйæ

уыцы хуым, æнæнымæц сызгъæрин мæкъуылтæй быдыр нал зындзæн... Ирон зæрдæ райдзæн сæ уындæй...

Æгъгъæд у хуыссын, рахилут, разæйцог дзыллæты царды уынаффæтæм акæсут æмæ ныфсхастæй, куыстарæхстæй фæлæбурут нæ ног стыр куыстмæ – дзыллæйы зиумæ.

Нæ мæгуыр адæмы сагъæс уæ хуылфы, афтæмæй дзагармæй тау кæнут, хорз зиууæттæ, нæ зæронд хуымы бæрзонд зонды, кæрæдзиуарзондзинады æмæ рухс рæстдзинады æнæмæлæт мыггаг! Стыр бузныг уын зæгъдзысты ир.

# АРВИСТОН

## ТОЛСТОЙЫ ФÆДЗÆХСТЫТÆ

### 1. ФЫДХÆРД КÆНЫН ТÆРИГЪÆД У

* * *

Адæм куы сыстонг вæййынц, æрмæстдæр уæд куы хæрик-кой, стæй хуымæтæджы сыгъдæг æмæ æнæсахъат хæринæгтæй куы цæриккой, уæд сæм низтæ æмгæрон нæ цæуиккой, сæ монцтæ уромын дæр сын æнцондæр уаид.

* * *

Зондылæг загъта: Хуыцауæн, дам, табу фæкæнын, царды мидæг æхсызгондæр цы хъæуы, уый æнцон арæн кæй у, цы нæ хъæуы, уый та зын арæн кæй у, уый тыххæй. Уый уæлдай тынгдæр хауы хæринæгтæм. Адæймаг цæмæй æнæниз, куыст-хъом уа, уый тыххæй йæ фаг сты хор, дыргътæ, халсартæ, уидæгтæ, дон. Уыдон алкæм дæр ссарæн ис. Зын кæнæн сты алы «хинæйдзаг» хæринæгтæ, зæгъæм сæлдæг æмæ æндæртæ. Уыдон канд зын кæнæн не сты, фæлæ ма зиан дæр хæссынц. Уæдæ хор, дон æмæ касæй цы æнæниз адæймæгтæ цæрынц, уыдон хъуамæ гуыбындзæл хъæздгуыты цардмæ ма бæллой, фæлæ бонджынтæ – мæгуырты цардмæ.

* * *

Адæм æххормагæй стæм хатт амæлынц. Арæхдæр мæлынц, кусгæ чи нæ кæны, афтæмæй алы адджинæгтæ чи хæры, уыдон.

* * *

Хæрын хъæуы, цæмæй цæргæ кæнай, уый тыххæй. Цæмæй хæргæ кæнай, уый тыххæй хъуамæ ма цæрай.

### 2. ФЫДЫЗГЪÆЛ ХÆРЫН ТÆРИГЪÆД У

* * *

Грекъаг зондылæг Пифагор фыдызгъæл нæ хордта. Йæ царды хабæрттæ йын фыста Плутарх. Æмæ йæ куы бафарстой,

Пифагор фыдызгъæл цæуылнæ хордта, зæгъгæ, уæд ахæм дзуапп радта: «Пифагор фыдызгъæл кæй нæ хордта, уый мæм диссаг нæ кæсы, дис кæнын, ныры адæмæн хорæй, халсарæй, дыргъæй цæрæн куы ис, уæд цардæгас удты цæмæн æргæвдынц æмæ хæрынц, ууыл».

* * *

Суанг незамантæй фæстæмæ дæр зондылæгтæ адæмæн амыдтой, цæмæй цæрæгойты фыд ма хæрой, фæлæ алыхуызон зайæгойтæ. Уæддæр дзырддзæугæ лæгтыл не ʻууæндыдысты æмæ ицуылдæр дзидза хордтой. Фæлæ мах рæстæджы арæхæйарæхдæр кæнынц, фыдызгъæл хæрын тæригъæдыл чи нымайы, уыдон.

Мах дис фæкæнæм, адæймаджы фыд чи хæры, ахæм адæмтæ кæй уыд æмæ ныр дæр ма Африкæйы кæй ис, ууыл. Фæлæ ахæм рæстæг æрцæудзæн, æмæ адæм цæрæгойты кæй мардтой æмæ хордтой, ууыл дис кæд кæндзысты.

* * *

Дæс азы дæргъы дын хъуг дæхи æмæ дæ сабиты æфсæста, фыс дын йæ хъуын лæвæрдта хъарм дарæсæн. Цы хорзы сын бацыдтæ ды уый тыххæй? Сæ хурхыл сын кард сдардтай æмæ сæ бахордтай!..

* * *

Зыд чи нæ кæны, иу ахæм цъиу дæр къалатимæ нæ бахауид. Адæм дæр фыдбылызы æрмæстдæр сæ зыд æмæ кæрæфы аххосæй бахауынц. Уæцъæф къухтæн – рæхыс, къæхтæн – хъадаман. Уæцъæфы цагъар иудадзыг дæр цагъар у. Сæрибар уæвын дæ фæнды – фыццаджы-фыццаг уал дæ уæцъæфæй дæхи ссæрибар кæн. Тох кæн йемæ. Хæр æхцондзинад райсыны охыл нæ, фæлæ де стонг басæттыны охыл.

***Саадимæ гæсгæ***

* * *

«Ма амар». Ам канд адæймаджы марыныл нæ цæуы ныхас – уый хауы æппæт цæрæгудтæм дæр. Ацы хъуыды раздæр адæймаджы зæрдæйы фыст æрцыди, стæй та Библийы.

* * *

Цæрæгойты хъысмæтыл зæрдæйæ чи риссы, уый æнæмæнг хæларзæрдæ у. Æгъатыр митæ сын чи кæны, уымæн та хæларзæрдæ уæвæн ницы хуызы ис.

***Шопенгауэрмæ гæсгæ***

* * *

Де 'фсымæрмæ дæ къух макуы сис, стæй иннæ цæрæгудты туг макуы ныккал, нæдæр адæмы, нæдæр хæдзарон цæрæгойты, нæдæр сырдты, нæдæр мæргъты. Дæ уды арфæй дæм зонды хъæлæс дзуры, бар дын нæ дæтты туг калын, уымæн æмæ туг цард у, цардæн та раздахæн нæй.

***Ламартинмæ гæсгæ***

## 3. СТЫР ТÆРИГЪÆДЫ ЦÆУЫ, ЙÆХÆДÆГ ЧИ НÆ КУСЫ, ФÆЛÆ ИСКÆЙ ФÆЛЛОЙÆ ЧИ ЦÆРЫ, УЫЙ

* * *

Кусын кæй нæ фæнды, уый хæргæ дæр нæ кæны.

***Апостол Павелмæ гæсгæ***

* * *

Дæхи бон цы у, уый symbols искæмæн ма кæнын кæн. Алчидæр хъуамæ йæхи хæдзары дуары рæзтæ мæрза. Алчидæр афтæ куы кæна, уæд уынг æнæхъæнæй дæр уыдзæни сыгъдæг.

* * *

Цавæрфæнды дзаумайæ куы пайда кæнай, уæддæр дæ зæрдыл дар: уыцы дзаума сфæлдыстой адæймаджы зонд, зæрдæ æмæ къухтæ, æмæ йын нæдæр сафæн и, нæдæр халæн. Куы йæ сафай, уæд фæллой сафыс, хаттæй-хатт та – адæймаджы цард.

* * *

Æнæ кусгæйæ цардæй къæртт чи æппары, уыдонæн адæмы уарзæн нæй. Уымæн æмæ, цæмæй пайда кæнынц, сæ къухы цы ис, уый æнæбары конд у, тыхмийы фæрцы, арæх ыл вæййы фыдæлгъысты гакк – ралгъитынц сæ, сæхицæн лæгдыхæй кæй

кусын кæнынц, уыдон. Уыцы бонджынтæ цæмæй адæмы бауарзой, уый тыххæй сæ хъуамæ хъизæмарæй мауал марой.

* * *

Æппæтæй хуыздæр хæринаг цы у? Дæхæдæг дæ къухвæллойæ кæй самал кодтай, уый.

***Мæхæмæт***

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Чырыстон уд гуылмызтæ кæнын æмæ хæлын райдыдта революцийы диалектикæйæ.

Большевизмы азты хæлыны процесс кæронмæ ахæццæ. Большевизмæн бантыст ахæм фæлтæр схъомыл кæнын, адæймаджы уд æппындæр чи ницæуыл нымайы. Адæймаджы амарын сæм хъæдысыст ныцъцъæл кæныны хуызæн кæсы. Уарзондзинад та, дам, циу? Цæрæгойтæ кæрæдзи рагъмæ куы бахизынц æмæ сæ мондæгтæ куы суадзынц, уæд уый. Уды сыгъдæгдзинад та? Æнæсæрфат цыдæр. Уæд рæстдзинад та? Кълассон кæнæ партион утилитаризм. Революцион коллективизмы уылæн куы анхъæвза, уæд ахæм цард суыдзæни хицæн удтæн пайдайы гуырæн. Францы революци къаддæр нæ уыди, дæрдтыл аивылди. Фæлæ йæ хъаймæты уылæнтæ куы 'рсабыр сты, уæд чырыстон фæткæн йæ бынат бацахста æмæ «йæ хуыз скалдта», пъæнæзау йæхирдæм чи амадта, ахæм мæрддзæст æмæ æнæфсис удгоймаг. Хуыцауыл йæ къух чи ауыгъта, уыцы Уæрæсе дæр цымæ Францы хал нæ ахæрдзæни? Кæд мах æнус сыгъдæг буржуазон мещантæй ссæрибар уа, уæддæр та æндæр хуызты сæхи равдисдзысты: паддзахадон мещантæ, хæццæ-мæццæ мещантæ, стæй боныфæстагмæ – социалистон мещантæ. Фæлæ адæймаг ууыл дæр не 'рлæудзæни, ноджы дæлдæр къæпхæнмæ æрхаудзæн. Адæймаг æнæ Хуыцауæй адæймаг нал уыдзæн. Æнæхуыцау адæймагæй та сырд рауайы – тохы мидæг. Цивилизаци йæ æрмахуыр куы скæны, уæд та хæдзарон цæрæгойы æнгæс свæййы...

Революци кæй ауæрстытæ кодта, уыцы уырыссаг адæймаг тагъд-тагъд сафы йæ национ цæсгом... Æнæ динæй наци наци нал вæййы, йæ бæсты фæзыны цыдæр æнахъинон удгоймæгты змæст. Уыцы змæстæй саразæн ис алцыдæр: дур, хъæд, згъæр.

Згъæр та сæтгæ дæр акæн, цæййас къæрттытæ дæ хъæуа, уыййæстæ дзы раппар.

***Георги Федотов***
*(Чиныг «Судьба и грехи России», изд. «Даръ», 2005, 316–317 ф.)*

* * *

Телеуынæн раджы бахауди зыд æмæ кæрæф адæймæгты къухмæ. Иуæй-иу равдыстытæ æмæ канал «Культурæ»-йæ фæстæмæ иннætæ сæ удæй арт цæгъдынц махæй даунтæ (зондæй æмæ буарæй гуылмызтæ) саразыныл. Æмæ сын иттæг хорз æнтысы… Хъуамæ нæ фосдзуг рауайа. Дзугимæ архайын æнцондæр у. Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут: фермер цæры, кусы йæ зæххыл, хъалонтæ фиды, куыд æмбæлы, афтæ. Ис ын агуыридурæй хæдзар, дыууæ автомобилы, трактор, æххуырст кусджытæ, хорз мызд чи исы, ахæмтæ. Гъемæ ахæм лæгæн æнцондæр у разамынд дæттын, æви гæвзыкк, æнæкъона сау адæмæн, уæлæмхасæн сæдæ доллæры сæрвæлтау йæ хицауы фæстагæн батæ кæныныл дæр разы чи у, уыдонæн?.. Цагъары туг зилдух кæны не уæнгты, суанг Рюрикы заманæй абонмæ. (…)

**Фарст:** Режиссер Александр Сокуров загъта: «Адæм фылдæр хатт равзарынц, чи нæ сыл тыхсы, ахæм хицæутты».

**Дзуапп:** Уый уымæн афтæ у, æмæ сæ зæрдæтæ куырм ысты. Æвæццæгæн, æнæфенд æмæ хæлæггæнаг кæй рахастам, уый тыххæй цæуынц бæллæхтæ. Иннæты хуызæн йæхи чи нæ фæдары, уыдон адæмы зæрдæмæ нæ фæцæуынц. Уымæ гæсгæ мард æрцыдысты Пушкин, Столыпин, Маяковский, æхситгæнгæ æмæ хынджылæггæнгæ ингæнмæ барвыстæуыди Сахаровы. Цæмæн? Уыдоны адæм сæхæдæг амарынц. Ома, дæ бынат зон, мах хуызæн æнæджелбетт, хуырымæй, дæлдзиныгæй æрвит дæ бонтæ.

***Олег Басилашвили***

* * *

Абон тынг ахсджиаг у нациты хъуыддæгты фæдыл министрад кæнæ комитет саразын… Нациты хицæн рангтыл дих кæныныл хъуамæ æппындæр ныхас ма цæуа: хъуамæ æмсæрæмбар уой.

***Александр Гельман***

* * *

Советон Социалистон Республикæты Цæдис. Ацы цыппар дзырдæй иу дæр æцæг нæу, иууылдæр мæнг бындурыл амад сты. Цæдис амоны, чи дзы ис, уыдон иууылдæр разы кæмæй вæййынц, ахæм бархи, сæрибар иугонд. Махмæ уый нæ уыд æмæ нæй. ССР Цæдисы уæнгтæй алкæцыйы дæр – Уæрæсейы, Украинæйы, Кавказы, Белоруссийы, Балтион республикæты, Молдавийы, Астæуккаг Азийы республикæты – раздæр сæ уæрджытыл æрлæууын кодтой мидхæсты рæстæг, стæй сæ Советон Республикæтæ рахуыдтой æмæ хæцæнгæрзты æхxуысæй «Цæдис» сарæзтой. Социалистон дæр нæ уыдысты æмæ не сты, уымæн æмæ социализмы мидис у сæрибар æмæ демократи, уыдонæн та махмæ сæ кой дæр никуы уыди. «Республикæты» дæр у тутт дзырд, уымæн æмæ ССР Цæдисы император у Генсек, республикæты та – Фыццаг Секретарьтæ.

* * *

«Знæгтæ стæм мах, кълассон знæгтæ, Дмитри Павлович» (Рябушинский. – Ред.), – загътон æз.

«Цытæ дзурыс, Григори Александрович! Чердыгон знæгтæ стæм мах? Фыссæнт, цы сæ фæнды, уый. Мах та æдзухдæр уыдзыстæм аэродинамиктæ, ракетисттæ. Нæ райгуырæн бæстæ иу йеддæмæ куынæ у!..»

***Токаты Гогки,***
*1956 аз («Дарьял», №1, 2004)*

## ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

♦ Хæларæн ахæмты равзар, æмæ дын афтæ куыд ничи зæгъа, кæйтимæ цæуыс, кæнæ та хæрзтæй цæмæн тæрсыс?

♦ Дæ хæлармæ ахæм цæстæй кæс, йæ цæстæнгас дæхи зæрдæмæ дæр куыд цæуа.

♦ Ныййарæджы бафхæрæгæй ныййарæг скæнын æрдзы рæдыд у.

♦ Арæхстджын æвзаг арф хъуыды кæрды цыбырæй.

♦ Фыдæлты кад æмæ бæркадыл бафтауынмæ куы тырнай, уæд дæ царды мæсыгæн йæ бындур фехæлдтай.

♦ Дæ цард кæстæртæн мысинаг куы нæ уа, уæд дæ райгуырд ницы уыд.

♦ Зæххыл кæд къæхтæ цæуынц, уæддæр фæд зонд уадзы.

♦ Хорз кæстæртæ чи схъомыл кодта, уый æнæ хурæй нæ баззайдзæн.

♦ Кæд сой зæххæй исæм, уæддæр рæзгæ хурмæ кæнæм.

♦ Дон цæуы, дур та, дам, йæ бынаты баззайы, фæлæ доны фæд дурыл дæр бæрæг у.

♦ Йæхи фæллойæ адæймаг хъал нæ кæны, фæлæ кадджын.

♦ Цыбырхъуырæн йæ зонд цирхъау у, кæдæм фæраст уа, уым халгæ кæны.

♦ Хуры рухс цæстытæ уынынц, царды рухс та – зонд æмæ зæрдæ.

♦ Цардаразæг исты куы фехала, уæддæр хуыздæр саразыны тыххæй, цардхалæг та æрмæст йæ ном февдисы.

♦ Зноны хур абоны цард нæ бандавдзæн.

♦ Дæ бафхæрды æфсон дæхицæй куы цæуа, уæд дæ бафхæрæгæн бузныг зæгъ.

♦ Кæд дын зын у, уæд зындæр ранмæ бакæс æмæ дæм дæ раздæры зынтæ дзæнæт фæкæсдзысты.

♦ Хохыл хæрдмæ чи цæуы, рахауынæй дæр уымæн у тæссаг.

♦ Цалынмæ дæм кæстæртæ зондмæ æнхъæлмæ кæсынц, уæдмæ хæссыс хистæры ном дæр.

♦ Уды хъæздыгдзинад зæххæн дæр сой у.

♦ Дæ царды фæндаг дæ кæстæртæн диссаг куы нæ уа, уæд зон: дæхæдæг дæр ыл куырмæй фæцыдтæ.

♦ Хур уый тыххæй не скæсы, цæмæй ды аууон дæттай.

♦ Царды хæстæй дæхи куы суæгъд кæнай, уæд дын тæссаг у иунæгæй баззайынæй.

♦ Цæмæй дæ сомбоныл хуыздæрæй сæмбæлай, уый тыххæй абон цæмæйдæрты зæгъ: æгъгъæд.

♦ Ныййарæгæн йæ хæс фидын –
Дæхицæн у дæ хорз фидæн.

♦ Быныл фæсмойнаг гуырд ныууадзын, –
Ныййарæгæн дыккаг мæлæт.

***Быгъуылты Къола***

# ГЕОРЫ ЭПИГРАММÆ

Бырнацты Барон æй дзырдта. Кæддæр, дам, иу бюрократон къантормæ бацыдтæн цыдæр гыццыл хъуыддаджы фæдыл, фæлæ дзы никæй баййæфтон æмæ тыргъы æнхъæлмæ кæсын, кæд кус-

джытæй исчи фæзынид, зæгъгæ. Иуафон, дам, поэт Хъайтыхъты Геор æрбацыди. Дуæрттæй иуыл рахæцыд æмæ – æхгæд. Иннæуыл рахæцыд – уый дæр æхгæд. Æртыккаг дуар дæр æхгæд куы разынд, уæд Геор хъæрæй дзурын райдыдта:

*Ам иу дуар дæр – æхгæд,*
*У иннæ дæр æхгæд.*
*Нæ бюрократтæ кæд*
*Æрцыдысты ныгæд.*

## ФЫССÆДЖЫ БЛОКНОТÆЙ

* * *

Æбуалгъ аххос-иу ныххуырстой махмæ адæймагыл: Райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй рацыд. Андрей Битов æрæджы йæ интервьюйы загъта: «Райгуырæн бæстæ ныл гадзрахатæй цыди цардцæрæнбонты». Æфхæрæн ныхасы хуызæн у? О, фæлæ раст у.

* * *

Нæ бæстæйы цæрджытæ дыууæ хайыл цæхгæрдих фесты – хъæздгуытыл æмæ мæгуыртыл. Хицæуттæ хъæздгуыты фарс ысты, уымæн æмæ сæхæдæг хъæздгуытæ сты.

* * *

«Уæрæсейы мæгуыртæ фæстаг рæстæджы фесты бирæ мæгуырдæр» («Российская газета»). Хъæздгуытæ та хъæздыгдæр фесты. Уый статистикæ у.

* * *

Черчилль Ленины тыххæй: «Йæ райгуырд дæр æмæ йæ амард дæр æмхуызон æнамонды хос фесты йæ адæмæн».

* * *

Мæ чызджы чызг Катя мын ныфсытæ авæрыны охыл загъта:
– Толстой дæ карæнæй хуым кодта...
Æз бахудтæн:
– Нæ, уæдмæ амарди.
Галя (мæ чызг, фæдзæхсæгау):
– Дæ дада та ма ныр дæр хуым кæны...

* * *

«Цы йæ ‘мбæхсæм, мæгуырау поэзи культурон мæрæн йæ марæг у, зиан ын хæссы, хæдзардзин цæстæй цæмæ нæ кастæуы, уыйау æй сæфтмæ тæры» (О. Мандельштам, «Письма о русской поэзии»). Уый паддзахадон лæджы зондахаст нæу?

* * *

Сэр Уинстон Черчилль Англисы хæстон-денджызон министр куы уыди – хæсты райдайæнæй бирæ раздæр, – уæд афтæ загъта: «Царды цæмæй дæ къухы исты бафта, уый тыххæй хъуамæ дæ хъуыддагмæ **æдзухдæр** иттæг зæрдиагæй кæсай, дæхимæ та æппындæр **макуы** кæсай зæрдиагæй». Æз цы афоризмтæ зонын, уыдонæн ай сæ хуыздæртæй иу у. Хъыг мын у, фæлæ нæ разамонджытæн сæ фылдæр хæст сты бынтон æндæр зондыл.

* * *

«Революци æдзухдæр хъизæмар хæсдзæн æмæ йæ зæрдæ дардзæни «райсомыл». Æмæ-иу æй алы «райсом» дæр фæсайдзæни. Гъемæ уæд рахиздзæн «иннæбонмæ». Революцийы циндзинад нæй. Стæй нæ уыдзæни» (Васили Розанов, «Опавшие листья»).

* * *

Сталины фыдракæндтæ æмæ æнæкæрон репресситæ растыл чи нымайы, уыдонæн фадат радт, уæд суаиккой дзырдхæсджытæ, ахæстонгæстæ, цæстдарджытæ, марджытæ. Уыцы фыдазты коймæ чи фæуыдаист вæййы, уыдонæй та амæддæгтæ рауаид.

***Константин Ваншенкин***

## АНЕКДОТТÆ

* * *

Аргъуанæй зынаргъ кæрц чи радавта, иу ахæм къæрныхы фæцæйкодтой ахæстонмæ. Диоген сæ ауыдта æмæ афтæ:

– Уартæ стыр къæрныхтæ гыццыл къæрныхы фæкæнынц.

* * *

Иухатт Диогены бафарстой, а дунейыл, дам, æппæтæй зындæр циу.

– Хи базонын ӕмӕ хи хъуыдытӕ ӕмбӕхсын, – дзуапп радта Диоген.

* * *

Философтӕ Руссо ӕмӕ Дидро цады былты тезгъо кодтой. Иу ран ӕрлӕууыдысты, ӕмӕ Дидро загъта:

– Ардыгӕй иу ссӕдз хатты мӕхи аппаринаг уыдтӕн донмӕ.

– Ӕмӕ дӕ-иу цы баурӕдта? – ӕвӕлмасӕй йӕ бафарста Руссо.

– Доны-иу мӕ къух атъыстон ӕмӕ-иу мӕм ӕгӕр уазал фӕкасти.

* * *

Цавӕрдӕр поэтгонд газель ныффыста, номдзыд Джамийӕн ӕй бакаст ӕмӕ загъта:

–Хъуамӕ йӕ сахармӕ ӕрбацӕуӕны кулдуарыл баныхасон. Уадз ӕмӕ мӕ ииуылдӕр базоной.

– Ӕмӕ йӕ чи зондзӕни, дӕ фыст у, уый? Кӕд дын йӕ фарсмӕ дӕхи ӕрцауындзой...

* * *

Иу самаркандаг поэт ӕрбацыди Джамимӕ – аныхӕстӕ кӕныны охыл.

– Уӕ сахары поэттӕ бирӕ ис? – бафарста самаркандаджы чидӕр.

– Афтӕ зӕгъынц, нӕ сахары, дам, куыйтӕй поэттӕ фылдӕр ис.

Уӕд Джами дӕр йӕ ныхас баппӕрста:

– Мах сахары та поэттӕй куыйтӕн фылдӕр аргъ ис.

* * *

Иухатт иу схъӕл чиновник йӕ нард усимӕ Петербурджы циркмӕ ӕрбацыд ӕмӕ кассӕйы цур Анатоли Дуровы фӕрсы:

– Зӕгъ-ма, мӕ хур, уӕ цирчы хуытӕ дӕр уыдзӕни?

– Кӕд билеттӕ райсат, уӕд дзы уыдзӕни, – дзуапп ын радта Дуров.

* * *

Номдзыд ахуыргонд Николай Жуковский рохгӕнаг уыд. Иухатт йӕхи хӕдзары ӕрӕмбырд кодта фӕсивӕды, ӕмӕ сын ӕнафонтӕм ныхас бацайдагъ. Уалынджы Жуковский йӕ худ агурынмӕ фӕци, стӕй уазджытӕм дзуры:

– Ӕгӕр бирӕ уӕм абадтӕн, мӕ хӕдзармӕ цӕуын афон мын у.

Цъары фæрстыл:

*2. Къоста.*

*3. Чызг-дидинæг.*

*4. Уарзондзинад.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |


* * *


*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*



Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*



*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 03.10.12. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 333. Цена свободная.*



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компют. – 25-22-47.*



*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247